

Seri:
Ranpli ak Lespri

13 Etid pou
Gwoup yo

•DISIP•
abcde
kwasans nan sentete

JÈN – GRANMOUN



LAVI KI
ranpli ak Lespri a

Mónica Mastronardi

Lavi ki ranpli ak Sentespri a

Mónica E. Mastronardi de Fernández

**Legliz Nazareyen
Rejyon Mezoamerik**



Nivo C - Kwasans nan Sentete
Jèn/Granmoun

Tit: Lavi ki ranpli ak Sentespri a

Liv "Antrènman Disip ABCDE"
Etap C-Kwasans nan Sentete
Sesyon : Ranpli ak Sentespri a
Gid etid pou jèn/Granmoun

Otè: Dr.Monica E. Mastronardi de Fernandez

Kolaboratè:

BSc. Jeël Poveda (leson 4, 5, 6,8)
Dr. Ruben E. Fernandez (leson 12)

Korektè:

Dr. Jerald Rice
Dr. Dorothy Bullon
Dr. Ruben E. Ferdandez

Cette édition est publiée par les Ministères de la Formation de Disciples - Région
Mésioamérique, Eglise du Nazaréen
<http://medfdiressources.mesoamericaregion.org/>

Copyright © 2017 – dwa rezève yo

ISBN: 978-1-63580-071-5

Yo pèmèt repwodiksyon materyèl sa san objektif kòmèsyal, se
sèlman pou itilize pou antrènman disip nan legliz yo.

Tout pasaj bibliik yo soti nan Bib Jerizalèm vèsyon 1992, Sosyete
Bibliik Ini, sèlman kote yo endike lòt vèsyon.

Dizay: Juan Manuel Fernández. Ga (www.Juanfernandez.ga)
Imaj kouvèti a pa Mathew Yeo
Imaj ki nan kouvèti a itilize avèk pèmisyon anba lisans byen komen (Abstrè/Lib).

Tradiktè: Dezama Jeudi
Mise en paj: Bethany Cyr
Enprime nan Etazini yo.



Tab Matyè



Prezantasyon

Kisa Antrènman Disip ABCDE a ye?

Kouman nou ka itilize liv leson sa a yo?

Leson 1: Kilès nou ye epi pou ki rezon n ap viv?10

Leson 2 : Pouvwa peche ki detwi a20

Leson 3 : Wòl Sentespri a jwe nan Sali nou an30

Leson 4 : Pati lòm nan, nan Sali a42

Leson 5 : Sali a : yon eksperyans ki transfòme52

Leson 6: Konpòtman pechè ki merite netwaye62

Leson 7 : Natirèl, chanèl oswa espartyèl ? 74

Leson 8 : Yon anfans long epi danjere86

Leson 9 : Kouman nou ka resevwa onksyon Sentespri a ?98

Leson 10 : Soti nan Simon pou vin Pyè : Chanjman anndan bay rezilta ak onksyon Sentespri a ...110

Leson 11 : Lanmou pafè : Kalite lavi kretyen ki ranpli ak Sentespri a ...122

Leson 12 : Erè ki komen sou lavi ki ranpli ak Lespri a ...132

Leson 13 : Trase plan pou lavi espartyèl mwen ...142



Prezantasyon

Lavi kretyen an se yon kous kontinyèl nan pwosesis antrènman disip, kote ke tout nou menm pran transfòmasyon konfòm ak karaktè Jezikris pa mwayen Sentespri a. Nou tout ki te “fèt yon lòt fwa” nou bezwen patisipe nan pwosesis fòmasyon sa pou nou kapab rive vin kretyen ki genyen matirite epi sen nan tout branch nan lavi nou.

Volim sa a ki genyen kòm tit: Lavi ki ranpli ak Sentespri a epi se premye nan yon seri ki genyen twa volim ki konplete etid de baz yo pou nivo C nan plan antrènman disip ABCDE nan legliz nazareyen nan Rejyon Mezoamerik la. Seri a pote non: Ranpli ak Lespri a epi dire 9 mwa etid. Chak liv genyen 13 leson antrènman disip ki santre yo sou nesite konsolidasyon ak kwasans moun ki fenk vin fè pati kò manm legliz lokal la.

Leson sa yo te ekri sitou pou antrenè disip yo epi nan fason ke li dwe enstwi nouvo gwoup manm yo, yon fason pou ansèyman kapab enteresan, dinamik ak aplikab nan lavi yo. Liv sa yo prezante doktrin ak pratik lavi nan sentete a nan yon langaj ki senp, pratik epi nan menm tan konekte avèk panse nan mond modèn nan. Lavi ki sen an etidye pandan li santre sou:

- a. Chanjman natirèl ak pwogresif yo ki pwodwi nan kretyen an, kòm rezilta aksyon Sentepri a nan lavi li; chanjman ki kapab obsève non sèlman pa limenm, men tou pa tout moun ki nan antouraj li yo.
- b. Lavi ki ranpli ak lanmou Bondye kòm kondisyon endispansab pou sèvi Seyè a avèk pwochen nou yo.
- c. Transfòmasyon pwogresif ak total nan lavi kretyen an konfòm ak model Jezikris la.

Dezyèm liv sa ki nan seri a: Lespri re-oryante nan Kris la, genyen objektif pou gide kwayan idantifye kèk aspè peche ki kapab prezan nan fason li panse ak fason ke mond ki antoure li a panse, pou li kapab abandone yo epi aprann panse kòm Kris la. Chak leson prezante yon nouvo opòtinite pou ke Bondye kontinye travay ak transfòmasyon lespri, afeksyon ak kalite lavi disip Kris la, pa mwayen etid ansèyman Biblik, egzàn, ak anekdot, egzèsis otoevalyasyon, refleksyon, pran desizyon ak etablisman nouvo plan pou kwasans espirityèl.

Se bi priyè mwen pou ke leson sa se ede manm legliz nou yo konprann ak viv estil lavi sen Sovè JeziKris nou an piplis.

*Rev. Monte Cyr
Koòdinatè Ministè Antrènman Disip
Rejyon Mezoamerik*

Kisa Antrènman Disip ABCDE a Ye?



Nan Legliz Nazareyen nou kwè ke fè disip ki sanble ak Kris la nan nasyon yo se fondman travay misyonè Legliz ak responsablite prensipal lidèchip li (Efezyen 4:7-16). Travay antrènman disip la kontinyèl ak dinamik, sa vle di ke antrènman disip la pa janm sispann grandi pou resanblans Seyè a. Lè pwosesis kwasans sa ansante, li fonksyone nan tout dimansyon yo: nan dimansyon endividyèl (kwasans esprityèl), nan dimansyon kòporatif (enkòporasyon nan kongregasyon an), nan dimansyon lavi nan sentete (transfòmasyon pwogresif lavi nou epi fè nou vin sanble ak Jezikris) epi nan dimansyon sèvis la (envesti lavi nan ministè a).

Plan antrènman disip ABCDE a te fèt pou kontribye nan fòmasyon entegral manm legliz nazareyen yo nan Rejyon Mezoamerik. Nan lane 2001 li te kòmanse piblikasyon materyèl pou tout nivo yo. Twa liv koleksyon Ranpli ak Lespri a yo koresponn seri debaz la pou Nivo C a epi yo fèt pou nivo antrènman disip avan yo avèk materyèl ki se Lavi tounèf nan Kris la epi enpòtan pou lavi kretyèn abondan (Nivo B1 ak B2), yo te deja pran plas yo nan kò manm legliz la.

Liv koleksyon Ranpli ak Lespri a yo genyen pou objektif gide nouvo manm legliz la nan fòmasyon entegral pou resanblans Jezikris la. Anmezi l ap kontinye ak etid materyèl sa yo, kretyen an ap kontinye dekouvri branch sa yo nan lavi li ke Jezikris vle transfòme, pou ke Lespri lanmou a kapab ranpli tout lavi li.

Lavi ki ranpli ak Lespri a se kondisyon endispansab pou ke chak pitit Bondye kapab reyalize plan espesyal ke Bondye genyen pou lavi li.



Dra. Mónica Mastronardi de Fernández
Editwa Jeneral Antrènman Disip ABCDE
Legliz Nazareyen-Rejyon Mezoamerik

• Disip •
abocde
Legliz Nazareyen

Nivo A | Apwòchman

Evanjelizasyon

Nivo B | Batèm ak Manm

Antrènman disip pou nouvo konvèti yo

Nivo C | Kwasans nan Sentete

Fòmasyon konplèt pou sanble ak Kris

**Nivo D
Devlopman Ministè a**

Lekòl Lidèchip

**Nivo D
Devlopman
Pwofesyonèl**

Fòmasyon espesyalize nan
estitasyon Teyolojik yo

Nivo E | Edikasyon pou Lavi ak Sèvis

Kwasans total nan limaj Kris la

KOUMAN NOU KAPAB ITILIZE LIV LESON SA A YO?



Liv ou genyen nan men w lan fè pati yon koleksyon ki genyen 3 volim sou tèm “Ranpli ak Lespri a”. Liv sa yo te fèt pou etidye nan lòd sa:

1. Lavi ki ranpli ak Lespri a
2. Lespri ki re-oryante nan Kris la
3. Lavi ki ranpli ak fwi

Wòl koleksyon sa a se ede manm legliz nazareyen yo konnen ansèyman Biblik ki pale sou lavi sen an epi mete li an pratik nan lavi yo chak jou, yon fason pou yo kapab grandi jouskaske yo sanble ak Jezikris.

Konbyen tan etid liv sa kapab pran?

Chak liv genyen 13 leson. Si w kapab etidye youn chak semèn, tout etid la gen pou dire 3 mwa. Gen kèk gwoup ki prefere ale pi dousman epi etidye yon leson nan de semèn akòz de pwoblèm tan. Nan ka sa a, etid liv la ap dire 26 semèn (6 mwa). Sonje byen ke wòl antrènman disip la se pa kouri prese fini ak yon liv, men se pito grandi nan resanblans Jezikris, e pou nou grandi, nou dwe etidye, konprann epi aplike nouvo ansèyman yo nan lavi a. Se sa ki fè planifikasyon tan pou etid chak liv la depi davans se yon bagay ki enpòtan anpil, pou asire aprantisaj pwogresif disip yo.

Pou plan materyèl yo, liv yo kapab itilize nan divès manyè, menm si se ta nan yon ti gwoup oswa pi gwo kantite moun.

Kisa leson yo gen ladan yo?

Chak leson genyen sa ladan li:

- Objektif: Yo mete sou pye objektif aprantisaj yo swete elèv la rive domine nan etid leson an.
- Materyèl: Yo mete lide ki pou eksplike epi fè aprantisaj la plis enteresan.
- Entwodiksyon: Yo kòmanse tèm etid la nan yon fason ki enteresan pou reveye enterè ak patisipasyon elèv yo.
- Etid Biblik: Sa a se sesyon ki plis laj la paske sa gen pou wè ak devlopman kontni leson an. Leson sa yo ekri pandan l ap panse ke se liv la ki antrenè a, se sa ki fè kontni li a eksprime li nan yon fason ki dinamik, nan langaj ki senp epi konekte

ak lide nan mond aktyèl la. Nan sesyon sa a genyen kote pou pwofesè a bay elèv yo pwen pou patisipasyon yo pandan dewoulman leson an (lekti Biblik yo, kesyon yo, egzèsis nan fèy aktivite yo).

- Rezime ansèyman prensipal pasaj ki etidye yo:
- Nan yon espas nan fen an kote yo bay yon rezime tou kout sou sa yo te aprann nan leson an. Rezime sa itil anpil pou itilize nan fen klas la kòm konklizyon oswa nan sesyon sa a pou sonje tèm ki sot analize a.
- Definisyon vokabilè enpòtan yo: Sesyon sa genyen pou objektif eklèsi oswa elaji siyifikasyon kèk tèm ki nan leson an.
- Fèy aktivite yo: Nan fen chak leson genyen paj aktivite sa a yo pou aprantisaj endividyèl oswa an gwoup ki gen pou wè ak tèm ki analize a. Prezantasyon paj sa pèmèt gen kopi ki fèt pou etidyan yo, menm si sa ki plis rekòmande a se pou chak elèv genyen yon echantiyon liv la.
- Lekti ki rekòmande yo: Nan fen fèy aktivite yo genyen lekti Biblik ki baze sou tèm ki etidye yo, ke elèv yo ak antrenè a kapab itilize nan devosyon yo pandan semèn nan.

Ki wòl elèv la?

Elèv la responsab pou:

1. Jwenn liv la epi etidye chak leson avan chak klas. Se sa ki plis rekòmande, toudepann de posiblite chak legliz.
2. Toujou vini nan klas la alè.
3. Patisipe nan aktivite nan klas la pandan l ap konplete Fèy Aktivite yo.
4. Mete Pawòl ansèyman yo an pratik nan lavi li.

Ki wòl antrenè kou a?

1. Prepare w depi davans pandan w ap etidye kontni leson an epi pwograme lizay tan nan klas la. W'ap bezwen genyen nan men w yon Bib avèk yon diksyonè pou w fè rechèch. Ou dwe bay atansyon w ak vokabilè ki itilize nan leson yo, pou w kapab eksplike mo ou apèsi ki difisil pou konpreyansyon elèv yo.
2. Pèmèt ke Sentespri a transfòme lavi w epi mete ansèyman tounèf yo an pratik yon fason pou w kapab sèvi yon egzanzp pou elèv ou yo.
3. Priye chak jou pou objektif chak leson yo kapab vin yon reyalyte nan lavi disip ou yo. Priye pou nesosite espesifik yo chak.
4. Fè kopi fèy aktivite yo bay chak elèv. Konplete aktivite yo depi davans pou w ka abitye avèk egzèsis yo.
5. Prepare materyèl pou klas la depi davans.

6. Fè zanmi ak disip yo, sitou deyò klas la. Leson sa yo genyen pou wòl transfòme lavi moun yo pou ede yo vin sanble avèk Jezi. Chita pale avèk yo pou yo kapab konnen kijan yo kapab aplike ansèyman sa yo nan lavi yo epi pou konnen kòman w kapab ede yo.

Kòman nou kapab anseye yon klas?

Kantite tan pou leson an dire a se 90-120 minit toudepann de kantite elèv ak patisipasyon yo. Si genyen ase kopi liv la, elèv yo ap kapab li leson an depi davans.

Nan devlopman leson an genyen endikasyon pou aktivite yo ke elèv yo patisipe, tankou lekti Bibliik, kesyon pou deba oswa egzèsis pou konplete nan Fèy Aktivite yo.

Swa ke yo kapab chwazi etidye yon leson pa semèn oswa yon leson nan de semèn, nou rekòmande distribisyon tan nan fason sa (pou 90 minit klas):

- 5 minit: Byenvini, fè koneksyon avèk leson ki te pase a epi lapriyè ansanm.
- 10 minit: Entwodiksyon tèm leson an.
- 60 minit: Devlopman leson an. Yo rekòmande sèvi ak mwayen vizyèl tankou tablo, grafik, desen, objè, fèy, pami lòt ankò epi ankouraje patisipasyon elèv yo atravè kesyon; chwazi kèk elèv pou prezante yon pati nan leson an, elatriye.
- 10 minit: Pataje temwayaj ak tan pou lapriyè pou dosye ki déjà mansyone nan leson an (defi, sitiyasyon pèsònèl, pwoblèm, objektif, remèsiman, ak anpil lòt ankò).
- 5 minit: Anons, di orevwa ak salitasyon.



Kilès nou ye epi pou ki rezon n ap viv?

Leson 1



Objektif:

Se pou elèv la:

- Konnen rezon ki fè Kreyatè a bannou lavi.
- Rekonèt ke nou se yon kreyasyon ki espesyal pou Bondye, avèk don ki enpòtan ke nou dwe itilize nan zèv li nan mond sa.
- Pran konsyans ke lavi apa a se fòm “natirèl” pou nou viv rezon ki fè nou te kreye, menm jan ke peche a se yon mal ke moun prann epi se pa yon kondisyon ki tèlman nesèsè pou kreyen an.
- Kreye plan pou mete lavi li pou nan lòd konfòm ak plan Bondye yo pou li.



Materyèl

- Yon kantite de 16 foto animal ak/oswa moun ki granmoun ak foto ti chen yo oswa pitit kote ke yo kapab rekonèt resanblans yo avèk paran yo, kole nan fèy papyè (youn nan chak fèy, papa a nan youn, nan lòt la ti chen yo epi youn apre lòt). Pa egzanp: chen ki ansyen avèk pitit yo. Li pi difisil ke si nou fè yo avèk granmoun avèk pitit yo. Fè efò pou yo kapab wè resanblans yo, pou aktivite a reyalize objektif li. Ou kapab ajoute kèk foto lib tou, oswa sèlman ti pitit la oswa sèlman papa pou ke kèk rete san yo pa jwenn resanblans li.

Nan sesyon sa nou pral pale osijè de rezon ki te fè nou kreye epi sove pa mwayen Jezikris. Poutèt sa nou pral kòmanse etidye pasaj bibliik yo nan leson sa ki pale sou istwa orijin ras limanite pou dekouvri, ki rezon ki fè Bondye bannou lavi? Nou pral konnen ke oumenm avèk mwen nou genyen yon misyon enpòtan pou nou reyalize nan lavi sa, nan favè Bondye ak pwochen nou yo.

Pliske anpil moun inyore oswa bliye objektif sa, Bondye revele nou plan mèvèye sa pa mwayen Pawòl li pou lavi nou epi rele nou antre nan li.

Etid bibliik **11**

1. NOU TE KREYE AVÈK RESANBLANS BONDYE.

[[[Kòmanse etid la pandan w ap mande yon elèv pou li vèsè yo ki nan Jenèz 1:26-27.]]]

De pasaj sa a yo demontre nou de ke noumenm lòm nou pa yon aksidan jenetik; lavi nou pa soti nan egzistans tankou fwi plizyè mil lane evolisyon natirèl, men pito nou se yon kreyati espesyal ki soti nan Bondye "...Seyè a te fòme nonm nan...".

Ansèyman ki plis enpòtan ki repete de fwa nan vèsè 27 la se ke nou te kreye avèk imaj Kreyatè a : "Bondye kreye moun. Li fè l' pòtre ak li. Li kreye gason ak fi".

[[[Distribye foto granmoun yo avèk pitit yo sou yon tab oswa atè a. Mande elèv ou yo pou yo ini chak pitit ak paran yo, pandan y ap swiv resanblans fizik yo. Apre sa mande: Kòman nou te kapab rann nou kont moun ki te pitit kimoun? Repons lan se pral: pou resanblans lan. Mete fen nan egzèsis la pandan w ap di konsa: "Se nan menm fason an Bib la di ke Bondye te kreye nou avèk imaj li".]]]



○ **Reyalize aktivite N0.1 avèk gwoup la ki nan fèy aktivite yo.**

Misyonè veteran Wesley Duewel afime: "Li posib pou nou pa janm konprann kisa sa vle di fèt avèk imaj Bondye jouskaske nou rankontre avèk Jezi nan syèl la".

Pa mwayen de imaj sa, Bondye mete etanp li sou nou chak. San imaj sa, nou pa t ap plis pase pousyè latè. Fèt avèk imaj Bondye a se sa ki bannou idantite kòm manm nan fanmi limanite, limenm ki gen orijin li ki soti nan Kreyatè a. Resanblans avèk Bondye sa a prezan nan chak timoun ki fèt nan mond sa epi malgre li te degrade akòz de peche, jouskaprezan nou kapab apresye li.

¹ Wesley L. Duewel Bondye ofri ou gwo delivrans li. Nappanee, Ind: Kay Piblikasyon Levanjil, 2000. p. 20.

Kèk nan kapasite espesyal ke Bondye te pataje avèk nou yo se: libète pou chwazi, pouvwa pou konprann entèlektyèlman, kapasite pou pale ak lòt moun, pou pataje rèv nou yo, rèv avèk emosyon nou yo. Kantite karakteristik sa a yo ke Bondye te distribye bannou yo pote non “imaj natirèl”.



○ **Reyalize aktivite N0.2 avèk gwoup la ki nan fèy aktivite yo.**

Bondye te kreye nou kòm objè esprityèl

Mo “lespri” vle di “souf Bondye ki bay lavi” (Jenèz 2 :7; Jòb 33: 4 ; Ezekeyèl 37 :9).

Lè Bondye te kreye lòm li te fè li avèk pousyè latè, yon materyèl ki pat espesyal. Sa ki fè gwo diferans lan se te “souf lavi” Bondye a. Sa se limenm ki fè diferans de tout lòt bagay ak objè ki kreye yo. Bondye te mete “lespri” nan nou.

Nou menm lèzòm nou se objè ki gen nati esprityèl. Lespri a se limenm ki fè nou rete vivan. San li nou se matyè ki san valè. Kisa ki pase lè moun nan mouri? Lespri a soti nan yo epi kò yo pa genyen lavi ankò...nan yon titan li tounen pousyè..., Ebyen, kisa ki fè nou kontinye ap viv? Lespri a.

Bondye te pran desizyon pou kreye nou kòm objè esprityèl, avèk kò fizik epi avèk nati lòm. Lespri sa bannou kapasite pou nou viv pou toutan, pi lwen pase lanmò fizik. Nan sans sa a nou sanble avèk zanj yo, ki te kreye anvan ke syèl la, tè a avèk lèzòm (Jenèz 1 :1; Jòb 38 :4-7). Zanj yo te kreye san tach 3 8:viv nan kominyon ki bon epi nan obeyizans renmen Bondye. Zanj yo pa genyen yon kò fizik menm jan ak pa nou an.

Sa fè ke valè lòm nan pa depann de kapasite entèlektyèl li oswa entelijans pou fè gwo zèv; men se pito de lavi sa ke Bondye te transmèt ba li, lè l te soufle lespri pa l sou li.

Se Bondye ki te kreye nou, noumenm lòm avèk yon “espas vid” ke limenm sèl kapab ranpli pa mwayen Sentespri Bondye a. Prezans dirab Lespri sa nan li se te sa ki te fè relasyon lanmou ant li avèk Bondye te pafèt.

Nou te kreye sen menm jan Bondye sen an

Imaj Bondye nan lavi nou ale pilwen, Bondye te pataje atribi moral li yo avèk nou. Sa vle di ke nou te fèt ak kapasite pou nou repwodwi karaktè Bondye nan lavi nou, oswa pou vin menm jan avèk li. Atribi ke Bondye pataje avèk lòm nan genyen karaktè sen li an ladan li, oswa nou te kreye avèk kapasite pou viv nan sentete. Epi tout sa nou genyen soti nan men yon Bondye ki sen. Bondye pa kreye anyen ki pat soti nan pwòp nati sen li a.



○ **Reyalize aktivite N0.3 avèk gwoup la ki nan fèy aktivite yo.**

Nou te kreye avèk nesite pou gen kominyon e relasyon avèk Bondye

Relasyon ki te egziste ant gran paran nou yo avèk Bondye a te bon. Sa ki te fè akonpayman sa posib se te sentete ak moralite yo t ap viv la. Premye koup la te konnen Bondye fasafas epi pale avèk li. Men akòz de peche relasyon sa te kraze. Sèl chemen nou kapab itilize pou rekipere relasyon sa se atravè Jezi ki se Kris la, sèl Sovè a. Jezi se chemen ki mennen moun al jwenn Papa a, sèl moun ki kapab restore relasyon pèdi sa (Jan 14 :6-7).

||| Li Jan 14 :23 la ansanm. Jezi di konsa ke Bondye vle restore relasyon sa avèk chak pitit li yo, men, genyen yon kondisyon, kisa li ye? Se pou nou viv nan obeyisans Pawòl li. |||



o **Reyalize aktivite N0.4 avèk gwoup la ki nan fèy aktivite yo.**

Nou te kreye avèk libète pou nou pran desizyon.

Bondye te kreye zanj yo ak pwòp volonte yo epi yon titan pita li te kreye lòm ak tout libète li pou chwazi. Malerezman nou menm lòm nou fè mechanste avèk libète sa, olye nou sèvi ak li pou nou obeye Bondye, nou chwazi fè sa ki kontrè ak volonte li, nan komèt zak peche epi pèmèt ke sa fè rasin nan kè nou epi vin transfòmè kòm motè volonte nou. Bondye pat inyore sa malgre li te konnen ke lòm avèk fanm nan t'ap trayi lanmou ak konfyans li, Li te riske epi kreye nou ak pwòp volonte nou.

Wi, Bondye te kreye nou ak posiblite pou nou fè peche, men tou li fè nou ak kapasite pou nou aksepte òf Sali a nan Jezi ki se Kris la limenm ki te bannou libète konplèt anba jouk peche a.

2. LAVI TOUT MOUN GEN ENPÒTANS PASKE LI GENYEN YON OBJEKTIF KI SEN

Èske w konn tande plent sa a yo ke pitit ou yo te konn pote? “Papa, m santi m dekouraje...” Jeneralman papa yo kòmanse ap bay kèk konsèy ki “enpòtan” dapre nou menm, yon bagay kote yo ta kapab investi tan an, tankou koupe zèb, bale kwizin nan, ede ti frè a avèk devwa yo, lave machin fanmi an... men repons nou toujou jwenn nan men yo se: “men, sa dekouraje moun”. Èske se paske timoun nan tan kounye a yo vini tou dekouraje? Non, reyèlman sa ki pase yo a se yon bagay ki byen natirèl: yo anvi investi tan yo nan yon bagay ki vrèman fè yo plezi, nan yon bagay ki gen enpòtans..., èske yo pa menm jan avèk nou nan sa? Poukisa se konsa nou ye?

N ap jwenn repons lan nan Jenèz chapit 1.

Nou te kreye pou travay

Kisa Bondye te bay lòm kòm responsablite dapre Jenèz 1 :28 ak 2 :15?

Premye lòd Bondye te pase nonm nan avèk fanm nan se te fè yon gwo travay epi ki te gen yon gwo enpòtans: Ranpli late, gouvène epi prans swen li anba kontwòl Bondye! Se Bondye ki te bay komisyon sa apre li te fin beni yo. Toude lòd yo te bay depi anvan ke peche te antre nan kè lèzòm. Deja ke Adan avèk Èv te gen travay pou yo fè epi yo te genyen anpil kè kontan paske yo te bay lavi yo pou reyalize yon objektif ki te bon, enpòtan ak benefik, se pat sèlman pou yo menm, men tou pou tout èt ki vivan yo.

Yon fason pou pa panse ke travay se yon pinisyon ke Bondye bannou poutèt peche. Anyen anplis de sa ke Bib la devwale nou.

Lè Bondye te fè nou ak “imaj li li te fè li pou nou te kapab “gouvène” sou tout kreyasyon an, oswa pou ke Kreyatè a te kapab pataje travay yo avèk nou. Nan Jenèz 1:26 nou wè inite sa a enseparab: “... Ann fè lòm ak imaj nou pou li gouvène...” Nan premye chapit Jenèz la, yo moutre nou Bondye kòm yon travayè: Li te travay sis jou epi nan dènye a li te repoze pou kontanple bon travay li te fè a. Se konsa, ke refòmateur Ulrich Zwingli (1484-1531) te di: “Pa gen anyen ki nan

linivè a ki egal ak Bondye kòm travayè a”.² Yon fason ke Papa a bannou privilèj pou nou vin travayè menm jan ak li. Noun tout nou genyen travay pou nou fè nan mond Bondye te kreye a. Li enteresan tou pou nou sinyale ke fondatè Legliz Nazareyen yo te chwazi non sa paske li te “senbolize misyon enb ak fòse Jezi ki se Kris la”.³

Travay la se pa yon pinisyon akòz de peche, se yon gwo kado ke Bondye bannou. Travay la fondamantal pou nati nou kòm lòm. Mo ki pi byen dekri responsablite travay ke Bondye bannou noumenm lèzòm se “administratè”. Sa a se pa yon mo nou utilize anpil nan tan jounen jodi a, men se li menm ki dekri pi byen responsablite yo bannou an. Yon administratè se yon moun ke chèf la fè konfyans pou jere tout byen li yo avèk anpil atansyon. Pou devlope responsablite sa a, Bondye bay nou chak kapasite espesyal (talan ak don) epi li bannou yon “pati” nan byen Kreyatè a pou nou kapab pran swen li pi byen toujou, pandan tout tan n ap viv.

Noumenm lòm anpil fwa nou panse ke sa nou genyen se pou nou epi nou kapab sèlman bay Bondye yon pati ladan li. Epi tou, nou gen abitud bay moun valè pou sa yo posede; si sa se ta yon reyalye nan je Bondye, nou patap genyen okenn valè, paske yon administratè se pa mèt sa l ap administre yo. Sòm 24 :1 di konsa: “Se pou Seyè a tè a ye ansanm ak tou sa ki sou li. Se pou Seyè a lemond antye ansanm ak tout sa k’ap viv ladan l’”. Sa vle di ke TOUT bagay se pou Li, wòch yo, plant yo, foumi yo, dlo a, menm lavi nou, tan an, richès nou yo, kapasite nou yo, pwofesyon oswa ofis nou yo, kont nou genyen nan bank la, pitit nou yo, 100% nan tout sa nou ye, sa nou fè, sa nou genyen e menm sa nou pral genyen nan kèk tan.

Se poutan, nan menm tan an, Bib la fè nou konnen ke valè lavi lòm pa depann de richès li posede, men se pito nan fason nou sèvi Bondye nan sa li bay nou chak jere kòm jeran. Kisa ki valè lavi nou ebyen ? Salmis la rezime li konsa nan Sòm 8 :5-6,9 : “Ou fè yo yon ti kras pi piti pase ou, Bondye. Tankou yon kouwòn sou tèt yo, ou ba yo pouvwa ak respè. Ou mete yo pou yo domine sou tou sa ou fè, ou mete tout bagay anba pye yo, Seyè, Mèt nou, se toupatou sou latè yo rekonèt jan ou gen pouvwa!”

Bondye te nome Adan avèk Èv pou yo te vin administratè ak dwa pou yo te bay yon swen lanmou epi responsab tout bagay Bondye te kreye yo. Nan sans sa a, responsablite lòm se, “pran swen” ak “pwoteje” pou sa ki kreye yo rete vivan, ansante epi pou yo miltipliye, nan bay Kreyatè a glwa ak demoutre grandè san enterè li a. Bon administratè a fè travay li menm jan an epi avèk menm lanmou si se Bondye ki t’ap fè l nan plas li.

Nou te fèt pou nou renmen

Yon moun kapab travay anpil epi li pa jwi de sa li fè. Pou anpil moun, travay la vin tounen yon devwa, yon responsablite. Sa kapab pase paske yo travay nan yon plas ke yo pat fèt pou yo travay. Menm moun ki travay nan travay yo te fèt pou yo reyalye yo konn santi yo fatigue paske yo toujou santi yo manke yon bagay ki plis fondamantal: lanmou. Lè pa gen lanmou, nenpòt travay vin tounen yon bagay ki bay depi ak anmè. Nenpòt devwa pèdi valè l, lè se pa avèk lanmou li fèt. Nan premye pozisyon, nou te kreye pou nou renmen Bondye. Bondye renmen nou epi kreye nou avèk kapasite pou nou reponn fas ak lanmou sa. Nou menm nou demoutre lanmou pou Bondye se lè nou adore li, oswa nou fè kil pou li epi eksprime lanmou nou pou li nan chan nou yo, lapriyè epi nan fè bagay ki demoutre rekonesans nou.

² Cited in *The Service to God*, Ben Patterson, Miami: Vida, 1994. p. 11.

³ Cited in *The History of the Nazarenes*, Timothy L. Smith, Kansas City: NPH. p.128.

Lè nou pre Bondye, nou bay ak resevwa lanmou li, lanmou sa a antre nan tout sa n ap fè epi lanmou nou atache ak lanmou Bondye. Nou te kreye pou nou sèvi youn lòt avèk lanmou. Nan pasaj ki nan Matye 25 :37-40 Jezi te anseye ke lòm pa kapab di ke li renmen Bondye si l ap maltrete pwochen li yo. Sa se yon bagay ki enpresyonan, deja si imaj Bondye nan pwochen ou a, sa vin fè moun nan maltrete Bondye menm.

Sèvi lòt moun avèk travay nou se yon pati nan administrasyon nou. Menm Jezi te demoutre nou sa lè li te sèvi nou nan bay lavi li sou bwa kalvè a nan plas nou epi konsa li te soufri pinisyon ke peche nou an te merite. Kolosyen 1 :15 di konsa: “Li se imaj envizib Bondye a”. Nan lang orijinal la, fraz sa vle di “yon reprezantasyon egzat”, yon moun ke Bondye kapab wè fason limenm li ye a. Nan menm fason an, Bondye vle pou nou kapab sèvi moun yo pandan n ap demoutre yo lanmou Bondye ki san fen an epi ki san tach.



.....o **Reyalize aktivite N0.5 avèk gwoup la ki nan fèy aktivite yo.**

Nou te kreye pou nou sèvi ak adore

Nan Bib la yo itilize menm mo a pou fè referans ak travay (oswa sèvis) ke kilt. Mo sa a se “litij” epi li sèvi pou fè referans ak sa nou fè pou Seyè a nan legliz epi nan sèvis ke nou ofri avèk travay nou nan sa n ap fè chak jou yo. Yo toude se fòm de travay epi pou toude nou gen pou nou rann kont devan Bondye. Sa ki enteresan ke Ben Patterson fè nou remake, se ke youn nan okipasyon sa a yo fini ak lanmò fizik, men n ap kontinye egzèse lòt la pou toutan gentan...Reflechi kisa? Nan liv Revelasyon 4 :8 yo pèmèt nou fè yon ti gade sou sa lavi nou gen pou tounen nan tan ki pap janm fini an : Rann kilt ak adorasyon bay Bondye. Lè nou adore Bondye se yon pye nou koumanse mete nan letènite epi letènite sa ranpli nou ak lanmou santach ak esperans epi sa dwe transmèt nan tout sa n ap fè, menm nan ti bagay ki pi senp nan nenpòt travay. Menm lè n ap adore nan chanm nou, nan biwo, nan tanp oswa nenpòt lòt kote, nou mete nou an kontak ak Bondye lavi a.

Wi, Bondye ki bannou lavi a, li te fè nou avèk imaj li, li ranpli nou avèk talan ak don, li ranpli nou ak diyite nan pataje travay kreyatè li avèk nou epi li bannou nesosite ki gen yon anbisyon pou jwi akonpayman ak zanmitay li.



.....o **Reyalize aktivite N0.6 avèk gwoup la ki nan fèy aktivite yo.**

Kapasite sa yo pou travay avèk kè kontan, pou nou renmen Bondye avèk pwochen nou yo ak adore Bondye ak tout kè nou, te kontamine anpil akoz de peche a. se poutèt sa nan tan jodi a moun yo gen plis anvi pou yo dezobeyi pase pou yo obeyi Kreyatè a. Jan nou gen pou nou wè nan leson ki gen pou vini yo, se pa mwayen Jezi ki se Kris la sèlman n ap kapab rejwenn vrè sans ki fè nou egziste.



Definisyon tèm enpòtan yo

- **Adan:** Se premyen lòm ke Bondye te kreye a, nan menm tan tou, se reprezantan kreyasyon tout limanite. Anplis de sa, se non pwòp premye moun ki te kreye ak imaj Kreyatè li a, ak resanblans Li “Ras moun.”
- **Sentete:** Bonte ekstraòdinè, absans mechanste. Se kontrè ak sa ki pa dwat, peche, kòripsyon. Se yon kalite ki soti nan Bondye ki genyen sentete moral li pafè. Premye moun ki te kreye yo te sen menm jan Bondye sen an. Yo pa t janm fè peche, ni yo pat janm wè mechanste nan lòt moun. Sentete orijinal sa pèdi epi kounye a nou kapab vin sen, sèlman si san Kris la netwaye nou epi ranpli nou ak Sentespri a.
- **Kominyon:** Mo sa a nan rasin bibliik li vle di: “Fè pati de yon bagay” oswa “pou yon bagay”. Nou sèvi ak mo sa a pou nou eksplike nou fè pati moun pa Bondye yo oswa se pou li nou ye, epi Bondye pou nou, nou pou Bondye.
- **Ministè:** Li gen relasyon ak “sèvis” ke kwayan an rann Bondye. Ministè a se kapab menm sèvis ke nou fè pou Bondye oswa yon teren espesifik kote nou travay nan kò Kris la avèk objektif pou nou sèvi frè parèy nou yo.
- **Libète:** Se kapasite ke Bondye bay lòm pou l pran desizyon dapre panse li yo, pawòl ak travay epi pran kontwòl pwòp desten li.
- **Administratè:** Yon moun ki gen responsablite pou pran swen richès yon lòt moun ki dwe jwenn bon avantaj.



Rezime prensipal ansèyman pasaj ki etidye yo:

Nou menm lèzòm, nou te kreye avèk imaj Bondye, nou pa yon objè aksidan oswa evolasyon. Bondye mete etanp ak mak li sou nou chak. Nou se zèv Kreyatè linivè a siyen ak pwòp men li, inik epi san parèy, kreye avèk imaj ak resanblans li, sa vle di: avèk volonte, libète, entelijans, kapasite pou pale epi sen.

Imaj Bondye sa nan lòm te vin detwi akòz de peche. Sepandan, Papa a te bay sèl remèd ki kapab ede imaj sa restore: Jezi ki se Kris la,

Pa mwayen Sentespri li, limenm ki kapasite pitit Bondye yo pou nou kapab reyalize objektif ki te fè nou te kreye a.



Fèy aktivite yo

AKTIVITE 1

Kesyon ki baze sou Jenèz 1:26-31 ak 2:7.

1. Dapre Jenèz 1 ak 2, èske gen kèk kreyati vivan oswa objè ki te fèt ak imaj Bondye apre lòm?

2. Ki diferans ki genyen ant resanblans ak egal?

3. Èske Bondye te genyen kèk plan nan lespri li lè 1 te kreye lòm ak fanm nan konsènan wòl yo chak nan kreyasyon an ?

4. Kisa Bondye te fè lè li te fini travay kreyasyon an, dapre Jenèz 1 :28? Kisa sa vle di pou nou konsènan enpòtans nou genyen nan je Bondye ?

AKTIVITE 2

Ranje lis la nan de kolòn. Mete karakteristik ki pwòp ak yon “moun” nan premye a, epi mete nan dezyèm nan, karakteristik ke tout kreyasyon Bondye a posede.

PALE, GRANDI, ANKOURAJE, TRASE, MOURI, GEN KONPASYON, RESPIRE, KONSÈVE, ATRISTE, SEKWE, KONTANPLE BOTE, MANJE, REPWODWI, RENMEN, MALAD, KOURI, DÒMI, KONTAN.

Moun yo sèlman

Tout kreyasyon an

<hr/>	<hr/>	<hr/>	<hr/>
<hr/>	<hr/>	<hr/>	<hr/>
<hr/>	<hr/>	<hr/>	<hr/>
<hr/>	<hr/>	<hr/>	<hr/>
<hr/>	<hr/>	<hr/>	<hr/>
<hr/>	<hr/>	<hr/>	<hr/>

AKTIVITE 3

Ki kalite Bondye genyen epi li vle repwodwi li nan nou dapre Levitik 11:44-45 ak Egzòd 19:5-6?

AKTIVITE 4

Site kèk bagay ou kapab fè pandan semèn sa a pou w ranfòse “kominyon w avèk Bondye”.

AKTIVITE 5.

Dapre sa w aprann nan leson sa sou objektif lavi lòm, fè yon “X” sou repons ki bon yo:

Kisa travay ye ?

Se yon kondannasyon ke lòm dwe souffri paske li te dezobeyi Bondye.

Se yon pati nan benediksyon Bondye pou lòm, ki fèt ak imaj li.

Se ede Bondye nan fonksyon li kòm Kreyatè ak pwotektè lavi.

Sou kisa lavi lòm baze ?

Nan orijin li ki fèt ak imaj Kreyatè a.

Nan byen materyèl li posede yo.

Nan entelijans ak talan espesyal li yo.

Nan fidelite li nan fè sèvis Bondye.

Yon bon administratè se:

Moun ki prewokipe l pou enterè pa l sèlman.

Moun ki pran swen zafè lòt moun pou retire pati pa l la.

Moun ki pran swen richès lòt moun pou ede li avanse nan valè li.

Kilè travay la vin chanje an malediksyon oswa fado?

Se lè li fèt avèk lanmou.

Se lè li fèt avèk motif ki egoyis.

Se lè li benefisye lòt moun.

Se lè li fèt kòm yon devwa.

AKTIVITE 6.

Ranpli bagay sa yo.

1. Site kèk kalite, kapasite oswa talan ke Bondye ba ou pou w kapab devlope fonksyon administratè.

2. Ki chanjman ou ta renmen fè semèn sa konsènan fason w fè bagay yo epi sèvi Bondye ak lòt moun?

Nan relasyon w avèk Bondye: _____

Nan legliz la: : _____

Lakay ou: _____

Kote w travay ak etidye: _____

Lapriyè pou yon moman epi mande Bondye pou l ede w akonpli objektif ke l te ba w yo.

LEKTI KI REKÒMANDE YO

- *Sòm 8*
- *Sòm 100*
- *Lik 11 :42-48*
- *Kolosyen 1 :15-23*
- *1 Pyè 1:13-16*



Pouvwa peche ki detwi a

Leson 2



Objektif:

Se pou elèv la:

- Konnen ke nati peche a doub: tankou aksyon kòm kondisyon.
- Konprann ke peche a genyen yon pouvwa laj ak destriktif ki degrade moun yo, kòwonpi sosyete a epi pote lanmò lakay tout kreyasyon Bondye a.
- Idantifye li avèk dezakò Bondye kont peche ak objektif li ki se detwi li nan lavi pitit li yo.





Materyèl

- Yon jèn miwa ki ka ede w wè tout figi a. Labou oswa lakrè moulen avèk dlo ki sèvi pou sal miwa a.

Moutre elvè yo miwa a byen pwòp epi mande yo, ki itilite yon miwa? (Y a reponn ou ke li sèvi pou nou wè nou jan nou ye a).

Se vre, miwa yo fèt pou moutre nou imaj reyèl de kijan nou wè nou. Anpil nan nou ta vle pou miwa ta moutre nou pi jèn, pi mens, avèk plis cheve, elatriye. ; Men yon bon miwa pa fèt pou bay manti.

Nou te etidye nan leson pase a ke Bondye te kreye nou avèk imaj li, tankou yon miwa ki moutre sa li ye reyèlman. Sa a se pa yon imaj fizik, paske Bondye se yon espri epi li pa genyen kò ki genyen zo avèk vyann menm jan avèk nou; li fè referans ak jan Bondye ye nan karaktè li. Èske w kwè ke lèzòm nan tan kounye yo reflekte karaktè sen Bondye a?

 Èske w kwè ke lèzòm nan tan kounye yo reflekte karaktè sen Bondye a? Kounye a pran miwa a epi sal li avèk labou... epi apre sa mande elèv yo kisa yo wè ladan li. Mande: Kisa ki anpeche miwa reflekte imaj yo? (labou a, salte a...) Kijan imaj la parèt? (Detwi, fad, tache...) Se menm fason tou se peche a ki anpeche nou kapab reflekte imaj Bondye nan lavi nou. 

Nan leson sa a nou pral wè kisa Bib la di sou orijin peche a avèk pouvwa li ki detwi moun.

1. KISA PECHE A YE?

Mo peche (nan lang grèk la se amartia) sa vle di fè erè kont sa ki kòrèk. Lide ke mo sa transmèt se pran move chemen oswa move wout la.

Pou nou defini peche konfòm ak ansèyman Pawòl la nou dwe defini li nan de dimansyon:

a. Peche ke nou komèt: tout panse, zak oswa pawòl ki kont lalwa ak volonte Bondye. Nan sans sa a, komèt peche a se yon zak rebelyon ak dezobeyisans volonte kont lalwa Bondye. Lè nou fè peche, nou twonpe chemen pèfeksyon ke Papa nou te kreye nou pou mache a.

b. Peche nou eritye a: sa se yon kondisyon oswa eta ki abite nan kè tout moun epi ki separe li avèk sentete Bondye. “Semans peche” sa te antre nan lavi nou pa mwayen premye paran nou yo, Adan avèk Èv, nan tout ras limanite. Peche sa kòm eta, ankouraje moun yo komèt zak peche epi fè yo anvi fè sa ki mal (Women 7 :8). Bib la avèti nou ke “Move semans” sa ap toujou la nan lavi chak timoun ki fèt si li pa remèt lavi li bay Kris la, peche a ap kontinye grandi ak gouvène lavi li. (Women 6 :12).



.....o **Reyalize aktivite NO.1 nan fèy aktivite yo.**

2. KI ORIJIN PECHE A ?

Menm jan limyè a kontrè ak fènwa, peche a kontrè ak sentete a. Bib la di nan 1 Jan 1 :5, 3 :5 ke okenn fènwa oswa peche pa soti nan Bondye. Bondye sanpousan sen, li sen toutan, sentete li pa chanje, li pap janm fini epi li san tach. Se poutèt sa nou kapab deklare avèk tout fòs nou ke peche a pa soti nan Bondye, li pat janm genyen nan lespri oswa kè li objektif pou l kreye peche, oswa yon mond kote ki ranpli ak peche. Tout sa li te fè se te nan tèt ansanm avèk li epi genyen orijin li nan menm nati sen li a. Se poutèt sa Bib la di ke Bondye pa tante pèsòn (Jak 1 :13).

Pechè a genyen orijin li nan satan. Bib la di ke satan gen pouvwa pou l dirije lespri ak kè lèzòm pou yo kapab kanpe kont plan Bondye yo. Se poutèt sa Jezi te reprann Pyè lè li te kite satan “ranpli tèt li” avèk move lide yo. Kilès satan ye? Bib la pa bannou anpil enfòmasyon sou orijin satan, paske li plis jwe wòl pou moutre nou chemen Sali a.

Dapre sa ki ekri, Satan se te youn nan zanj Bondye te kreye yo (Jozye 1:6). Nan liv pwofèt Ezezyèl 28 :12-17 ak Ezayi 14 :12-15 di ke wa peyi Ti ak Babilòn yo te kite Satan dirije yo. Nan pasaj la, istwa wa sa a yo melanje avèk istwa orijin satan: kouman yon zanj ki nan fè sèvis pou Bondye, kite ògèy moute nan tèt li epi vin tounen lènmi Bondye (1 Timote 3:6; Ezayi 14:13,14). Lè Satan te soti nan syèl la tonbe atè, li te pèdi plas li te genyen bò kote twòn Bondye a, li te konvenk yon bann lòt zanj pou yo te fè yon gwoup pou domine fòs esprityèl mechanste a (Efezyen 6:12).

Men nou dwe fè atansyon pou nou pa mete Bondye nan menm pozisyon ak Satan. Bondye gen tout pouvwa, epi satan gen pouvwa limite; Bondye konn tout bagay, konesans satan limite, Bondye tout kote, pa gen espas ki limite li, Satan limite pou l yon sèl kote alafwa. Sepoutèt sa li nan obligasyon pou li fonksyone pa mwayen demon yo, yomenm ki chèche enfòmasyon pou li ak obeyi volonte li.

Ansèyman nou genyen konsènan dyab la avèk fason li aji nan Bib la plis fè pati ansèyman Jezi yo. Pou nou rete lwen enflyans satan yo, li nesèsè pou nou konnen estrateji l ap itilize yo pou l elwaye nou de volonte Bondye. Jezi te anseye ke Satan se papa tout mansonj (Jan 8:44). Se limenm ki moutre lèzòm bay manti ak twonpe moun. Li se orijin rayisab ak tout sa ki kont lanmou ak sentete. Li elaji tout riz li yo kont Bondye, kont legliz la e kont tout moun. Objektif li se detwi plan Bondye yo epi vòlò glwa ke sèlman Bondye merite.

Pechè a te antre nan ras lòm lè satan te sedi Adan avèk Èv pou yo te kite ògèy antre nan kè yo epi dezobeyi volonte Bondye (Jenèz 3:1-6). Sepandan, akòz de koze sa a, Bondye pa t abandone, ni detwi nou.

Estrateji Satan yo pa chanje; li twonpe lèzòm pou yo mete volonte egoyis yo pi wo pase volonte Bondye. Lèzòm panse y ap egzèsè libète yo lè y ap viv nan peche, yo inyore lide yo pran nan pèlen Satan epi vin tounen esklav peche.



.....o **Reyalize aktivite NO.2 nan fèy aktivite yo**

3. POUKISA NOU FÈ PECHE?

Jan nou te wè sa nan pwèn ki pase yo, peche a genyen orijin li nan Satan paske se limenm

ki sedi nou pou nou dezobeyi volonte Bondye. Metòd sa Satan itilize pou devye nou de volonte Bondye a rele “tantasyon”.



Reyalize aktivite N0.3 nan fèy aktivite yo

Satan itilize ògèy, anbisyon ak egoyis lòm pou tante li. Baz tout peche se egoyis la ki fè nich nan kè lòm. Nan Jan 2:16 yo demoutre nou ke tantasyon an kapab vini sou twa fòm:

- a. Gwo “anvi” pou satisfè pwòp enterè egoyis nou. Sa se lè n ap pran desizyon, nou aji epi toujou panse avèk pwòp tèt nou anvan, vòlò plas ki pou Bondye nan lavi nou. Mantalite “Mwen menm anvan sa a” pote non “ego chanèl” (oswa vis move anvi) ki se peche. Sa se volonte lòm, ki olye pou l viv anba volonte Bondye, li prefere viv nan rebelyon ak endepandans li. Moun ki panse nan fason sa viv pou satisfè dezi lachè oswa, dezi fizik yo.
2. “Anvi genyen sa nou wè yo” fè referans ak rasanble byen materyèl, bagay depi nou wè yo, nou vle posede yo epi gen yon lanbisyon ki reveye nan kè nou, move lide, avaris ak lòt kalite peche.
3. “Vanite lavi” fè referans ak fason nou viv nan abondans pou fè moun wè, ak gwo lanvi pou posede tout bagay.

Lè Adan avèk Èv te peche, yo lakoz tout ras limanite vin anba kontwòl peche ak pwòp dezi li yo, yomenm ke yo swiv pou satisfè bezwen yo san yo pa menm panse ak Bondye avèk plan li yo pou lavi yo. Kòm konsekans, lòm te vin tou kontamine avèk yon fòs k ap trennen li epi ankouraje l fè sa ki mal.

Yon etid pwofon sou tantasyon Adan avèk Èv avèk pa Jezi a pral ede nou dekouvri ke tantasyon an toujou ankouraje nou meprize otorite Bondye epi viv lavi nou lwen volonte li.

4. POUKISA PECHE A TÈLMAN MAL ?

Bib la bannou verite a. Lè nou fè yon ti gade nan antouraj nou, nou kapab rann kont kijan peche a la ap detwi lavi moun yo, fanmi ak sosyete a. Peche a se te epi ap toujou rete pi gwo mal ke nou menm lèzòm nou dwe fè fas.

Peche a fè pati twa pi gwo tèm ke bib la pale: 1-Bondye, 2.Peche, 3. Sali a ki te vini pa mwayen Jezi ki se Kris la. Satan eseye twonpe nou lè li fè nou kwè ke peche a yon bagay ki san enpòtans, men Bib la anseye nou ke peche a se yon mal ki tèlman gwo, pou li soti nan kè lòm, lanmò premye Pitit (oswa sèl pitit) Bondye a Bondye a sou kwa a.

Poukisa Bondye te fè sa ? Li te fè sa paske konsekans grav peche a ale pi lwen pase moun nan, li anvayi sosyete a ak tout kreyasyon Bondye a tou.

Bondye te voye Pitit li a paske peche a te bezwen yon solisyon epi se sèl Bondye ki te kapab bay li. San yon entèvansyon ki soti bò kote Bondye peche a t ap lakoz nou detwi pwòp tèt nou avèk tout latè ansanm avèk nou. Ann gade sa Bib la anseye nou osijè de konsekans sa yo:



Reyalize aktivite N0.4 nan fèy aktivite yo

Peche a separe nou avèk Bondye

Akoz de peche a, Adan avèk Èv te pèdi prezans Sentespri a ki te abite nan lavi yo. Sa pèmèt ke yomenm ak tout jenerasyon yo dozado avèk Bondye. Sa se epi se pral pi gwo trajedi istwa lòm epi se sa ki koumanse soufrans tout abitan planèt la. Peche a separe nou avèk Kreyatè a. Women 3 :23 di konsa: "...Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a. Peche a separe nou de Bondye nou an paske li sen epi tout peche, menm si li te gwo oswa piti, se tankou yon mi divizyon ant Bondye avèk nou.

Pi gwo doulè ke lòm ka andire nan lavi sa se viv lwen Bondye. Pliske li te kreye pou Sentespri a viv nan li ak viv nan tèt kole ak plan Bondye yo, lòm, kounye a dozado ak Bondye akòz de peche li, li pa kapab jwenn satisfaksyon pou gwo swaf ak grangou espirityèl ke sèlman Bondye kapab ranpli epi sa anpeche li viv ak kè poze konplètman.

Se te premye koup la ki te viv move eksperyans sa anvan: yo te pèdi kondisyon yo kòm pitit Bondye. Libète pou sèvi Bondye a te vin chanje pa mwayen esklavaj peche; lajwa a te chanje an wont, konfyans te vin chanje an krent. Malgre Bondye renmen yo, li pat kapab bliye peche ki te etabli nan lavi yo a.

Peche a pwodwi kilpabilite

Lè Adan avèk Èv te fè peche a, gen yon vwa nan konsyans yo ki te fè yo wè erè yo te komèt la lè yo te dezobeyi Bondye a. Se poutèt sa yo te santi wonte ak pèrez pou yo te rankontre ak Kreyatè a pou resevwa konsekans zak yo te fè a.

Kilpabilite a se santiman ki fè nou rann kont de ke nou fè yon bagay ki mal nan je Bondye, oswa nou vyole lalwa Bondye a ak pwòp konsyans nou. Kilpabilite sa se vwa ki anndan ke Bondye mete nan nou pou fè nou sonje ke peche a gen konsekans li epi li asosye ak santiman wont ak remò pou sa moun nan fè a.

Kilpabilite a fè nou santi nou responsab peche a. Adan avèk Èv te eseye lage chay peche a sou lòt moun, men okenn moun pa kapab responsab peche nou, sèlman si li asosye ak patisipe nan peche sa. Nou kapab wè ke nan anpil okazyon Bib la kondane tout nasyon ki te fè peche kont Bondye yo (Matye 10 :5; Lik 11 :29-32).

Tout moun kapab santi yo antò lè yo fè peche, sepandan gen anpil moun ki devlope yon kapasite kote yo fè "konsyans yo" di epi yo meprize vwa k ap pale andedan yo a k ap anonse yo move chemen y'ap mache a. Efezyen 4 :8 anseye nou ke peche a bouche entelijans lan, li konvenk nou ke sa se yon bagay ki san enpòtans epi ki pa gen gwo konsekans.

Sepandan, menm si konsyans yon moun nan somèy, li kontinye responsab pou peche li yo. Bib la avèti nou ke yon jou chak moun gen pou rann kont devan Bondye pou aksyon li yo epi pinisyon Bondye a se pral dapre peche a.



.....o **Reyalize aktivite N0.5 nan fèy aktivite yo**

Sèl fason pou yon moun libere anba kilpabilite a se konfese peche yo devan Bondye. Adan avèk Èv te konfese peche yo devan Bondye men malgre sa yo te oblije peye konsekans lan, yo te jwenn padon. Pi gwo fason nou kapab santi nou delivre anba kilpabilite a se lè nou jwenn padon

nan men Bondye.

Nan Ansyen Testman, Bondye te etabli sistèm sakrifis ki te pèmèt moun yo te mande Bondye padon, yo te jwenn padon epi libere anba peche a. Ofrann peche a te boule, ki vle di detwi, pran plas pechè a. Sakrifis sa yo se te yon rapèl de Mouton Bondye a ki tapral vini nan mond sa, pou pran pinisyon ke peche nou an merite. Jezikris te efase peche nou an epi evite gwo pinisyon ke nou te merite a. Se gras ak Jezikris ki te bay lavi li nan plas nou, kounye a, nou pa bezwen ofri sakrifis pou nou ka jwenn padon, men wi, nou repanti epi rekonèt peche nou devan Bondye.

Peche a bay lanmò

Peche a kòm kondisyon ke ansyen paran nou yo te transmèt nou, li pote non “depravasyon”. Depravasyon an vle di yon bagay ki kòwonpi, pouri, gate. Depravasyon sa se sa ki kontrè ak sentete Bondye. Separasyon sa avèk Bondye ki bay lavi a, te bay nesans ak yon pwosesis final ki mennen nan lanmò.

Se menm jan avèk yon espas kote yo dekonekte machin ki konekte yo ki te pèmèt li rete limen an, separasyon Adan avèk Èv de Bondye te bay yon koumansman ak lanmò espiyèl pou tout ras limanite. Yo te vivan fizikman men yo te mouri paske yo pat kapab nourri nan sous ki bay lavi a.

Lasyans nan tan modèn nan bay prèv ke menm depi anvan nou te fèt, kò nou te koumanse yon pwosesis degradasyon ki finalman, kèk ane aprè, fini ak lanmò fizik la. Li sanble yon paradòks, epoutan depi lè nou fòme nan vant manman nou, kò nou koumanse vin vye. Aprè nesans lan, chak jou gen selil mouri ki detache soti nan kò nou, gen kèk ki refèt ankò, gen lòt ki pa refèt apre sa, menm sa ki te renouvle yo sispann fè li epi fini ap maltrete sante nou. Se menm bagay la ki pase ak lanmò espiyèl la. Depi jou nou fèt la, chak lòm genyen yon desten ki tou make: lanmò. Sèlman si nou ta tounen vin jwenn Bondye, “depravasyon” sa ap domine nou pi plis chak jou, kontwole panse nou, fè konsyans nou vin di, fè rezon nou vin fèb, fè nou viv anba esklavaj peche ak Satan.

Kreyen an jwenn padon, men li pa kapab retounen nan inosans orijinal Adan avèk Èv, paske li konnen peche a, menm si li pa pratike l. Chak timoun ki fèt nan mond sa avèk enklasyon pou li komèt peche nan kè li. Li inosan paske li pa komèt peche a, men li pa sen.

Eta depravasyon sa se pa pinisyon pou peche a, men se pito konsekans li. Jenèz 2 :7 di konsa ke pinisyon ke Bondye etabli pou peche a se lanmò. Sa se salè oswa retribisyon ke jistis Bondye mete sou do pechè a. Nou dwe sonje ke se Bondye ki trase tou lalwa k ap dirije mond lan, nan sa ki natirèl tankou moral.



.....o **Reyalize aktivite N0.6 nan fèy aktivite yo**

Menm jan Bondye ki se sèl moun ki sen konplètman nan linivè a, li etabli lalwa pou ke lèzòm viv dapre yomenm. Dezobeyisans oswa vyolasyon lwa sa merite jijman Bondye epi pinisyon li etabli pou peche a se lanmò.

Kijan nou kapab konprann ke Bondye kapab pini yon moun avèk yon pèn ki tèlman grav? N ap jwenn repons lan nan lanmou Bondye ki sen ak jis. Si Bondye sispann ajì avèk jistis, li ta sispann sen tou. Sentete ak jistis Bondye se yon bagay ki serye. Bondye pa kapab viv oswa sal kò li avèk anyen ki sal oswa ki kontamine avèk peche. Pèn lanmò pou peche a genyen ladan li, lanmò fizik ak lanmò espiyèl avèk lanmò etènèl. Desten etènèl moun ki pa viv bò kote Bondye nan lavi sa, se separasyon ak Bondye pou toutan avèk lanmò.

Peche a detwi relasyon yo pami lèzòm

Tout moun wè kijan sosyete a ap detwi: mil ane sivilizasyon sèvi lòm aprann detwi chak jou piplis epi byen vit. Lavi moun vin pèdi valè pou lòm, timoun yo abandone, moun ap eksplwate, sèks vin tounen yon objè moun konsonmen. Krim, vyolans ak depravasyon moral la anvayi lari, lekòl ak mwayen kominikasyon yo. Lalwa sa ki pi fò yo, oswa sa ki pi rich yo domine kontra lèzòm ak akò entènasyonal yo, pandan plizyè milye moun ap mouri anba lagè, anba grangou ak maladi. Sa ki pi tris nan pifò ka yo se lanmò yo te kapab evite avèk yon distribisyon pi “imanite” nan resous yo.

Peche a gaye lanmò nan mond lan

Destriksyon planèt nou an se nouvèl nou tande chak jou nan mwayen kominikasyon nou yo. Lòm konvèti mond nou an an yon dezè difisil, an dlo kontamine ak atmosfè sal epi avèk yo tout sa ki vivan ki depann de yo pou yo viv. Sa a se paske peche a genyen yon pouvwa ki eksplozif.



Reyalize aktivite N0.7 nan fèy aktivite yo

Lè premye koup la te peche, Bondye te konnen ke peche a tapral gaye nan jenerasyon li yo epi konsekans li patap senp, ni pou Li, ni pou lèzòm. Jistis li te aplike sou lavi yo epi yo te oblije fè fas ak konsekans yo. Men Bondye pat abandone nou nan peche nou yo: depi la li te kòmanse fè plan Sali nou an. Plan sa te reyalize lè Jezikris te vin mouri pou peche tout limanite ak lè Sentespri a te kapab retounen finalman vin abite nan kè pitit Bondye yo.

LEKTI KI REKÒMANDE YO

- *Women 1:16-32*
- *Women 2:1-16*
- *Jan 1:29-34*
- *1 Jan 1:5-10*
- *Revelasyon 20:11-15*



Definisyon tèm enpòtan yo

- **Satan:** Nan lang ebre li vle di “advèsè”. Li rele tou “dyab la” ki vle di fo akizatè. Li akize Bondye nan anseye moun bagay ki pa vre sou Li (Jenèz 3 :1-7); li akize moun devan Bondye tou (Jòb 1 :9, 2 :4). Lòt non li resevwa se : Apolyon (destriktè, Revelasyon 9:11); Bèlzeboul (Matye 12:24); Belyal (Jan 12 :31); dye syèk sa (2 Korentyen 4 :4); prens mond sa (Jan 12 :31); prens pwisans anlè a (Efezyen 2 :2); koulèv ansyen an (Revelasyon 6 :16) ak Zetwal nan maten (Ezayi 14:12).
- **Peche pèsònèl:** Tout desizyon ak zak lòm komèt avèk pwòp konsyans li kont volonte ak objektif Bondye. Peche a genyen ladan li anvi pou fè rebel kont plan Bondye yo, pou viv dapre pwòp dezi l yo (Women 6:7-11 ; 7 :15 ; 8 :10)
- **Peche orijinèl oswa eritye:** Kondisyon ki antre nan ras lòm lè premye paran yo te peche kont Bondye. Kondisyon sa ankouraje lòm viv pandan l ap gouvène pwòp tèt li epi chèche pwòp satisfaksyon li. Li rele tou depravasyon, peche depi nan vant.
- **Lanmò fizik:** Sa fèt nan moman kote ògàn kò nou yo sispann fonksyone epi lespri a kite kò a. Kò fizik la, chè a, zo yo, san an vin detwi, men lespri moun nan pa mouri, men pito li kontinye egziste nan yon eta somèy pou rive jouk nan jou rezirèksyon mò yo kote chak moun pral jije devan Jezikris epi resevwa rekonpans ki jis nan men Bondye selon sa li te fè nan lavi sou tè sa.
- **Lanmò espiyèl:** se eta aktyèl moun k ap viv nan peche epi anfen separe avèk Bondye, sous lavi a. Menm si moun nan gen lavi fizik la, si Lespri Bondye a pa viv nan li, li mouri déjà, paske lavi l ap mennen nan peche a moutre ke li meprize lavi etènèl ke Bondye ofri pa mwayen Jezikris la.
- **Lanmò etènèl:** se destriksyon lespri a konplètman. Li gen pou wè ak moun ki meprize Sali a ke Jezikris te ofri epi kontinye nan dezobeyisans devan Bondye pandan lavi fizik yo. Lanmò espiyèl sa ap rive reyalize aprè jijman Bondye a, lè Satan, demon avèk tout lènmi Bondye yo jwenn pinisyon pou rebelyon yo. Se kontrè ak lavi etènèl ke pitit Bondye yo ap resevwa.



Rezime prensipal ansèyman pasaj ki etidye yo:

Lòm te kreye pou l te viv nan kominyon avèk Kreyatv li, men li te tonbe nan pèlen Satan epi akòz de dezobeyisans li, li te pèdi relasyon zanmitay li avèk Bondye. Sentespri a pat kapab rete abite nan lavi yo pou toujou epi peche a te rive pou l enstale li nan ras limanite ak tout konsekans grav li yo.

Chak moun ki fèt eritye move kondisyon sa ki fè li peche pou ale pilwen chak jou piplis de Kreyatè a ak plan li yo pou lavi li. Peche sa ki rasinen nan kè lòm pa sèlman detwi moun nan, men tou relasyon li yo epi kontamine tout sa ki antoure li.

Men, gen esperans pou limanite, paske Bondye trase yon plan pou delivre nou anba peche ak epi sove nou anba pouvwa destriktif li a pa mwayen Pitit li a Jezikris. Lòm kapab resevwa padon pou peche li konplètman; sèlman avèk repantans, mande padon, resevwa Jezi kòm Seyè ak Sovè pèsònèl li epi pèmèt Sentespri Bondye restore lavi li epi ede l viv konfòm ak volonte Bondye.



Fèy aktivite yo

AKTIVITE 1

Li vèsè sa a yo epi ekri pwòp definisyon pa w konsènan peche. (Women 6:12; 1 Jan 3:4; Jak 4:17)

AKTIVITE 2

Kisa Bib la anseye nou osijè de wòl Satan nan tan kounye a? Avèk sipò vèsè ki sinyale yo, reponn kesyon sa yo.

1. Kisa Satan fè pou l elwaye moun lwen Bondye? (2 Korentyen 4:4)

2. Kisa Satan ofri moun ki vle sèvi li? (Matye 4:8-10)

3. Kimoun ki mete limit ak aksyon Satan yo nan lavi kwayan an? (Lik 22:31)

4. Kilès Satan itilize pou l reyalize rèv li yo? (Efezyen 2:2)

5. Kisa Satan fè avèk moun nan lè l fin pouse l komèt peche? (2 Pyè 2:19)

AKTIVITE 3

LI PASAJ KI NAN JENÈZ 3:1-6 EPI KONPLETE PAWÒL SA YO KI MANKE NAN FRAZ YO SOU METÒD KE SATAN ITILIZE POU TANTE LÈZÒM, PANDAN W AP CHWAZI PAWÒL KI KORESPONN YO NAN LIS SA:

DOUT, EGOYIS, APETI, MANTÈ, ENDEPANDAN, FEBLÈS, BAY MANTI.

1. Satan itilize _____ natirèl ak inosan avèk _____ yo pou reyalize plan li yo.

2. Satan anseye _____ sou Bondye ak Pawòl li.

3. Satan _____ sou bon entansyon Bondye yo epi fè Bondye pase pou _____.

4. Satan ap goumen pou fè moun vin tounen _____ Bondye.

AKTIVITE 4

Fè yon lis konsekans imedyat pou zak peche ke Adan avèk Èv te komèt la selon Jenèz 3 :14-24.

AKTIVITE 5

Reponn kesyon sa yo dapre referans bibliik ki mansyone yo.

1. Kouman Adan avèk Èv te eseye soti anba kilpabilite a ?

2. Women 5:1 ak 8 :1, Ki sèl fason pou yon moun libere anba kilpabilite ?

AKTIVITE 6

Site kèk lwa natirèl ke Bondye trase ki bay kreyasyon an ekilib.

AKTIVITE 7

Anba a se yon anekdot otè a, li demontre gwo pouvwa peche a.

Èske nan kèk okazyon w te pase bò kote yon chen ki mouye lè li kòmanse ap souke kò li? Lakay mwen nou te genyen plizyè chen tankou maskòt pandan plizyè ane. Gen yon lè nou te genyen yon chen nan ras kokè espanyòl ameriken, li te rele Trasi. Kòm se mwen menm ki te toujou rete lakay, yon jou mwen t ap benyen li epi kòm li pat twò gwo, li te kapab antre nan lavabo a. Se te difisil pou m te reyalize objektif la paske li te vle soti nan lavabo a chak tatan pou souke plim li yo ki te mouye anpil, se konsa nan pwosesis la li te benyen m tou. Lè m te resi fini, li te wouze tout bagay ki te nan antouraj li yo: Mi, machin lave, atè a, rido, fenèt, rad pwòp, anfen, figi m avèk cheve mwen!

Aprè m fin fè bèl eksperyans sa yo avèk yon chen ki gen gwo plim, nou vin gen boksè. Chen mwen genyen pou kounye a rele Brownny (wi mwen manje tibonbon mwen yo, devine poukisa?), li gwo anpil epi nou benyen li anba douch beny lan. Kòm se yon ras ki dou, n ap genyen batay la: li obeyisan anpil epi lè nou fin benyen li, nou fèmen rido douch la epi apre sa nou di li : Brownny souke kò w kounye a! Déjà mwen pa netwaye tout lavabo a, se sèlman douch la.

Men se byen diferan ke lè nou benyen li nan jaden an avèk kawoutchou a, la a, nou kouri anvan epi nou di li pou l souke kò li! Nou pa toujou rive chape poul nou anba lapli a, yon fason pou nou kapab benyen noumenm nou ka retire “sant chen an” sou nou epi pou n vin genyen sant moun.

Menm jan chen yo pa pakab rete san yo pa souke kò yo a, se menm bagay la ki pase avèk peche a, lòm pa kapab evite ke peche li gaye toupatou epi antre nan tout sa li manyen ak sa li fè.

Dr. Monica E. Mastronardi de Fernandez



Wòl Sentespri a nan Sali nou an

Leson 3



Objektif:

Se pou elèv la:

- Konnen kouman gras Bondye manifeste pa mwayen Sentespri a pou mennen nou fè rankont avèk Kris.
- Konprann sa Sentespri a fè lè li vin abite nan lavi nouvo kwayan an.
- Evalye si se vre eksperimante travay nouvo nesans nan Sentespri a.



Materyèl

- Mas plastik eskolè (ki pote non plastisin oswa plastilin) sifi pou ke chak elèv kapab fè yon ti nounous.

Prezante pwoblèm sa devan klas la:

Imajine w ke w dwe ale yon kote w pa konnen epi pase nan yon chemen w pat janm konn pase déjà e anplis de sa gen danje sou wout la ak deviyasyon. Kounye a, ou genyen de opsyon pou w rive kote w vle ale a: yon kat jewografik yon zanmi fè pou ou avèk flèch epi siyal oswa prezans lòt zanmi ki konn chemen an e ki ofri w pou l akonpanye w ak gide w. Kisa w t ap chwazi oumenm? Ki gid ki plis konfyab: kat jewografik la oswa moun ki pou vwayaje avèk ou a?

Se moun nan, pavre ?

Nan leson sa, nou wè ke se sa Sentespri a fè. Li se moun ki soti nan Bondye ke Jezikris te voye pou moutre nou chemen Sali a. Si nou aprann epi rekonèt vwa li ak obeyi enstriksyon li yo n ap rive nan letènite san mank.

Etid bibliik

1. KILÈS SENTESPRI A YE ?

Sentespri a se yon moun

Kisa yon moun ye? Lè nou eseye defini “moun” nou fè referans ak sa ki gen pou wè avèk kapasite entèlektyèl, emosyonèl ak espirityèl ki pa gen anyen pou wè ak pati fizik oswa materyèl lòm.

Pa egzanp, nan Efezyen 4 :30 nou wè ke Sentespri a se yon moun ki kapab atriste. Mo “atriste” vle di “koze blesi oswa tristès” e pa gen moun sa kapab rive si l pa yon moun.

Nan Travay 13 :2 nou wè ke Sentespri a te pale avèk kretyen nan legliz Antyòch yo pou yo te voye Pòl ak Banabas kòm misyonè pou preche levanjil nan lòt vil yo.

Sentespri a se yon moun ki soti nan Bondye, ki genyen kapasite pou l abite nan lavi nou epi pale avèk lespri nou pandan l ap ede nou viv nan sentete.

 Li Women 8:14 ansanm: “Paskè, tout moun Lespri Bondye a ap dirije, se pitit Bondye yo ye”. 

Sentespri a omnipotan ak souverèn



Reyalize aktivite N0. 1 nan fèy aktivite yo.

Sentespri a se Bondye, menm jan ak Papa a avèk Pitit la Jezikris. Se menm jan Bondye genyen tout pouvwa ak otorite pou l travay nan lavi nou epi fè entèkansyon li nan dosye lèzòm. Jodi a Li aji pandan l ap ede pèp Bondye a pou ke levanjil Jezikris la kapab gaye jewografikman epi plis moun kapab konnen Seyè a kòm Sovè epi sèvi li avèk lavi yo.

Sentespri a genyen pouvwa ak otorizasyon pou li travay lè pitit Bondye yo dakò pou Li itilize yo. Malgre li se Bondye ki gen pouvwa ak otorite, li respekte desizyon nou epi li sèlman kapab aji nan lavi nou lè li jwenn dispozisyon pou kopere avèk Li.

2. KISA SENTESPRI A FÈ POU DELIVRANS NOU AN?

Li fè nou rete vivan

Lè Adan avèk Èv te peche, Bondye te mete yon plan sou pye pou sove limanite epi mennen yo vin jwi lanmou li yon lòt fwa ankò epi viv dapre volonte li. Lanmoun Bondye sa ki atire nou rele “gras”.

Gras Bondye sa se limenm ki pèmèt lèzòm kontinye ap viv-menm si yo mouri nan peche espirityèlman-epi pou yo genyen opòtinite pou konnen ak aksepte chemen Sali a ke Kris ofri.

Se gras Bondye a ki pèmèt lavi kontinye nan mond sa epi nou kapab kontinye respire.

Gras Bondye a se sa ki bay lèzòm posiblite pou yo konsève kèk kapasite ke yo te kreye kòm imaj Bondye, tankou sajès, kapasite pou santi mizèrikòd, solarite, renmen, envante bagay enpòtan, ekri lalwa ki kòrèk, onè, zanmitay, jantiyès, entelijans pou kreye, chèche Bondye nan moman nesite oswa vle konnen orijin lavi avèk kisa ki objektif egzistans yo.

Se Sentespri a ki administre gras la epi se menm gras la ki fè limanite pa vire tèt anba nan mekanste l yo. Sentespri a fè anpil mirak pajou ki anpil fwa enposib pou nou dekouvri: li fè lapli a tonbe, li fè ke lavi a kòmanse depi nan vant manman, li pèmèt nou geri lè nou malad, li fè kò nou avèk lespri nou repoze lè nou dòmi, li ede nou gen lide pou nou kreye bagay nouvo, li pèmèt nou aprann, grandi, gen konprann, li pèmèt nou tonbe damou ak anpil lòt ankò.

Li mennen nou bay Jezikris

Nan parabol jèn ki te pèdi a (Lik 15 :20), papa a, ki reprezante Bondye Papa a, se limenm ki pran desizyon pou rete tann pitit li. Youn ak lòt fwa ank Bib la toujou pale nou de jan Bondye renmen nou epi vle pou nou tounen vin jwenn Li, menm si nou t ap viv nan peche. Menm jan 1 Jan 4 :10,19 di a: “Men kisa renmen an ye:

Se pa nou menm ki te renmen Bondye, se li menm pito ki te renmen nou, ki te voye Pitit li a pou nou te ka resevwa padon pou peche nou yo, gremesi Pitit la, pou nou menm, nou gen renmen nan kè nou, paske Bondye te renmen nou anvan”. Nou rele gras Bondye sa a ki chèche nou epi atire nou sou Li rele “gras rezistib”. Se Sentespri a ki prepare nou pou nou rankontre ak Bondye. Li ede nou konprann oswa vle reponn pozitivman ak gras sa ki ofri nou yon lavi nouvo nan Kris la.



Mande elèv yo pou yo gade grafik ki nan Aktivite 2

Nan aktivite 2 nou kapab wè pou pipiti kat faktè ke gras rezistib Bondye a sèvi pou l ede moun yo rekonèt ke yo bezwen Jezi nan lavi yo: Aksyon nan kè Sentespri a fè pou konvenk de peche, lapriyè pèp Bondye a anfavè moun sa, Pawòl Bondye a (pa mwayen temwayaj, predikasyon, lekti, ansèyman oswa lòt mwayen) ak jan moun yo resevwa gras Bondye a.

Li bay doulè pou peche ki komèt yo avèk lafwa nan Kris la pou lavi ki pap janm fini an

||| Mande pou yon elèv li Jan 16:8-11. |||

La a nou jwenn deskripsyon fonksyon Sentespri a nan lavi pechè a, pou ouvri entèlijans li pou li kapab rekonèt kondisyon li lwen Bondye epi san esperans. San manifestasyon sa a pa mwayen Sentespri a nan kè nou, pa gen okenn moun ki t ap rann li kont si peche li yo ta mete l dozado avèk Kreyatè a.

Se Sentespri a ki fè nou santi nou koupab ak doulè pou peche nou fè yo, li fè konsyans nou boulyè, li souke santiman nou yo epi dirije volonte nou ale devan Bondye. Si li dosil epi aksepte gras Bondye a, li kapab rive jwenn lavi ki pap janm fini an. Sepandan, Pawòl la avèti nou ke lòm kapab reziste fas ak gras la.



Reyalize aktivite N0. 3 nan fèy aktivite yo

San aksyon Sentespri a avèk gras rezistib Bondye a, patap genyen okenn esperans lavi etènèl pou lèzòm, se poutèt sa Apot Pòl di nan Efezyen 2:8: “Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li.

Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou”. oswa jan sa tradwi nan vèsyon langaj modèn nan: “*Nou te jwenn Sali a paske nou te aksepte lanmou Bondye a. Pa gen okenn nan nou ki te travay pou Sali a, men se pito yon kado ki soti nan men Bondye*”.

Sentespri a vin viv nan lavi nou lè nou aksepte Kris kòm Sovè

Depi nan Ansyen Testaman pwofèt yo te anonse ke Sentespri a ta vin viv nan kè lèzòm (Ezayi 59:21; Ezezyèl 37:14; 39:29; Joèl 2:28-29).

||| Mande pou yon elèv li Efezyen 1:13. |||

Pòl di konsa, lè nou te kwè nan Jezi kòm Sovè “nou te resevwa so Sentespri a”. Sa vle di ke yon fwa nou fin lave nan Kris la pou nenpòt peche nou te fè nan lavi nou an, Bondye bannou Sentespri a ki pou viv nan nou epi sa se “siyal” oswa etanp ki moutre ke kounye a nou se pitit Bondye.

Nan tan lontan, so a (jeneralman bag) se te menm jan avèk siyati yon moun kote li te deklare bagay ki pote mak etanp lan se pou li. Li te endike lejitimite tou. Se menm jan avèk kounye a lè gwo savan yo siyen yon zèv yo fè pou leve vale li, oswa lè notè piblik tankou (ekriven oswa avoka) mete yon siyati avèk yon so pou demoutre “klèman ke men kimoun ki siyen an”.

Se menm bagay la Bondye fè lè li mete Sentespri li nan nou. Li mete yon siy sou nou pou moutre ke se pou li nou ye epi se pa pou peche a. apati de la, Sentespri a koumanse gide nou nan

kesyon chanjman oswa transfòmasyon pou fè nou sanble ak Jezi la chak jou piplis nan lavi nou.

Nan Travay 19:1-7 nou wè eksperyans yon gwoup nouvo kretyen ke apot Pòl te poze yon kesyon konsa: “èske nou te resevwa Sentespri a déjà lè nou te kwè a ? Epi yo te reponn li konsa: Nou pa menm konnen si gen yon bagay ki rele Sentespri”.

Li enpòtan pou kretyen an konsyan de prezans Sentespri a nan lavi li, paske sa se resous ki endispensab nan lavi li pou l ka rete fè nan eksperyans lavi ki pap janm fini an epi lwen peche. Sentespri a toujou la nan lavi w pou w kapab fè zanmi avèk li epi pèmèt li pale ak gide w nan chak etap nan lavi w.

Sentespri a ap ba ou yon lavi ki tounèf.

||| Mande pou yon elèv li 1 Korentyen 15:22. |||

Apot Pòl divize limanite fè de gwoup la: moun sa yo ki fè pati gwoup jenerasyon Adan avèk moun ki apwoche bò kote Kris yo. Gen yon gwo diferans ant de gwoup moun sa yo, yo rekonèt youn paske li pran direksyon lanmò epi yo rekonèt lòt la paske li te “reviv”, yo te fè yo kado lavi.

Yon fwa te genyen yon nonm ki te rele Nikodèm ki te vin wè Jezi. Nonm sa t ap chèche yon sipò espirityèl pou mande Jezi kisa li te dwe fè pou li te antre nan peyi wa ki nan syèl la bò kote Bondye. Jezi te anseye li ke sèl fason pou sa te rive pase, li dwe fèt yon lòt fwa (Jan 3 :3). Apre sa li te kontinye ap esplike li ke sa se pa yon nesans fizik, men se pito espirityèl epi sa kapab rive fèt anndan kè moun nan pa mwayen Lespri Bondye a. Fèt yon lòt fwa sa se yon manifestasyon ki koumanse anndan pou soti deyò, se yon chanjman ki pase anndan kè, men tout moun kapab wè sa.

||| Mande pou yon elèv li Women 8:2. Ki non Sentespri a genyen la a ? |||

Li resevwa non “Lespri lavi a” epi li di nou ke Lespri sa libere nou anba “lalwa peche avèk lanmò”.

||| Ki mo Pòl itilize nan 2 Korentyen 3 :6 ak 5 :17 pou anseye sou travay Lespri a nan kè lòm? |||

Nan 2 Korentyen 3 :6 li itilize “fèt ankò”, ki vle di refèt. Rejenerasyon se korije yon bagay ki te deranje, remete li nan fonksyon epi amelyore li. Nan 2 Korentyen 5 :17, Pawòl Bondye a di konsa: “Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a”.

||| Distribye bay chak elèv ti moso mas plastik eskolè epi mande yo fè yon pòtrè moun. |||

Apre sa, al kote yo chak epi domaje pòtrè yo fè yo (pichkannen yo oswa plat yo avèk men w), pandan w ap esplike yo ke sa w ap fè a se menm bagay la peche a te fè nan nou, li fè nou pèdi bote nou, sentete nou, sa vle di, imaj Bondye a gate. Kounye a mande yo pou yo fè sa Bondye fè nan lavi yo a avèk pòtrè yo a, nan yon lòt mo, pou yo repare domaj la, pou yo tounen fè pòtrè yo a menm jan li te ye avan.

Swiv elèv yo byen, sitou pou sa yo ki te oblije fè tout efò ankò pou yo te tounen refè pòtrè yo a epi mande yo, poukisa yo oblije refè pòtrè yo a olye yo repare li? Kite yo bay opinyon yo nan relasyon ak sa yo fè a ki gen pou wè ak siyifikasyon “rejenere”.

[[[Youn nan pwofesi ki pi gwo pou sa ki gen pou wè ak Sali nou se nan Ezezyèl 36:26-27. Mande pou yon elèv li vèsè sa yo.]]]

Jezi te vini pou te kapab genyen lavi, sa vle kwayan an resevwa lavi esprityèl nan moman li jwenn sali a. Bib la di ke lè nou repanti de peche nou yo epi mete lafwa nou nan Kris la kòm Seyè ak Sovè nou, menm kote a nou vin “pitit Bondye” (Jan 1:12).

Premye bagay Sentespri Bondye a fè se “chanje kè di tankou wòch la an yon kè ki mou tankou vyann”. Sa ki vle di ke Sentespri a bannou yon kè nouvo. Sa a, li diferan de sa ki te rebèl ak dezobeyisan an, li sansib lè li tandè vwa Bondye. Se sa Bib la rele, yon “operasyon kè esprityèl” ke chak moun bezwen pou yo chanje fason y ap viv konsantre sou yo menm pou viv lavi yo nan obeyisans devan Bondye.



○ Mande elèv yo pou yo swiv tablo aktivite # 4

Nan toude tablo yo nou kapab wè kijan kè moun ki fèt yon lòt fwa a chanje. Tout travay sa a posib gras ak gwo sakrifis Jezi te fè sou bwa Kalvè a. Li te peye pri lavi ki pap janm fini nou an avèk san li, lè li bay lavi li nan plas nou epi resevwa pinisyon ke peche nou an te merite. Jezikris te sove nou anba yon lavi ki lanmò esprityèl nan sèvis peche, li netwaye nou de tout peche epi voye Lespri li pou abite nan nou.

Bib la di ke kretyen an se yon bebe esprityèl (1 Pyè 2:22), ki bezwen grandi epi pran fòs nan Pawòl la, nan sèvis ak obeyisans devan Bondye nan tout branch nan lavi li.

Se nan Sali a pwosesis sanntifikasyon an kòmanse.

Sèl fason pou yon moun viv nan sentete se lè Sentespri a abite nan li. “Lespri nou te kreye pou l te abitasyon Sentespri a limenm ki bay sentete karaktè a”.¹ Prezans entim Bondye sa a te pèdi lè Adan avèk Èv te tonbe nan peche. Se sa ki fè ke atravè tout istwa limanite, Bondye rele tout gason ak fi pou viv nan sentete, menm jan limenm li sen. Yon fwa ke Sentespri a abite nan kè lòm, kò fizik la vin tounen tanp oswa kay kote Sentespri a abite (1 Korentyen 3:16). Apati moman sa, Sentespri k ap viv nan nou an ap travay pou fè nou rete lwen peche epi toupre Jezi.

Se poutèt sa yo rele kretyen yo sen nan Nouvo Testaman. Yon sen se yon moun ki fèt yon lòt fwa epi kounye fè pati fanmi Bondye a.

[[[Kisa ki pase apre Sentespri a fin abite nan kè nou, dapre Jeremi 31:33?]]]

Yon fwa ke Sentespri a fin kreye yon konpòtman diferan nan kè nou, li ekri lalwa Bondye a nan kè nou yon fason pou nou kapab viv selon limenm. Yo rekonèt kesyon “fèt yon lòt fwa a” kòm “entwodiksyon sanntifikasyon”. Sa se koumansman yon lavi ki baze sou volonte Bondye. Se yon kalite la ki pa anba dominasyon peche ankò, men pito anba kontwòl Jezi. Se sa ki fè, lavi a koumanse ap amelyore tikras patikras konfòm ak volonte Bondye. Lespri Jezi a ankouraje nou fè sa ki byen epi meprize sa ki mal. Se de pouvwa Pòl ap pale nou nan Women 6 :14 lè li di konsa ke

¹ Wesley L. Duewel nan “Bondye ofri w gran Sali a”. Nappanee, Inndyana: Kay Piblikasyon Levanjil, 2000, p.21.

“Peche pa dwe donminen sou nou, paske nou pa anba pouvwa lalwa Moyiz la ankò, se anba favè Bondye a nou ye”. Peche a pa genyen pouvwa sou pitit Bondye yo.

Li mete nou nan fanmi Bondye a

[[[Mande pou yon elèv li Galat 4 :4-7.]]]

Adopsyon an se yon gwo koze ke gras Bondye a pèmèt e ke pa mwayen limenm nou deklare “pitit li”.

Sa kapab pase se granmèsi padon nou te resevwa a, jistifye ak rejenere pa mwayen Bondye. Padon avèk jistifikasyon an fini avèk pwoblèm kilpabilite a avèk adopsyon doulè ke peche a te bannou.

Jenerasyon avèk adopsyon an bannou yon nouvo idantite kò manm nan fanmi Bondye a, avèk dwa epi eritaj espesyal.



o Reyalize aktivite # 5 nan fèy aktivite yo

[[[Mande pou yon lòt elèv li 1 Pyè 2:9-10.]]]

Apot Pyè di byen klè: *“Men nou menm, nou se yon ras Bondye chwazi, yon bann prèt k’ap sèvi Wa a, yon nasyon k’ap viv apa pou Bondye, yon pèp li achte. Li fè tou sa pou n’ te ka fè tout moun konnen bèl bagay Bondye te fè yo, Bondye ki rele nou soti nan fènwa a pou nou antre nan bèl limyè li a. Anvan sa, nou pa t’ menm yon nasyon. Men koulye a, nou se pèp Bondye a. Anvan sa, Bondye pa t’ gen pitye pou nou. Koulye a, li gen pitye pou nou”*. Sa ki demontre nan vèsè sa se ke kounye a nou fè pati yon pèp ki diferan, avèk karakteristik, lalwa ak objektif diferan de lòt pèp k ap viv sou latè. Pèp sa a pa limite li nan yon ras oswa ak yon drapo nasyonalis, men pito li etann pi lwen pase fwontyè politik, rasyal, kiltirèl oswa jewografik epi anbrase tout fanmi inivèsèl Bondye a.

Se Seyè a ki rele pèp sa pou viv apa pou li oswa sanntifye li oswa lage tout kò l bali konplètman pou akonpli misyon ke Bondye te bayo a: Anonse bon nouvèl Seyè a epi fè disip pou Kris la nan tout mond lan (Matye 28 :19-20).



Definisyon tèm enpòtan yo

- **Gras:** Se lanmou gratis Bondye a pou lòm (Efezyen 2:4-10).
- **Repantans:** Eksperyans nesesè pou resevwa efè lavi ki pap janm fini an nan Kris la. Li genyen ladan li yon santiman de gwo doulè pou peche ki fèt kont Bondye ak dezi pou kouri lwen peche epi viv nan obeyisans devan Bondye.
- **Kòmansman sanntifikasyon:** Se kòmansman eksperyans nouvo nesans lan lè Sentespri a vin abite nan lavi kwayan ki konvèti a. Se la a pwosesis kwasans oswa matirite kretyen an pandan l ap swiv egzanp Jezi epi viv pi pre Bondye.



Rezime prensipal ansèyman pasaj ki etidye yo:

Seyè a fè nou jwenn Sali a pa mwayen Sentespri a. se poutèt sa Sentespri a fè nou santi doulè ak kilpabilite pou peche yo yon fason pou l mennen nou nan repantans, pou mande padon e ke Jezi se Sovè ak Seyè lavi nou.

Lè Bondye padone ak lave peche nou, li mete Lespri li nan nou epi deklare nou jis ak sen devan Li. Eksperyans lavi ki pap janm fini an se fèt yon lòt fwa soti andedan pou soti deyò, sa vle di, nou sibi yon transfòmasyon nan kè nou. Bondye adopte nou nan fanmi li a epi nou fè yon sèl avèk pèp li a. Lavi nou vin transfòme an tanp epi Sentespri a abite nan li, limenm ki bannou lavi ki genyen nan Kris la, li gide nou nan yon kwasans nan sentete ki dirab ak swiv modèl Jezi a.



Fèy aktivite yo

AKTIVITE 1

Li Travay 8 :39-40 epi reponn:

1. Ki non 1.b ay Sentespri a nan pasaj sa ?


2. Ki relasyon non sa genyen avèk pwomès Jezi te fè disip li yo nan Jan 14 :16-18?

3. Ki kote Lespri Bondye a te mennen Filip epi avèk ki objektif ?

AKTIVITE 2

Kat fòs k ap travay pou mennen pechè a vin jwenn Kris la.

GRAS REZISTIB



Ki dekrive nan Women 8:7-8


AKTIVITE 3

Moun nan kapab pa bay gras Bondye a valè. Fè yon rezime sou ansèyman sou chak vèsè sa a yo pou w moutre kijan lèzòm kapab kenbe tèt ak gras Bondye k ap travay nan lavi yo pou ba yo lavi ki pap janm fini an.

Efezyen 4:30, Travay 5:9, Ebre 10:19, Ezayi 63:10

AKTIVITE 4

Tablo osijè de lavi nan peche ak kretyen ki fèt yon lòt fwa, dapre Women 2:4-5



AKTIVITE 5

Anba a se yon eksplikasyon sou chak tèm ki dekri sa Bondye fè pou ke nou kapab pirifye de peche. Mo yo pral divize pami elèv yo pou ke, endividyèlman oswa an gwoup, yon definisyon tèm yo kapab ekri nan yon senp vokabilè, lè l' sèvi avèk iliistrasyon an pou pi byen konprann siyifikasyon an (tankou se te pou moun ki gen 5 ane). Lè sa a, definisyon an dwe pataje ak rès klas la.

- **Pwopisasyon:** Rann posib yon bagay ki te enposib. Se aksyon ki mennen rekonsilyasyon ant lòm avèk Bondye, ke Kris te reyalize sou kwa a. Gwo sakrifis Kris te fè pandan li te bay lavi li nan plas lòm, se sa ki “reyalize” rekonsilyasyon chak pechè avèk Kreyatè li (Jan 3 :16).
- **Konviksyon de peche:** Se rezilta aksyon Sentespri a andedan kè yon moun ki fè l santi li koupab epi fè li santi li bezwen padon pou relasyon sa kapab restore (Jan 16 :8).
- **Konvèsyon :** Se yon aksyon lè moun nan kwè nan Seyè Jezikris epi repanti sensèman. Sa parèt byen klè nan chanjman konpòtman moun nan ki deside bay lavi li yon direksyon tounèf nan obeyisans devan Bondye. Nan dosye konvèsyon an, Bondye padone peche moun nan te komèt yo epi tout bagay sa yo posib gras ak lanmò Jezikris sou kwa a. Moun ki repanti a resevwa yon lavi espirityèl ki tounèf epi kapab grandi nan konesans ak sèvis pou Bondye (Women 6 :4; 12 :2; 2 Korentyen 5 :17 ; Efezyen 4 :22-24).
- **Jistifikasyon:** Se vokabilè apot Pòl te itilize pou li te pale gras Bondye a ki padone pechè ki repanti a epi fè li “Jis” devan Bondye, pandan li deklare l lib de peche epi dign pou li antre nan kominyon avèk Kreyatè li a (Women 4 :25 ; 5 :18).
- **Rejenerasyon:** Se konsa yo rele travay restorasyon an ke Sentespri a fè nan moun ki aksepte Kris kòm Sovè pèsònèl li a. Rejenere a vle di refèt, fèt yon lòt fwa (Jan 3 :3).
- **Adopsyon:** Se jès ki fèt gras ak lanmou Bondye lè li adopte nouvo kwayan an kòm pitit li epi fè l vin “koeritye ak Kris” de benediksyon ke Bondye genyen prepare pou pitit li yo (Jan 1 :12 ; 8 :16).

Di Bondye mèsi pou privilèj ou jwenn lè l adopte w nan Fanmi li a.

LEKTI KI REKOMANDE YO

1. Li fè w vin pitit li: Jan 1 :12
2. Ou se frè Kris : Matye 12 :46-50
3. Sentespri a ba ou yon nouvo relasyon filyal: Women 8 :14-16
4. Li ba ou anpil relasyon tounèf nan fanmi Bondye a : 1 Korentyen 12
5. Li baw aksè pou w antre nan prezans Bondye san difikilte: Ebre 10 :19-20
6. Yon eritaj ki pap janm fini : Women 8 :17-25



Wòl lòm nan Sali a

Leson 4



Objektif:

Se pou elèv la:

- Konprann repons Bondye ap tann nan men lòm pou bannou Sali a.
- Konnen kisa lafwa ki fè Bondye plezi a genyen ladan li, ki pa konesans entèlektyèl, ni lafwa pou yon titan, men se pito lafwa ki manifeste pou konfyè nan Jezi totalman.
- Evalye eske angajman pou w swiv Jezi kòm disip la se yon bagay ki fèm jous jounen jodi a.
- Pwofite okazyon sa pou w repanti ak mande Bondye padon si w pa fin asire w ke Jezi se Seyè lavi ou.
-



Materyèl

- Yon pòt kle avèk plizyè kle, yon chèz avid.

Entwodiksyon

N ap viv nan yon tan kote tout moun ap tann pou Bondye rezoud tout pwoblèm yo genyen. Kòm konsekans nou gen entansyon pou nou rann Bondye koupab de tout bagay ki pase nan planèt la ak lavi nou.

Nan leson anvan yo nou te wè ke tout desizyon Sali a soti nan men Kreyatè a. Men, nou konnen tou ke Bondye pa fòse pèsòn moun resevwa Sali l ap ofri a ; se poutèt sa nou kapab pale de pati pa lòm nan, nan koze delivrans lan. Nan sans sa a, pou ke Bondye kapab reyalize pwojè delivrans lan, li bezwen èd nou. San akseptasyon nou yo ak kondisyon nou avèk senserite pou li drese lavi nou konfòm ak Pawòl li a, Sali a pap pote bon rezilta. Sa nou vle di a se ke sa se yon travay ki gen de pati k ap ede youn lòt.

Nan leson sa nou pral etidye kouman manifestasyon ak desizyon pou vin tounen lòm, pèmèt ke travay Sali a nan Jezi pote fwi nan lavi tout moun ki chèche li.

Etid bibliik

1. REKONÈT NESESITE PÈSONÈL POU JWENN SALI A

Se yon bagay ki enpòtan anpil pou nou menm ki konnen enpòtans nesessite pou jwenn Sali a, paske nan Women 3 :23 apot Pòl deklare : “...nou tout...nou vire do bay Bondye ki genyen tout pouvwa a”. Vire do bay Bondye a vle di ke si nou pa aksepte lavi etènèl ke Bondye ofri nou pa mwayen Jezikris la, desten final nou san mank lan se lanfè ak lanmò.

Mande yon elèv li Ezayi 53 :6.

Bib la di ke nou pat fèt pou nou mouri, men pito viv nan yon kominyon ak Kreyatè a ki dire pou toutan. Malerezman, peche a fè yon miray divizyon ant lòm ak Bondye. Se sèlman pa mwayen travay Jezi te fè sou kwa a, nou kapab retounen nan plan orijinal la.

Sentespri a eseye pa plizyè mwayen “konvenk nou” de eta nou. Li pote konviksyon nan lavi nou pou nou kapab konnen ke nou genyen yon pwoblèm avèk peche epi sèl fason nou kapab libere de pwoblèm sa se retounen vin jwenn Bondye. Gen de fason pou reponn ak revelasyon sa ke Sentespri a bay : avèk imilite, aksepte nesessite nou ak feblès pou nou libere anba mechanste oswa avèk ògèy, anbrase repantans.

Nou jwenn plizyè egzanp moun ki te tonbe nan peche yo, yo te kenbe tèt e se poutèt sa yo pat kapab jwenn padon.



Reyalize aktivite N0 1 nan fèy aktivite yo

N ap viv nan yon tan kote pa gen anpil predikasyon sou peche. Gen kèk predikatè ki prefere pale de lanmou Bondye, de pwosperite, de gerizon, de mirak, sa vle di se sèlman sa nou kapab “jwenn” nan Bondye. Poutèt sa, anpil moun ap viv lavi san konnen ke pi gwo pwoblèm yo a rele PECHE. Sepandan, konviksyon peche a pa sifi. Sa pa itil anyen lè nou fè moun yo reveye nan somèy espartyèl yo ye a si apre sa nou pa ede yo soti nan pwoblèm sa.

Bondye pa abandonen nou lè nou santi nou koupab. Li mennen nou jwenn yon chanjman ki radikal. Apèl Bondye pou repantans lan se avètisman pou esperans.

2. KISA RENPANTI A YE?

Mo repantans ki itilize nan tèks biblik la se vokabilè grèk metanoia ki vle di “chanjman lespri ak lavi”. Li transmèt lide pou fè wout, bay yon viray ki genyen 180 degre pou dirije nan direksyon ki kontrè a. Chemen Bondye a kontrè ak chemen lòm ak pa dyab la.

Repantans lan se yon chanjman konplèt nan fason nou santi nou, panse ak viv.

[[[Mande pou yon elèv li 2 Korentyen 7 :6-11.]]]

Tristès pou peche a

Pòl te pran nouvel kijan kèk moun nan legliz la t ap viv nan peche, li te ekri yon lèt voye ba yo pou ede yo konprann kondisyon peche yo te ye a. Atravè Tit, li te resevwa nouvel ke moun legliz yo te rekonèt eta yo epi yo te nan tristès. Men, sa se te yon bon “tristès” paske sa te mennen yo repanti de peche yo.

Tristès sa se pat yon ti doulè oswa remò, men pito ki te siyale yon chanjman nan konpòtman yo. Tristès pou peche a se manifestasyon fizik oswa emosyonèl nan konviksyon entèlektyèl. Kèk fwa, moun nan tonbe kriye menm jan ak Simon Pyè ki te nye Jezi. Bib la di nou konsa ke li “kriye ak anpil doulè”.

Pòl siyale diferans ki genyen ant tristès sa a avèk tristès mond lan nan vèsè 10 la. Tristès mond lan pwodwi a pa bay anyen ki bon. Lè Jida te trayi Jezi a, li te atriste men li te touye tèt li. Tristès mond lan se tankou yon tristès egoyis. Lòm soufri pou kondisyon peche li a, men li santi doulè nan kè l tou. Okontrè, tristès ke Bondye “travay” nan nou an pwodwi imilyasyon, sa vle di yon kè ki tranble devan Bondye pandan l ap mande sekou.

Konfese peche a

Pwovèb 28 :13 deklare nou ke moun “moun ki kouvri peche li pap fè pwogrè”. Konfesyon an se rekonesans fot pèsonèl ki komèt la, oswa rann tèt ou koupab devan Bondye pou tout mal ou te fè (move lide, move aksyon ak move pawòl) epi mande padon.

[[[Mande pou yon elèv li Sòm 32 :5.]]]

Nan Sòm sa a David di Bondye mèsi paske li padone peche li yo epi eksprime de verite byen enpòtan:

1. Li rekonèt ke kilpabilite a ak peche a se te pou li. Se yon dosye pèsònèl. Li pran responsablite peche l la devan Bondye. Menm si peche nou yo deranje lòt moun, tout peche ofanse Bondye : “Se kont ou menm menm mwen peche-pa kont lòt moun. Mwen fè bagay ou pa dakò pou moun fè. Se sak fè ou gen rezon lè ou kondannen yon moun. Moun pa ka fè ou okenn repwòch lè ou fin jije” (Sòm 51 :4).
2. Li deklare feblès li te genyen ki fè li pat kapab libere pwòp tèt li anba chay peche a. Peche ki komèt la se yon dèt ki ale kontrè avèk Bondye. Okenn lòm kapab “peye” dèt sa, efase ofans sa nan sentete Bondye. Se sèlman mete konfyans nan Kris la kòm sèl Sovè nou kapab jwenn padon (1 Korentyen 2 :39).

Kèk fwa li enpòtan tou pou nou konfese peche nou devan moun nou ofanse yo epi fè reparasyon jan sa posib. Sentespri a gen responsablite fè ofans yo vini nan memwa nou (peche yo) kont moun oswa gwoup moun ki bezwen konfese bay moun ki te viktim yo.

Deside abandone peche a

Lè repantans lan sensè, li fè moun nan abandone peche.

■■■ Mande pou yon volontè li Ezayi 55 :7. ■■■

Menm jan santiman lòm reponn ak konviksyon peche ak tristès ke Bondye pwodwi a pou mennen nou nan repantans lan; konfesyon peche a, abandon peche a epi fè jès reparasyon an soti nan volonte Bondye.

Bondye nan gras li, mete yon santiman nan kè nou pou nou refize tout kalite peche. Men malgre sa, nou dwe fè egzèsis volonte a pou di non, chak fwa opòtinite peche a vini devan nou.

Vèsè ki site nan Pwovèb 28 :13 anlè a di nou ke moun ki konfese peche li epi “*abandone li*”, va jwenn gras. Sa pa vle di ke nan kèk fason nou kapab travay pou Sali a, men repons pozitif nou an devan Bondye endispansab pou ke travay netwayay sa kapab fin acheve nan lavi nou. Se poutèt sa 1 Jan 1 :9 di konsa: “*Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l’ap fè sak gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal*”.

3. METE TOUT LAFWA NAN KRIS LA

■■■ Li Efezyen 2 :8 : “Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou”. ■■■

Yon lòt fwa ankò nou wè kijan vèsè sa siyale de moun ki patisipe nan delivrans lan. Pati pa Bondye a : gras la, pati pa lòm nan : lafwa. Sali ke Bondye ofri nou an depann de lafwa nou. Nan menm tan, Pòl pran responsablite l pou l moutre byen klè ke sous Sali a se Bondye e se pa lèzòm, paske menm kapasite pou kwè a se yon don, oswa yon kado Bondye bay. Se Sentespri a ki travay nan lavi nou pou nou kapab tounen vin jwenn Bondye pa mwayen kado a ki se lafwa. Se lafwa ki ede mete konfyans nou konplètman nan Jezikris pou delivrans nou.

Kouman lafwa Bondye ap tann de nou pou l kapab sove nou an ye? Genyen plizyè kalite lafwa.

]]]] Moutre pòt kle a avèk kle yo epi di yon bagay konsa pandan w ap siyale: Sa a yo se kle mwen toujou itilize. Sa a se kle machin nan, sa a se kle biwo mwen, sa a se pa legliz la, sa a se kle kay mwen. Yo tout byen sanble, yo tout fèt avèk metal, yo klere prèske menm jan, men yon sèl, sa ki kòrèk la se sa ki ouvri pòt kay mwen an. Mwen kapab eseye ouvri pòt kay mwen an avèk nenpòt lòt kle, men se sèlman si m itilize sa ki kòrèk la l ap ouvri. Se menm bagay la ki pase ak lafwa, gen plizyè kalite lafwa, men se yon sèl k ap ouvri pòt Sali a pou nou.]]]]

Ann gade kalite lafwa sa yo. Lafwa kèk moun ki se lafwa istorik. Yo kwè nan Jezi tankou yo kwè nan..(di non yon pèsonaj enpòtan nan istwa peyi a). Lafwa sa se yon kalite lafwa entèlektyèl oswa konsesans.

Nou kwè ke moun sa te egziste oswa egziste, men nou pa rekonèt li reyèlman.

Lafwa lòt moun yo parèt nan kay krèm kanping. Nou genyen li anrejistre nan garaj oswa nan bòdèg lakay la, kote ki genyen yon bann pousyè ki fè pil epi nou pa menm sonje li jouskaske nou itilize youn oswa de fwa pa ane. Si nou te prete yon moun li epi li pa remèt li, se lè sa nou bezwen epi sonje nou dwe mande li. Gen kèk moun ki genyen yon lafwa “tanporè”, yon lafwa ki parèt lè nou nan yon nesosite. Nou sonje Bondye epi nou rele li pou nou mande travay, pou nou mande sante, pou nou mande li pwoteje nou nan yon vwayaj. Se yon lafwa ke nou itilize sèlman nan kèk moman nan lavi.

Men lafwa ki sove a byen diferan de lafwa entèlektyèl ak lafwa tanporè a.

]]]] Rale chèz avid la mete toupre w la epi kanpe bò kote li. Pandan w ap pale a, gade chèz la epi fè jès ak ponyèt avèk figi w ki pou ranfòse siyifikasyon pawòl yo.]]]]

Ann sèvi ak chèz la pou nou kapab konprann lafwa ki bay lavi ki pap janm fini an. Gade chèz sa, li sanble solid epi mwen kwè ke sim chita mwen pap tonbe, kisa nou panse? Èske l ap kapab reziste anba pèz mwen? Mwen kapab rete ap gade chèz la pandan m ap pale, lè m ap site kantite bagay ki konstwi li oswa aparans li, men m pa janm chita sou li. Okontrè, lafwa ki sove a se sa ke mwen pran desizyon m pou m mete tout konfyans mwen nan chèz epi chita sou li, kidonk, mwen depoze (...) kilogram (oswa liv) pandan mwen kwè ke l ap soutni m epi li pap kite m tonbe atè.

Se konsa lafwa ki sove a ye, se sèlman si nou depoze tout konfyans nou nan Jezikris nou kapab sove! Lafwa w kapab fèb, li kapab chaje ak dout, men sa ki enpòtan se pa kalite lafwa, men se pito nan kimoun nou mete konfyans nou.

]]]] Mande pou yon elèv li Jan 3:16-17.]]]]

Jan di ke Pitit Bondye a pat vini nan mond lan pou kondane li, men pito “pou mond lan te kapab jwenn Sali a pa mwayen limenm”. Pa gen lòt chemen ki kapab bay lavi ki pap janm fini an, mete lafwa nou nan pèsonaj ki kòrèk la fondamantal pou nou kapab sove. Se pa yon bagay ki mal lè nou admire moun ki nòb ki vivan oswa mouri, men moun sa yo pa kapab fè anyen pou lave peche nou. Se sèlman san Jezikris ki te koule sou kwa a gen pouvwa pou padone nou pou tout mechanste nou yo (1 Jan 1 :7-9).



Reyalize aktivite N0 2 nan fèy aktivite yo

4. RESEVWA JEZIKRIS KÒM SOVÈ AK SEYÈ

Jezi di nan Jan 13 :13: *“Nou rele m’ Mèt, nou rele m’ Seyè. Nou gen rezon, se sa m’ ye vre”*. Jezi te bay tèt li de tit oswa fonksyon nan vèsè sa, kòm “Mèt” epi kòm “Seyè”. Kisa moun yo te konprann nan epòk sa lè yo te tandè fason Jezi te bay tèt li tit sa yo?

Nan premye plas la ann gade “Mèt” ki soti nan lang grèk epistates epi ki vle di yon moun ki anseye epi pran swen etidyan oswa disip li yo. Nan epòk sa a, te gen anpil antrenèn ki te konn anseye Pawòl Bondye a, men, estil Jezi a te diferan ke pa lòt yo paske ansèyman Jezi a te ale pilwen pase bay leson: Li te anseye avèk egzanz li sa ke yo te dwe viv.

Mo kurios nan lang grèk la, vle di: yon moun ki domine ak dirije tout sa ki pou li epi tou mande soumisyon ak obeyisans devan li.

Seyè se yon mo ki te konn itilize sèlman pou Bondye nan epòk sa yo nan ka jwif yo epi se te sèlman pou anperè “Seza” nan ka se women yo. Kwayans nan epòk sa a yo se ke anperè a se te yon dye epi lè li te mouri li te vin fè pati gran kantite fo dye women yo. Anplis te genyen lapè lanmò pou moun ki te konn rele lòt moun Seyè ki pat anperè, konsa, gen anpil kretyen ki te jwenn kondannasyon yo pou koz sa.

Jezi di moun yo ke li te bon pou yo te rele li Seyè paske lè l te fin sove yon moun, li te vin pou Li. Kalite dominasyon ke Kris egzèse sou nou an se pa tankou yon tiran oswa yon wa k ap itilize moun yo pou fè tèt li plezi. Kalite dominasyon ke Bib la pale nou an se osijè de sèvis.

Jan nou te wè a, mande padon pou peche nou yo se pran desizyon pou chanje lavi. Chanjman sa egziste anba pwòp dominasyon nou pou mennen yon lavi nan obeyisans devan Kris la kòm Seyè. Nan pwochen aktivite a nou pral wè rezon ki fè nouvo kwayan dwe soumèt li anba otorite Kris la.



Reyalize aktivite N0.3 nan fèy aktivite yo

5. KWÈ KE W FÈT YON LÒT FWA

||| Mande pou yon volontè li jan 6:47. |||

Tout moun ki resevwa padon pou peche yo fèt yon lòt fwa epi genyen yon lavi ki tounèf. Avan sa, yo te vivan, men mouri espirityèlman paske yo pat genyen lavi etènèl; men depi lè Sentepri a vin viv nan lavi yo, yo vin gen yon LAVI espirityèl. Lavi sa ale pilwen pase lanmò fizik la, se yon lavi ki pap janm fini ki pa genyen yon fen, men pito k ap pèmèt nou abite avèk Jezikris ak sèvi li pou toujou. Sepandan, verite sa pap vo anyen si nou pa kwè epi viv jan li mande a.

Apot Pòl tou di nan 2 Korentyen 5 :17 ke si nou nan Kris la “nou vin yon lòt moun”. Nouvo nesans sa vin ranplase moun mwèn te ye avan an. Vye kreyati ki t ap viv nan peche a dwe ale pou bay nouvo kreyati a plas pou grandi nan nou. Batèm kretyen an nòmmanman reprezante verite espirityèl sa. Li senbolize ke moun nan mouri nan peche (lè li koule anba dlo a) epi vin fè yon lòt fwa tankou disip Kris la.

Si nou kwè ak tout kè nou e si nou fèt yon lòt fwa, konviksyon sa ki nan kè nou ap ede nou obsève nou ak sikonstans ki antoure nou yo ki byen diferan. Déjà nou pa bezwen kontinye fè

peche, kounye a nou se pitit Bondye, kreye pou viv nan sentete ak sèvi mond sa selon plan Bondye.

Kwè ke nou fèt yon lòt fwa se yon bagay ki endispansab, paske se yon pwèn ki enpòtan pou devlopman nouvo lavi sa, pandan n ap pèmèt lavi Jezi a grandi nan nou api elaji jouskaske li ranpli tout noumenm.



Reyalize aktivite N0.4 nan fèy aktivite yo.

6. ANGAJMAN POU PÈSEVERE NAN ANTRÈNMAN DISIP

Tout kretyen fèt pou vin yon disip Jezi. Sa genyen ladan li aksepte Jezi kòm Mèt k ap moutre nou fason pou nou viv nan yon manyè ki agreyab devan Bondye nan tout sa nou panse, di avèk fè. Kretyen an pa janm sispann vin kòm disip, paske aprann viv sen menm jan Jezi sen an se yon bagay k ap dire nou pou tout lavi.

Chak kretyen dwe pran desizyon sa pou yo vin apranti. Pou sa fèt, li mande imilyasyon epi rekonèt ke tout bagay nou aprann nan lavi nou pa genyen okenn valè si nou konpare li avèk richès sajès ke Kris la vle bannou.

Nan menm tan an, antrènman disip la se pa sèlman konesans entèlektyèl, se pa sèlman aprann pou konsève verite espiyityèl yo nan memwa nou, men pito se aplike yo nan kè nou epi pèmèt ke verite sa yo transfòme sa nou ye ak sa nou fè tikras pa tikras. Apot Pòl anseye pitit espiyityèl li a Timote nan 1 Timote 4:16 pou li pran swen fason l ap viv menm jan ak doktrin l ap aprann epi anseye a. Nan pwochen leson an nou pral pale sou fason yon moun ki fèt yon lòt fwa dwe viv.



Reyalize aktivite N0. 5 nan fèy aktivite yo

Mete fen avèk yon moman lapriyè pou bezwen pèsònèl yo ki parèt nan aktivite ki avan yo.



Definisyon tèm enpòtan yo

- **Lafwa:** Mo sa a itilize nan twa fason: kwè nan yon bagay ke moun pa kapab wè oswa moutre; aksyon pou mete konfyans nan Kris la pou lavi ki pap janm fini an ; oswa ki kapab siyale kantite kwayans fondamantal krisyanis yo.
- **Don:** Entèlijans ak kapasite ki soti nan Bondye pou reyalize kèk sèvis kretyen. Pa egzanp; ansèyman, rezoud nesosite lòt yo, geri malad yo, ak lòt ankò.
- **Repantans:** Se yon eksperyans ki nesèsè pou yon moun sove pa mwayen Kris la. Se yon santiman doule moun nan santi paske li fè kont Bondye epi anvi ale lwen peche a pou viv yon lavi ki sen.
- **Antrènman disip:** Se pwosesis aprantisaj ki vlope tout lavi kote ke pa mwayen limenm nou grandi nan sanble ak Jezi chak jou piplis. Antrènman disip la koumanse nan konvèsyon an epi kontinye jouskaske lavi a fini.



Rezime prensipal ansèyman pasaj ki etidye yo:

Sali a nan Kris la se pa yon bagay ki rive sou chans:se yon plan Bondye trase.

Anplis de sa, plan sa pa fòse lòm, se poutèt sa Sali a mande yon konesans pèsone l sou nesosite pou moun nan jwenn delivrans lan.

Sali a pa kapab manifeste si pa genyen yon repantans sense bò kote moun ki peche a, sa k ap ede li imilye li epi mande Bondye padon pou peche li yo.

Sali a mande yon jès ki gen lafwa bò kote pechè ki repanti a ak yon remisyon ki klè lè l akseptè Jezikris kòm sèl Sovè ak Seyè lavi a.

Eksperyans sa ap rete toufre nan nou yon fwa ke nou angaje nou pou n vin disip Mèt la pandan tout lavi.



Fèy aktivite yo

AKTIVITE 1

Chèche kèk moun nan Bib la ki te rekonèt peche yo, men ki te fè kè yo di malgre sa.

Vèsè	De kimoun y ap pale?	Ki peche li te konfese a?	Kijan lavi li te koumanse?
Egzòd 9:27,34			
Nomb 22:34; 23:10 ak 31:8			
Jozye 7:20			
1 Samyèl 15:24			
Matye 27:4			

AKTIVITE 2

Obsève lis karakteristik lafwa ki sove sa yo pandan w ap chèche vèsè bibliik yo epi konplete mo ki manke nan fraz yo.

- Mete _____ nan Bondye (Sòm 37:5).
- Kwè nan _____ (Jan 3:15).
- Fè sa _____ tout kè (Women 6:16-17).
- _____ avèk kè (Women 10:9-10).
- Kwè ke Bib la se _____ (2 Timote 3:16-17).
- Mete tout _____ ou nan Bondye (Ebre 2:13).
- Envite _____ nan lavi w (Revelasyon 3 :20).

AKTIVITE 3.

Reponn kesyon sa yo nan ekip de oswa twa elèv.

- Pataje kèk difikilte w te eksperimente nan lavi w ak kijan Seyè a te ede w.
- Konpare temwayaj ou yo avèk kèk difikilte ki mansyone nan vèsè sa yo: Jan 16:33, 1 Korentyen 10:13, Efezyen 6:10-12
- Dapre Matye 6:24 ak Women 6:16 ki rezon ki fè ke Kris la dwe domine lavi ou?
- Ki desizyon enpòtan Pòl mande pou nou pran nan Women 12:1?
- Ki enplikasyon pratik nan lavi w k ap mennen desizyon sa ?

AKTIVITE 4.

Li pasaj Women 8 :15-17 la epi ekri refleksyon w nan sou paj sa yo:

a) Èske kretyen yo diferan de lòt moun yo ?

b) Nan ki sans ?

c) Kisa yo genyen ki fè yo diferan ?

AKTIVITE 5.

Otoevalyasyon, èske m te fè eksperyans sali a vre? Reponn kesyon sa yo, pandan w ap make avèk wi, non, nan tras yo.

a. Èske w te santi doulè pou peche w yo ?

b. Èske doulè sa te mennen w repanti devan Bondye ?

c. Èske w te mande Bondye padon pou peche w yo ?

d. Èske w tounen fè menm peche w te repanti a ?

e. Èske w mete konfyans ou nan Jezi epi sèl limenm ki Sovè w ?

f. Èske w kapab di ke nan moman sa Jezi se sèl Sovè tout lavi w ?

g. Èske w genyen yon gwo angajman kòm disip Jezi ?

h. Èske w kwè ke lòt moun panse ke w se yon disip Jezi ki fidèl ?

i. Èske w asire ke kounye a ou se pitit Bondye ?

j. Si se pa konsa, èske w ta renmen gen sekirite sa nan lavi w jodi a?

Endike antrenè a kote nan lavi w ou te reponn non. Si se vre ak tout kè w ou vle repanti de peche w yo epi sove, pa kite l pou lòt semèn. Mande Seyè a konfòm ak nesosite w epi mete tout konfyans ou nan li, L ap fè sa l dwe fè a epi ba w yon lavi ki tounèf.

LEKTI KI REKÒMANDE YO

- Ezayi 57
- Ezayi 61
- Sòm 51
- Sòm 134
- Sòm 147



Delivrans lan: Yon eksperyans ki transfòme

Leson 5



Objektif:

Se pou elèv la:

- Rekonèt chanjman entèn ki reflekte nan kalite lavi nouvo disip la.
- Pataje temwayaj ou sou verite nouvo nesans nan lavi w.
- Verifye si w ap bay sentespri a plas nan lavi w pou l kapab ede w restore lavi w konfòm ak ansèyman Jezi yo.



Materyèl

- Tablo, lakrè oswa makè

Nan lesan ki pase yo nou te etidye pati ki gen pou wè ak Bondye ak lòm nan nan eksperyans lavi ki pap janm fini an. Mirak nouvo nesans lan make kòmansman yon seri de chanjman entèn ak transfòmasyon ekstèn ke Sentespri a dirije nan lavi nou.

Nan lesan sa nou pral pale sou bagay ki klè nan sans entèn ak ekstèn nan koze lavi ki pap janm fini an ki moutre ke Sentespri a vini abite nan kè nou epi kòmanse transfòmasyon nan fason panse ak viv.

Se menm moun nan k ap kapab viv chanjman entèn yo, men pwosesis transfòmasyon ekstèn nan nan fason l ap viv kapab parèt devan tout moun ki antoure li. Evidans chanjman sa a yo nan fason moun nan panse, pale ak konpòte li se prèv ki klè pou moutre ke repantans lan te sensè e ke moun nan te fèt yon lòt fwa tout bon.

Jan Batis ki te vini anvan Jezi a ke yo te dwe repanti de peche yo. Jan te batize nan dlo tout moun sa yo ki te repanti avèk bouch yo. Malgre, Jan te doute sou senserite kèk moun, paske yo t ap mennen yon doub vi. Nan yon bò, yo te relijye ki t ap akonpli tout sa lalwa jwif la te sinyale, men yon lòt bò, lavi yo te ranpli ak peche. Se poutèt sa Jan te di yo konsa lè yo prale. *“Fè bagay ki pou fè wè lavi nou chanje tout bon...”* (Matye 3 :8). Nou pral pale de bagay sa yo nan lesan sa epi poutèt sa nou pral reponn kesyon: Kisa ki chanjman entèn ak ekstèn nan lavi moun eksperimante lavi ki tounèf la ?

1. YON KÈ KI RANPLI AK LAJWA

Istwa wa David toujou fè nou sezi.

Bib la moutre David jan li te ye a, avèk feblès li yo men tou avèk yon gwo sansiblite pou l te kite Seyè a dirije li. Li te yon powèt epi ekri anpil kantik ke nou jwenn nan liv sòm yo. Youn nan yo se Sòm 32 kote David dekrive lajwa paske li te jwenn padon, apre chèn peche li te komèt nan relasyon adiltè li a avèk Batcheba.

[[[Mande pou yon elèv li Sòm 32.]]]

David eseye eksprime gwo chanjman li te eksperimante nan kè li apre li te fin jwenn padon. Tout santiman negatif ke peche a te lakòz nan lavi li te disparèt epi ranplase pa “benediksyon”.

Mo “benediksyon” sa vle di felisite. Sa a se pa nenpòt kalite felisite tanporè menm jan ak lè nou resevwa yon bon nouvèl, men pito se yon gwo lajwa ki vini nan kè nouvo kwayan an pou li abite. Felisite sa posib paske kounye a sèl sous vrè felisite ki se Bondye abite nan lavi li pa mwayen Sentespri a.

Sa a se pa yon felisite ke noumenm nou kapab fabrike. Se yon emosyon k ap koule nan kè nouvo disip la depi li te fin gen asirans ke li te jwenn padon epi rekonsilye avèk Bondye.

Ekspresyon ekstèn felisite sa ap depann de pèsonalite nou. Pou David, se te ekri kantik adorasyon pou Bondye. Kreyen sa a yo ki konn chante byen fò pandan y ap koute chan kreyen yo kapab idantifye yo avèk David. Petèt gen lòt ki pa chante fò men nan kanmèm yo adore Bondye nan kè yo.



Reyalize aktivite N0.1 nan fèy aktivite yo.

2. YON KÈ KI RANPLI AK REMÈSIMAN

Nan lang ebre a, mo adorasyon ak remèsiman soti nan rasin (yadah). Bib la ranpli ak ekspresyon remèsiman devan Bondye ak pawòl ki ankouraje nou pou nou rekonesan. Men atitid remèsiman sa soti nan yon kè ki imilye li devan Bondye epi rekonèt ke tout sa li genyen, tout sa li ye ak tout sa k ap vini nan lavi li nan tan fiti a soti nan Bondye.

Jezi te moutre nou lapriyè pa mwayen bagay ki byen senp tankou pen chak jou a, oswa manje ki soutni nou an. Sa a se yon gwo chanjman nan fason li panse. Yon kè ki konsantre sou limenm mete aksan sou pwojè li reyalize, men kè ki konsantre sou Bondye rekonèt ke chak bagay ki gwo oswa piti ki rive nan lavi li, se Seyè a ki te planifye li.

Ebyen, remèsiman an ta dwe toujou yon bagay nòmal nan lavi moun Jezi sove a menm si sa pa koule natirèlman, paske nati lòm nou gen tandans gonfle lestomak pou reyalizasyon li yo pandan l ap moutre se ak pwòp fòs pèsonèl li. Se poutèt sa ke Pawòl la fè nou sonje byen souvan ke nou dwe di Bondye mèsi nan tout bagay ak pou tout bagay.

||| Mande pou yon elèv li 1 Tesalonisyen 5:18. |||



Reyalize aktivite N0. 2 nan fèy aktivite yo.

3. YON NANM K AP RELE POU L JWENN AKONPAYMAN BONDYE

Jwi kominyon avèk Kreyatè a se yon gwo privilèj ki fè tout pitit Bondye yo kontan. Nan kòmansman, nouvo kwayan an kapab yon ti jan konfonn sou fason pou li pale avèk Bondye. Men tikras pa tikras l ap aprann kijan li kapab prezante li devan Seyè a avèk tout konfyans li, menm jan ak yon timoun piti k ap pale ak papa li. Apre yon bon tan, lapriyè a vin tounen yon bagay ki byen natirèl pou kreyen an menm jan ak respire.

Nou pa dwe rete tann ke abitud toujou lapriyè a ap rive fèt san nou pa fè okenn efò. Tout kreyen dwe mete disiplin nan lavi li epi mete yon kantite tan apa pou pale avèk Seyè li chak jou. Tan sa ap depann de orè nan jounen an kote ke nou kapab rankontre avèk Bondye epi avèk Pawòl li.

Sentespri a ki anndan nou fè nou anvi fè “konvèsasyon” sa yo avèk Bondye, li fè nou renmen konnen plis sou Bondye epi nan pale avèk li nou konnen li pi byen. Li difisil pou nou ekspriye plezi sa avèk pawòl yo, e se poutèt sa salmis la konpare li avèk swaf. Nan Sòm 42:1-2 li di konsa: “Menm jan yon bèt anvi bwè dlo larivyè, se konsa mwen anvi wè ou, Bondye. Se pa ti anvi mwen pa anvi wè Bondye, Bondye ki vivan an. Kilè m’ava ale pou m’adore Bondye lakay li?”

Gwo swaf sa ki genyen pou moun genyen yon kominyon avèk Bondye a se youn nan fwi lavi tounèf pitit Bondye a.

Seyè Jezikris se pi bon modèl yon lavi de priyè pou nou. Li te lapriyè lè li te kontan ak lè li te tris. Lè li te rilaks ak lè li te twouble. Fatig pat janm anpeche li lapriyè, kèk fwa li te konn pase tout nwit la ap lapriyè (Lik 6 :12).

Devlope yon disiplin lapriyè pandan gen sansiblite pou swaf sa ki nan nanm nou pou kominyon avèk Bondye se yon bagay ki endispansab pou nou kapab pèsevere nan chemen Seyè a.

4. MWEN VLE FÈ PATI FANMI BONDYE A

||| Mande pou yon elèv li Efezyen 2 :19 epi yon lòt li 1 Pyè 2 :9-10. |||

Noumenm kretyen yo nou fè pati fanmi Bondye yo. Se sa apot Pyè te di nan 1 Pyè 2:9-10. Mo “ras” siyifi inyon nan yon fanmi sangen. Tout moun ki aksepte Kris kòm Seyè ak Sovè vin fè pati fanmi Bondye a. Relasyon sa pa gen pou wè avèk yon koneksyon ak paran politik, men se pito yon liy afilyasyon dirèk. Se Bondye ki te chwazi legliz la pou fè l vin yon fanmi espesyal.

Tout nouvo kwayan yo bezwen lanmou ak chalè fanmi sa pou yo kapab siviv espiyityèlman nan mond kontamine avèk peche sa. Relasyon sa pami kretyen yo rele tou “kominyon”.

Nan kòmansman lavi kretyen an li nòmal pou moun nan krent pou nou antre nan yon gwoup moun ke nou pa konnen. Men apre yon ti tan, lè nou kòmanse fè zanmi, n ap kòmanse santi nou anvi fè relasyon avèk lòt “frè nan Kris yo”. Nan fanmi Bondye a, Kris la se gran frè nou tout ki se kretyen (Women 8:29). Anmezi jou avèk mwa yo ap pase, nou vin renmen fanmi nan lafwa nou an kòm si se ta pwòp fanmi ki gen menm san avèk nou.

Sa se pa yon kout chans, se Bondye k ap prepare nou pou kapab viv pou tout letènite avèk frè espiyityèl nou yo. Nan legliz lokal la, nouvo konvèti yo oswa bebe espiyityèl yo dwe resevwa lanmou, chalè, enstriksyon, pwoteksyon ak disiplin. Youn nan fason lòm kapab aprann se lè l ap imite lòt moun epi sèlman lè nou ansanm avèk legliz la nou kapab viv kòm pitit Bondye. Legliz la dwe viv tankou yon fanmi kote ke manm li yo enkyete yo epi ede youn lòt (Galat 6 :10).

Sepandan, nou pa dwe chita tan pou legliz la san “defo”. Se vre ke legliz la dwe viv nan sentete, nen menm tan an tou li fèt avèk yon bann moun ki diferan nan plizyè fòm epi ki rezilta enfliyan yo resevwa nan atmosfè famiyal, relijye, sosyal, politik, kiltirèl ak ekonomik.

Anpil fwa sa pote fwotman ak opinyon diferan nan fanmi Bondye a; men tout menm, nan yon fanmi, sa ki pi enpòtan yo se lanmou ak respè. Nan fanmi Bondye a nou dwe fè tout efò nou pou nou konprann youn lòt, renmen epi sipòte youn lòt ki se fason pou fanmi yo rete soude ak vin pi fò.



Reyalize aktivite N0.3 nan fèy aktivite yo

5. YON VIZYON TRANSFÒME

Kisa ki kapab fè yon gason oswa yon fi chanje konpòtman li nan yon ti moman? Nan Bib la, nan istwa legliz la ak nan antouraj nou, nou jwenn plizyè milye egzanp sou kijan Jezi transfòme lavi.

■■■ Mande pou de volontè li pasaj Lik 5:10-11 ak Matye 9:9. ■■■

Pa egzanp nan Lik 5: 10-11 nou wè kijan lavi plizyè pechè te chanje, akòz de yon mirak lapèch. Anplis, vèsè a di konsa: "...yo te kite tout bagay, epi swiv li" epi yo te kòmanse vin tounen disip Jezi. Nou genyen egzanp Matye tou lè li te chita nan biwo kontribisyon li. Menm kote a Jezi te pase bò la, li gade l epi li di konsa: "swiv mwen" (Matye 9:9) epi Pawòl la di konsa: "Epi li te leve l al swiv Jezi". Lavi moun sa yo te chanje menm kote a.

Lè Lespri Bondye a vini abite nan lavi nou li chanje vizyon nou. Avan, nou te wè mond lan, moun epi noumenm avèk pwòp je nou, men kounye a nou kòmanse wè avèk je Jezi. Anmezi nou konnen Jezi pibyen epi antre nan yon pi bon relasyon avèk li ak Pawòl li, vizyon nou transfòme pou nou kapab wè jan Jezi wè.



Reyalize N0.4 nan fèy aktivite yo

Lavi tounèf nan Kris la genyen ladan li yon chanjman nan fason nou wè moun, òdone priyorite nou yo, nan fason n ap itilize tan ak fason nou sèvi ak lajan, ak lòt ankò.

Chanjman lavi sa se pa yon chanjman kosmetik ki afekte sèlman deyò lavi nou, se pa nonplis fòse nou pou obeyi kèk règ, men se pito yon transfòmasyon ki kòmanse anndan pou soti deyò, ki kòmanse ak yon chanjman motivasyon ak santiman epi fè enpak sou lavi ekstèn nan.

6. REFIZE TOUT KALITE PECHE

Fason pou pitit Bondye yo fè fas ak pwoblèm lavi ak konfli pèsònèl yo baze sou prensip Pawòl Bondye a avèk lanmou. Yon kretyen pa kapab kontinye ap rezoud pwoblèm jan li te konn fè sa nan tan lontan, oswa menm jan ak lè li t ap viv nan peche.

Moun ki pa gen Kris yo sèvi ak gwo fòs, vyolans, manipilasyon, manti, pouvwa, kout rèl, kòlè, di betiz ak anpil lòt kalite peche pou yo pou rezoud pwoblèm. Okontrè, kretyen an swiv egzanp ak ansèyman Jezi yo.

■■■ Mande pou yon elèv li Efezyen 4:22-32. ■■■

Lè kretyen an ap fè fas ak yon sitiyasyon difisil epi aji menm jan li te konn fè sa avan (bay manti, manipile oswa sou lòt fòm) gen yon bagay diferan ki pase nan lavi li. Yon vwa anndan kè li ap repwoche li, li fè l santi tristès pou sa li fè a oswa fason li fè l la.

■■■ Mande elèv yo: Dapre vèsè 30 lan, vwa kilès li ye? ■■■

Prezans Sentespri a nan lavi nou fè nou diferan. Nou deja pa kapab fè peche avèk libète nou te konn fè sa nan tan lontan. Pawòl la di ke Sentespri ki abite nan nou an ap atriste lè nou fè peche.



Reyalize aktivite N0.5 nan fèy aktivite yo

Nan Bib la nou jwenn egzanp klè sou kijan yon kè transfòme pa mwayen pouvwa Bondye a, chèche rezoud sikonstans difisil yo konfòm ak volonte Bondye. Nan Travay 6:1-7 yo rakonte istwa yon pwoblèm ki te rive nan legliz Jerizalèm nan ki te kapab fè deklannche yon konfli ki byen grav; men gen sa yo ke apot yo te bay solisyon pandan y ap ouvri espas pou ke lòt yo patisipe nan ministè a. Konsa, apot yo te kontinye akonpli avèk apèl yo epi vèv yo ta kontinye jwenn atansyon pou nesosite yo. Prensip pou rezoud pwoblèm la a se te chèche byen pou tout moun ki te ladan li.

Nan Galat 6:1 nou jwenn lòt pwoblèm. Sa se te ka yon frè ki te komèt yon peche epi legliz la te dwe pran yon desizyon sou ka ki te pase a. Apot Pòl konseye ke lè yon moun tonbe nan peche, moun sa yo ki espartyèl dwe restore li pandan y'ap ede li pote chay sa oswa wont sa. Anverite, sa se pa solisyon ki pi fasil ak pi senp. Chanèlman lè yon moun trayi nou, nou gen tandans fè l peye pou sa li fè nou an. Men atitid Kris fas ak pechè a se bay lanmou ki padone a pou bay restorasyon epi sa se chemen Pòl te endike yo pran. La a, prensip la se renmen ak padone moun ki fè nou kichòy, menm si sa se chemen ki pi difisil la.

Nan Galat 2 :11 nou jwenn yon pwoblèm konfli ant frè nan lafwa yo, de lidè nan legliz la. Pòl te rann li kont ke Pyè t ap aji mal avèk kwayan ki pat jwif yo. Avèk anpil sajès, olye li te koumanse mimire kont Pyè, li te prefere pale avèk li fasafas. Ala yon gwo egzanp pou legliz, enh! Pa gen okenn kote nan Bib la yo di ke Pòl avèk Pyè te rete fache pou toutan apre ensidan sa ; okontrè li te korije Pyè pou konpòtman li epi yo tou de lidè yo te kontinye pwopaje levanjil la. Prensip la la a, se ke pou rezoud konfli entèpèsònèl yo, pi bon fason an se kontrekare lòt la epi di li verite a avèk lanmou, pandan n ap toujou chèche byen ak kwasans frè oswa sè nou an.



Definisyon tèm enpòtan yo

- **Adorasyon:** Ekspresyon vèbal ki soti nan kè moun nan lè li rekonèt kimoun Bondye ye.
- **Kominyon:** Relasyon sa a pami kwayan yo rele tou nan lang grèk la “koinonia”. Ekspresyon sa te konn itilize anpil nan Nouvo Testaman pou dekrive legliz nan peryòd sa. Koinonia egziste se sèlman lè sa ki ini kretyen nan Kris yo se lanmou. Koinonia sa posib se lè kretyen nan lafwa yo posede Sentespri a nan kè yo epi pratike sakreman yo ansanm tankou pa egzanp, repa Seyè a.



Rezime prensipal ansèyman pasaj ki etidye yo:

Eksperyans delivrans lan se yon fenomèn ki pwodwi anndan kè a men ke moun kapab wè li pa mwayen chanjman ekstèn yo nan lavi kretyen an. Lè Sali a vrè-lòt moun kapab wè li pa mwayen “fwi repantans yo” ki manifeste nan tout aspè yo nan lavi nouvo disip la.



Fèy aktivite yo

AKTIVITE 1

Kijan w eksprime lajwa nan lavi w dèske w se kretyen? Avèk kilès nan egzanp bibliik sa yo ou idantifye w?

Chèche kèk ekspresyon diferan sou felisite entèn epi sinyale sa ki sanble ak eksperyans ou epi pataje li avèk rès klas la.

Sòm 32:11 _____

Sòm 92: 2 _____

Efezyen 5:19 _____

Lòt _____

AKTIVITE 2

Reponn kesyon sa yo epi apre sa pataje avèk rès klas la.

1. Ki malè ki kapab rive yon kretyen ki pa rekonesan?

2. Kouman nou kapab demoutre rekonesans nou anvè Bondye sou yon fòm ki pratik?

3. Ki chanjman nou kapab fè nan lavi nou pou n kapab vin pi rekonesan?

AKTIVITE 3

Fè yon li bagay ke manm premye legliz nan Jerizalèm yo te konn fè ansanm. Apre sa fè yon lòt lis de bagay nou konn fè ansanm nan legliz lokal ou a nan espas ki sou bò dwat la.

Kijan yo te konsève kominyon an nan legliz Jerizalèm nan ?

Kijan nou menm nou eksprime kominyon nou an ?

Pou w mete fen, obsève sa ki sanble yo epi dyaloge sou bagay sa yo: èske n ap bay egzanp ki klè de ke nou se yon fanmi nan Kris la? èske gen yon bagay anplis ke nou ta dwe fè pou sere relasyon pami nou?

AKTIVITE 4.

Èske w pase kèk nan eksperyans sa yo?

- Mache nan yon lari ak tèlman anpil moun, li menm difisil pou w avanse.
- Gade kèk vil depi byen lwen nan yon espas ki byen wo.
- Gade nan fenèt la lè yon avyon ap ateri pou w kapab wè vil la.
- Rejwenn ou nan yon soti gwòt nan yon lè ki endign.
- Vwayaje nan yon tren oswa otobis ki plen ak moun.
- Rete bloke ak yon otomobil pou plizyè èdtan nan mitan trafik.
- Pase anpil tan nan rale liy pou peye nan makèt oswa nan yon bank ki pa yon bagay nòmal.

Si repons ou a se wi. Èske w te panse, di oswa santi yon bagay tankou sa a nan moman sa ?

- Ala de fatig! Ki kote pil moun sa yo soti ?
- Ala de charad nan vil sa, kounye a pa gen plas pou menm yon sèl grenn moun ankò!
- Ala move chans, m te dwe soti pi bonè!
- Jous kilè gouvènman sa va fè yon bagay pou rezoud pwoblèm sa?
- Lòt ankò: _____

Kounye a reflechi pou yon ti moman: èske sa patap diferan si w ta gade vil sa oswa moun yo avèk Je Jezi ?

Finalman konpare repons ou a avèk Matye 9 :36 epi konpare repons ou yo avèk rès klas la.

AKTIVITE 5.

Refleksyon sou istwa

Vwala se te yon jèn fi ki kretyen ki t ap chèche yon travay, li te jwenn rekòmandasyon pa mwayen yon frè legliz li pou al travay nan yon antrepriz jwèt zanmi frè legliz la. Se te yon gwo biznis ki te konn vann jwèt angwo pou voye nan lòt ti boutik jwèt yo. Li te prezante li nan premye jou a nan maten epi yo te mennen li nan biwo kontablite a kote yo te eksplike li responsablite l yo kòm asistan administratif. Pami plizyè lòt bagay, yo te moutre li ekri chèk, anrejistre nan liv kontab yo epi li te kòmanse travay avèk anpil kè kontan. Salè yo te ofri li a pat twò gwo men li pat twò mal nonplis.

Sepandan, gen yon bagay dwòl ki te pase pandan li te prèske midi konsa. Trezorye a te eksplike li ke te genyen de liv pou anrejistre chèk yo epi pou li te endike li nan ki liv li te dwe anrejistre yo chak. Apre sa, eksplikasyon an te kontinye: “Liv sa a se limenm pou nou moutre enspektè kontribisyon gouvènman an si yo vini la, epi sa a limenm nou sere li anba planch lan, nou rele sa a, liv nwa.

Jèn fi a fin tande tout eksplikasyon yo epi li retounen al chita nan plas li. Men gen yon bagay ki koumanse pase nan kè li. Gen yon vwa anndan kè li t ap di li se yon bagay ki mal, si l ta kontinye nan travay sa, chak jou nan lavi li li tap anba obligasyon pou l bay manti. Jèn fi a mande trezorye a eskiz epi li di l konsa: “Eskizem wi madam, mwen vrèman bezwen travay travay sa epi ou te vrèman janti avèk mwen, men m pa kapab rete. Si mwen fè sa w dim nan pou m sere kaye a pou enspektè gouvènman yo, se yon peche m ta ap komèt kont Bondye m nan, epi dapre mwen menm yon lavi lwen Bondye pa gen enpòtans. Tanpri, konprann rezon ki fè mwen pa bezwen travay sa”. Jèn fi a soti kite antrepriz la epi li pa janm retounen ankò.

1. Èske w kwè ke jèn fi a te pran desizyon ki kòrèk la?

2. Ki efè w kwè ke fason li aji a kapab fè sou trezorye a ?

3. Èske w konnen yon moun ki nan yon sitiyasyon ki sanble ak sa ? Ki konsèy ou ta genyen pou moun sa ?

LEKTI KI REKÒMANDE YO

- *Sòm 92*
- *Sòm 148*
- *2 Korentyen 6*
- *Efezyen 4 :17-32*
- *Efezyen 5 :1-20*



Konpòtman peche ki merite netwaye

Leson 6



Objektif:

Se pou elèv la:

- Rekonèt atitud peche ki te rete dirab nan disip Jezi yo epi Jezi te rale zòrèy yo.
- Konpare pwòp atitud ou yo avèk sa ki te nan kè disip yo.
- Pataje temwayaj sou atitud peche sa yo ki la nan lavi nou epi ki merite netwaye.
- Konprann ke, kòm Jezikris, nou dwe gen pasyans avèk lòt frè nou yo pandan y ap dekouvri zòn nan lavi ki merite netwaye epi remèt bay Seyè a.



Materyèl

- Plizyè moso katon avèk pawòl sa yo: dout, egoyis, enpasyans, fachman, entolerans, ògèy, brital, renmen fè vanjans, renmen fè zen, anbisyon pou pouvwa. Adezif pou kole moso katon yo nan tablo a. si w pa kapab prepare katon yo ou kapab chwazi ekri pawòl yo nan tablo a. Si w kapab, sèvi avèk koulè.

Lè n ap analize gwo travay apot yo te reyalize, otè a kapab fini pou l di ke mesye sa yo te ekstraòdinè. Sepandan yo pa sanble menm mesye ki te ansanm avèk Jezi yo epi ki te parèt nan Levanjil yo.

Jezi te chwazi douz moun ki te gen defo ki te bezwen restorasyon. Lè Jezi t ap rele douz disip yo, moun sa yo te karakterize tankou moun ki pat genyen okenn nivo espiritiyèl ak entèlektyèl; awogan (Jan 21:7; 13:9; 18:10; Lik 9:54; 1 Jan 4:8; pechè (Mak 9:33,34; 10:37; Lik 22:24); san kapasite pou rezoud anpil 22:24); ki lakòz yo twouble (Matye 18:21-35, 9:3; Lik 10:29; 20:22); inyoran; otoestim ba (Mak 10:22); lafwa twouble (Jan 6:67).¹ Pa gen youn nan disip Jezi yo ki te “soti nan ras moun ki gen lajan. Se pechè pwason yo te ye, ajan kontribisyon, travayè. Matye ak Simon Zelòt, lènmi politik mòtèl yo te ye”.² Jezi te transfòme gwoup mesye plen defo sa yo... “Jije pou pa rezilta pi bon jenerasyon antrenè ke mond lan pa janm konnen: tou swit aprè se douz mesye sa yo ki te fè yon gwo chanjman nan mond lan”.³ Yon otè konfime avèk rezon: “Mirak ki pi gwo nan listwa sanble se transfòmasyon ke Jezi te reyalize nan lavi mesye sa yo”.⁴ Jezi te chwazi moun ki plen ak feblès ki te neseseite restorasyon epi rekonèt neseseite sa. Lòt moun nan epòk Jezi yo te nan neseseite restorasyon men yo pat rekonèt li, tankou farizyen yo, yo menm li te pase lòd pou vanite ak ògèy yo, yo te nye neseseite yo te genyen pou restore anba peche.

Objektif leson sa a se etidye kèk nan atitud peche ki te parèt aklè nan lavi disip yo epi Jezi te rale zòrèy yo, yon fason poun kapab analize lavi nou pou dekouvri epi idantifye konpòtman sa yo ki anrasinen nan fon kè nou ki pa konfòm ak lavi san peche ke Bondye vle pou nou viv la.

¹ Price, JM. Nan “Jezi antrenè a”. Pa a, Texas: C.B.P., s/f.p.29-46.

² Gabner-Hainer, Anton nan “Vokabilè pratik Bib la. Barcelona: Herder, 1975:407.

³ Maquis ki site nan Price, p.46, op.cit.

⁴ T.R. Glover, site nan Price, p.45, op.cit.

Etid bibliik

Lè disip yo t ap mache avèk Jezi, yo te demoutre li ke gen anpil bagay ki te difisil pou yo aksepte. Yo te vle vin tankou Jezi men, yo te rankontre nan lavi yo panse ak lite ki te kontrè ak ansèyman li yo, epi sa te devwale rasin egoyis ki te genyen nan kè yo. Mwen di Bondye mèsè pou otè levanjil yo paske yo pat kache batay espiyèl ke yo te dwe fè fas nan eseye viv yon lavi sen epi konpòte yo jan Jezi te vle a. Ann gade si nan lavi nou gen konpòtman menm jan ak pa yo a ki anpeche karaktè sen Jezi a briye nan lavi nou.

1. YO TE DOUTE, LAFWA YO TE FÈB

Ekri definisyon lafwa nan tablo a ki anndan definisyon vokabilè yo. Apre sa mande pou yon elèv li Matye 8:23-27 epi mande pou yo fè gwoup ki gen twa moun.



Reyalize aktivite N0.1 nan fèy aktivite yo avèk gwoup la ak aktivite N0.2 pou kont li.

Gen yon moman ki gen pou rive nan lavi kretyen an kote ke lafwa li dwe pase egzamen. Se yon bagay ki pase anpil jèn kretyen lè y ap pase etid nan inivèsite yo kote y ap koute anpil “vwa” ki kesyone ak nye verite egzistans Bondye, Jezi ak valè Bib la kòm otorite pou lavi.

Jounen jodi a vwa sa a yo kontinye ap rive nan zòrèy tout kretyen nan tout laj atravè mwayen kominikasyon yo. Chak jou n ap fè fas ak enfòmasyon ki kontrè epi nye enfòmasyon ke Bib la bay sou orijin lòm, sou reyalite yon Bondye ki renmen nou epi antre nan relasyon avèk nou epi genyen yon plan pou lavi nou. Yo mete egzistans peche, Jezi... a nan dout epi menm de noumenm!

Yon lafwa ki fèb pap kapab reziste anba toumant manti sa. Yon kretyen ki doute se yon moun ki vilnerab devan tantasyon epi nenpòt lè li kapab retounen nan peche.

Chak kwayan dwe decide si l ap kwè nan Bondye, moun sa a ke li pa kapab wè oswa kwè nan sa li wè ak koute nan mwayen kominikasyon yo. Se Sentespri a ki fè zèv sa manifeste nan lavi nou, men li depann de desizyon nou ki kapab grandi epi vin fò.

Fè desen yon kè byen laj sifi kote w kapab mete tout moso katon yo anndan li apre sa kole mo: Dout. Nan leson sa yo remake ak koulè nwa mo ki dwe ajoute kè sa pandan devlopman leson an.

2. YO TE METE ATANSYON YO SOU BAGAY LÈZÒM

Youn nan pi gwo malonèt Jezi te bay disip li yo se te Pyè ki te pran li.

Li Mak 8:31-37.

Istwa sa ki rakonte nan Mak la te pase nan yon leson prive ke Jezi t ap bay gwoup disip li yo.

Nan okazyon sa a, Mèt la pale yo de pil bagay ki genyen pou wè ak lanmò e rezireksyon li.

Pyè te pran Jezi pou al fè ti pale akote pou dil bliye vye lide negatif sa yo. Reyaksyon Jezi a pat pran tan: li retounen al devan gwoup la ankò epi reprann Pyè avèk pawòl sa yo: “Soti sou mwen, Satan! Paske nou pa mete je nou sou bagay ki gen pou wè ak Bondye, men pito nan bagay lèzòm”.

Poukisa Jezi te pale ak Pyè konsa lè l te rele li Satan? Repons lan senp. Pyè te panse li t ap akonpli ak responsablite li kòm pòt pawòl gwoup la nan eseye konvenk Jezi pou l pat pran chemen lanmò. Antanke lòm, lespri li te di l ke sa ki te rezonab se te kouri lwen soufrans lan, men panse yo te tèlman lwen volonte Bondye ki fè pawòl li a te gen menm entansyon ak pawòl Satan lè li te tante Jezi nan dezè a eseye devye li de misyon li te vini ranpli nan mond sa. Se pa paske Pyè avèk konsyans li t ap kite Satan itilize li, men sa pase paske panse nou yo sible avèk fason egoyis mond sa panse. Fason panse sa nòmal pou moun k ap viv san Bondye, men se prèske kontrè ak verite Bondye a ak volonte li pou lavi nou.

Nan vèsè ki devan an Jezi te fè youn nan deklarasyon ki plis enpòtan epi ki plis fè deba nan istwa legliz la, lè li deklare ke pèsòn pa kapab vin disip li si li pa prè pou pran kwa a epi swiv li.

Pran kwa a se pou nou jodi a, prè pou obeyi Bondye nan nenpòt bagay ki mande nou pou l pote Sali a bay mond pèdi sa-li mèt koute nenpòt sa li koute-, nan pran desizyon pou remèt tout akoz de li, menm pwòp lavi nou.

Jouskaprezan disip yo potko deside bay Seyè a lavi yo totalman.



Reyaliz aktivite N0.3 nan fèy aktivite yo

3. YO TE SAN PASYANS EPI FÈ MOVE SAN SOU MOUN YO

[[[Mande pou yon elèv li Matye 19 :13-15.]]]

Ta sanble ke li toujou bon pou lòm gen pasyans anvè li, men li gen pwoblèm pou li pran pasyans avèk lòt moun. Sitou li difisil pou yon granmoun pran pasyans avèk timoun yo. Sa se reyalite ki pwopaje nan pèsònaj El Chavo, nan bèl feyton nan tele Roberto Gomez Bola os, lè li rele byen fò: “se paske nou pa pran pasyans avèk mwen”.

Disip yo te kon fè kòlè sou paran ki te konn vini avèk timoun yo pou Jezi beni yo. Jwif yo te gen abitud beni nan mete men sou tèt. Sa a se te yon fòm oswa konsekrasyon yon moun bay Bondye, se sa ki fè depi lè sa a yo te konsidere moun sa kòm moun Bondye.

Jezi te repwoche disip li yo paske fason yo t ap aji a te anpeche timoun yo rive devan li, yo t ap minimize kreyati sa yo lè yo t ap fèmen chemen gras Bondye ak Sali a.

Mank pasyans fè nou vin gen kòlè epi kòlè a fè nou peche. Se entolerans lan ki bay mank de pasyans lan oswa manke bay lòt moun akseptasyon. Kreyen an dwe yon moun ki renmen lòt moun jan yo ye a epi se pa sèlman lè li renmen fason moun nan oswa konpòtman li. Se sèlman nan Bondye li kapab resevwa lanmou sa lè ògèy la jwenn netwayaj nan kè nou.

4. YO TE SÈVI AK KÈ DI POU JIJE LÒT YO

[[[Mande pou yon elèv li Lik 9:51-54.]]]

Nan okazyon sa, moun nan zòn sa ki se Samari te move kont Jezi lè yo te refize sèvis li te mande yo a. Jwif ak samariten yo youn te rayi lòt epi Jezi te dwe pase sou tè Samari pou w rive Jerizalèm.

Pwobableman disip yo te pè pou vòlè pat dechèpiye yo epi fè Mèt la mal.

Jak ak Jan (yomenm ki te pote non, pitit zèklè yo) yo te santi yo ofanse akòz de samariten sa yo epi nan kite ògèy nasyonalis la anvayi yo, yo mande Jezi otorizasyon pou fè dife soti nan syèl epi kandrennen vil la avèk tout moun ki ladan l. Yon lòt fwa ankò, reyaksyon enpasyans lan manifeste, men fwa sa, kè di oswa mank de mizèrikòd ak anvayi fè vanjans te anvayi yo.

Bondye pap janm mete otorite ak pouvwa li sou dispozisyon nou pou nou pini lòt moun ki ofanse ògèy nou. Jak avèk Jan te vle sèvi ak pouvwa Bondye pou satisfè dezi vanjans yo. Konpòtman sa ke apot yo te afiche a fè nou sonje pwofèt Jonas, limenm ki te chita ap tann Bondye detwi vil la. Nan okenn moman li te panse ke Bondye se pa yon Bondye vanjans men pito se yon moun ki gade tout nasyon avèk mizèrikòd!

Jezi te reprann yo byen di paske panse yo a te totalman kontrè ak sa Bondye te santi nan kè li. Jak ak Jan te genyen kè yo ranpli ak rayisman kont Samariten yo. Yo te plis enkyete pou ofans yo te resevwa de moun yo ki te touche ògèy yo olye pou yo te demoutre yo lanmou Bondye.

Reyaksyon yo fas ak agresyon lènmi yo pat koresponn ak “Lespri Jezi”. Yo te kontinye ap reyaji fas ak sikonstans yo nan yon fason ki pat moutre yo se pitit Bondye.

Kite santiman rayisab ak mechanste epi dezi vanjans pran rasin nan kè nou se yon bagay ki kontrè ak lanmou ak mizèrikòd Kris ki dwe ranpli lavi nou.



Reyalize aktivite N0.4 nan fèy aktivite yo

5. YO TE BATAY POU DEFANN DWA POU YO TE NAN PREMÈ PLAS

[[[Mande pou yon volontè li Lik 22:24-30.]]]

Istwa sa ke Lik rakonte a pase nan jou dènye repa a, kèk èdtan avan yo te arete Jezi a. Se pat yon premye fwa disip yo te fè diskisyon konsa ant yo (Matye 18 :1-5, Mak 10 :35-45). Yo te genyen dispozisyon pou konba nan kè yo epi nan ka sa yo te vle rezoud koze de kilès nan yo ki te merite dwa pou vin lidè tout rès gwoup la. Menm si li pa di nou ant kilès nan yo diskisyon sa te deklannche nou kapab sipoze ke se te ant Pyè, Jak ak Jan, twa disip ki te gen anbasyon pou yo te vin lidè.

Sa enteresan pou nou wè kijan Jezi pat anpeche yo chofe diskisyon an. Pwobableman paske li te konsantre nan pwòp panse li yo pandan li t ap reflechi sou evènman ki te gen pou rive yo. Men li pi pwobab pou Jezi t ap rete tann pou youn nan yo te sonje ansèyman li yo osijè lanmou pou pwochen. Men sa pat rive, yo te tèlman okipe avèk anvayi pou genyen diskisyon an. Pliske yo pat kapab rive jwenn yon solisyon san dout yo te kouri al kote Jezi pou wè kimoun li t ap bay rezon.

Repons Jezi a pat gen anyen pou wè ak sa yo t ap rete tann nan, li te mennen yo reflechi sou motif ki mennen yo vin gen anvayi pou yo lidè esprityèl. Jezi te demoutre yo byen klè ke lidèchip nan legliz la se pa menm bagay ak sa nou gen abitud wè nan mond sa.

Nan premye pozisyon, li di yo pa dwe sèvi moun pou domine yo. Nan ka sa Jezi te mansyone egzanp wa yo nan tan sa ki te genyen kòm abitud separe tè yo pran yo bay sòlda yo epi mesye sa yo te dwe di yo “byenfetè” devan je tout moun. Anpil te genyen anbisyon pou lidèchip yo paske yo reprezante yon opòtinite pou rive fè lòt moun obeyi ak resevwa mo elòj, ki ankouraje yon dezi entèn pou yo santi yo enpòtan, vle briye sou lòt moun, pou gonfle ògèy nou.

Jezi fè konnen byen klè ke kalite lidèchip sa fasil epi pa merite okenn rekonpans nan men Bondye. Lidè kretyen yo pa dwe ap chèche pozisyon, fanatik, pouvwa, onè oswa rekonpans materyèl moun y ap sèvi a, men pito se fè Bondye plezi premyeman, nan adopte konpòtman yon sèvitè. Otorite ke Bondye delege nan lidè li yo se pou sèvi, men se pa pou moute sou lòt moun.

6. YO TE GENYEN DIFIKILTE POU SÈVI PWOCHEN AVÈK IMILITE

||| Mande pou yon elèv li Jan 13:1-5. |||

Sitiyasyon sa te pase yon ti tan avan lanmò Jezi a. Nan vèsè 1 li di ke Jezi te konnen ke lè lanmò li a te rive. Tout tan ke Jezi te viv kòm lòm epi te sèvi nan mond sa li te fè li pandan li t ap mache nan direksyon pou desten li: lakwa. Pitit Bondye a te vini nan mond lan pou rive nan moman sa, sa se te pi gwo objektif vini li, bay tèt li nan sakrifis pou peche nou yo.

Men nan okazyon sa nou jwenn Jezi k ap bay yon leson ki vrèman enpòtan pou disip li yo. Nan tan sa yo, pifò moun te konn ap plede deplase soti yon kote pou ale nan yon lòt pandan y ap mache nan chemen ki genyen pousyè, pandan yo te genyen sèlman kèk ti sandal mare ak ti riban po kwi ki kouvri pye yo, yon fason pou pye yo pat ranpli ak pousyè sa ki te fè yo santi yo mal alèz. Lè yon moun te konn rive nan yon kay, kòm jès pou di byenvini, bon mèt kay ki te genyen lajan yo te konn pase esklav yo lòd pou lave pye envite yo. Disip yo te nan yon chanm kay yo te prete yo kote ki pat genyen mètrès epi menm si respityan te la avèk dlo epi sèvyèt la, pat genyen ni youn pami douz disip yo ki te pran desizyon pou ofri lòt yo sèvis la, pa gen youn ki te vle pran plas yon sèvitè.

Li pwobab pou yo tout t ap tann se Jezi ki te pou di men kimoun ki te pou fè sa. Pandan yo t ap manje konsa, Jezi te leve san fè bri, pran dlo epi koumanse lave pye yo. Jezi, Pitit Bondye a vini nan lachè pat santi ke pran responsablite travay sa pou sèvi lòt moun te yon dezonè oswa yon imilyasyon, men ògèy ki te anrasinen nan kè disip yo te fè yo panse lòt fason.

||| Mande pou yon lòt volontè li vèsè 6-11. Mande elèv yo, poukisa nou kwè ke Pyè te reyaji nan fason sa? |||

Nan vèsè 7 la Jezi bannou repons lan. Pyè pat kapab konprann ke Jezi, lidè gwoup la, Pitit Bondye a, Bondye nan lachè, li ta imilye li pou jwe wòl esklav, sa ki konsidere kòm yon travay ki plis imilyan nan sosyete a. Men Jezi te di li ke sa li t ap fè a pat posib pou li te konprann jouskaprezan men l ap konprann li apre. Kisa Jezi te vle di avèk sa? Kilè Pyè ta konprann ke fè sèvis anvè pwochen an pa yon bagay ki mal nan je Bondye, men pito se diferan ?

||| Mande pou yon lòt elèv li vèsè 12-20. |||

Nan pawòl Jezi yo nou wè byen klè ke sèvi lòt moun dwe yon karakteristik natirèl nan lavi kretyen an. Men menm si disip yo te renmen Seyè a epi te vle imite li nan tout sa li te konn fè, jouskaprezan yo pat kapab konprann grande lanmou li epi yo pat kapab renmen lòt moun nan fason sa, yo pat kapab viv lavi tankou Jezi.

Pandan Jezi t ap mache avèk yo li te sèl modèl kalite lavi sa kote lanmou Bondye koule depi nan kè pou rive deyò, menm si yo te demontre yo pat kapab repwodwi lanmou sen sa nan lavi yo youn ak yon lòt fwa. Jezi pat inyore sa; lanmou Bondye pa kapab imite, moun pa kapab rive genyen li ak fòs lòt, li pa pwodwi nan yo paske moun nan fè sakrifis pèsònèl, ni paske moun nan konvenki de sa li dwe fè.

Nan vèsè 20 an li di yo ke kapasite pou renmen nan fason sa kapab rive nan lavi yo sèlman lè yo ta resevwa sa li ta voye nan plas li a. Apre sa, nan chapit 14 :16-17, Jezi di yo ke li pral voye Sentespri a.

Travay Sentespri sa se limenm ki va tèm leson k ap vini an.



.....o **Reyalize aktivite N0.5 nan fèy aktivite yo**

Nan pwochen leson an nou pral pale sou pwovizyon ke Bondye fè pa mwayen lanmò Kris la ak Travay Sentespri a nan lavi nou, pou w lib nan fas ak atitid egoyis sa yo (sinyale kè nan tablo a) ki anpeche ke lanmou Jezi a domine sou lespri, nanm ak kè nou.



.....o **Reyalize aktivite N0.6 nan fèy aktivite yo**



Definisyon tèm enpòtan yo

- **Lafwa:** Lafwa se yon enspirasyon, li soti nan mo grèk “pistis” ki vle di “konvenki” kwè ak tout fòs, genyen konviksyon ke yon bagay reyèl, vrè oswa egzat”.
- **Sèvitè:** Yon sèvitè se yon moun k ap travay pou lòt moun. Sèvitè yo kapab tounen esklav oswa kapab vin benefisye pou sèvis li yo. Lè nou di nou se sèvitè Bondye, nou vle ke li se Mèt nou epi nou anba dispozisyon li.
- **Esklav:** Esklav la se moun k ap bay lòt moun sèvis paske moun sa a se chèf lavi li. Esklav yo jeneralman konn pa gen anpil dwa epi mèt yo kapab sèvi avèk yo nan fason ki fè yo plezi. Vin yon esklav se totalman diferan ke vin yon moun ki lib. Men kèk fwa, pou pwòp desizyon, nou deside fè tèt nou tounen esklav yon lòt moun anplis. Tankou jan nou te deside vin sèvitè Bondye, nou vle di li ke nou vle vin esklav li pou ke Li kontwole lavi nou.
- **Imilite :** Imilite a se yon konpòtman ki byen nòb. Pou nou vin yon moun ki enb, sa mande pou nou konprann ke pwòp ògèy nou kapab fè nou rive genyen yon konsèp ki plis pase sa nou genyen sa nou genyen, mete sou li lavi nou, ki se yon kado gras Bondye.
- **Egoyis:** Pawòl Bondye di nou nan Matye 10 :8b ke si nou resevwa gratis, se menm fason an nou dwe bay. Lè nou pa vle obeyi kòmandman sa ke Seyè nou an Jezi Kris te bannou an, nou vin egoyis. Vin egoyis la vle di ke nou pa vle pou lòt moun genyen sa nou genyen.
- **Ògèy:** Lè nou fè referans ak ògèy la nou vle di ke awogans, vanite ak eksè pou gonfle lestomak la fè pati lavi nou.



Rezime prensipal ansèyman pasaj ki etidye yo:

Pasaj ki etidye yo moutre nou kèk reyaksyon ki te parèt aklè nan lavi disip yo kote yo te kapab wè byen klè ke yo te bezwen yon travay netwayaj pwofon pou peche ki nan lavi yo. Swiv Jezi ak sèvi lòt moun mande pou konpòtman sa yo jwenn tetwayaj.

Chak kretyen, menm jan ak disip yo, wè prezans panse, konpòtman, pawòl epi menm aksyon nan lavi yo. Se sèlman pouvwa Sentespri a abite nan kwayan an totalman kapab netwaye vye peche sa ki pote tristès ak doulè pou moun ki vle fè Bondye plezi nan 100% de tout sa li panse, di ak fè.



Fèy aktivite yo

AKTIVITE 1

Nan gwoup 3 oswa 4, li Matye 8 :23-27 epi reponn kesyon sa yo:

1. Poukisa Jezi te repwoche disip yo nan okazyon sa ?

2. Kisa yo te pè a ?

3. Sou kisa yo te genyen dout la ?

4. Eske w dakò ke pèrèz ak dout la se sentom mank de lafwa ?

5. Ekri kèk panse sou, kisa lafwa ye ? .

6. Li 2 Timote 1 :12 epi konpare sa li di sou lafwa avèk definisyon nan tablo a avèk lide yo te ekri pou kesyon anlè a. Apre sa se pou nou ekri yon definisyon lafwa pwòp gwoup la.

7. Dapre definisyon sa yo, ekri, kijan yon lafwa ki fèb ye ? (Ou kapab sèvi ak mo tankou : mekonfyan, doute, pè, febli, konfonn ak plizyè lòt ankò).

AKTIVITE 2

Fè yon siy nan tèks sa ant 0-10, kijan lafwa w ye nan moman sa ? Fè yon sèk toutotou nimewo a pandan ke 0 a se pi piti a epi 10 la pi gwo a.

1.	Febli	0-1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Fò
2.	Mekonfyan	0-1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Konfyan
3.	Li difisil pou 1 kwè	0-1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Kwè tout bagay
4.	Enpasyon	0-1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Atann tout bagay

5.	Doute souvan.	0-1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Pèsevere toutan.
6.	Kwè si li wè devan je li.	0-1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Kwè menm si li pa wè.
7.	Doute de pwomès Bondye yo.	0-1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Konfye nan pwomès Bondye yo.
8.	Li pa fè diferans nan lavi mwen.	0-1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Li ede m viv.
9.	M pa kwè nan mirak yo.	0-1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Mwen lapriyè epi .
10.	Mwen krent pou fiti mwen.	0-1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Mwen konfye fiti m nan men Bondye.

AKTIVITE 3

Mak 8 :34, kisa ki te eksperyans ou, ni pou kounye a tou dapre sa vèsè sa di a?

a. Eske genyen oswa te genyen difikilte pou w te swiv Jezi, kidonk, obeyi kòmandman li yo?

b. Ki pi gwo anpèchman ou te genyen oswa genyen pou w swiv Jezi ?

c. Kisa w prè pou w fè pou w swiv Jezi jodi a, si li ta mande w li ?

Make wi, non oswa pètèt nan lis sa.

	Wi	Non	Pètèt
1. Riske lavi w pou w preche levanjil nan yon peyi kote ki genyen pèn lanmò pou moun ki vin kretyen.	_____	_____	_____
2. Pran swen yon moun ki gen maladi sida.	_____	_____	_____
3. Ale nan yon peyi kote w kapab atrape yon maladi ki pa gen tretman.	_____	_____	_____
4. Ale preche timoun yo levanjil nan yon katye ki genyen anpil bandi.	_____	_____	_____
5. Pase anpil nwit san dòmi pou w tan rekiperasyon moun ki pran dròg.	_____	_____	_____
6. Vann bèl machin ou an pou w achte yon vye bis pou w pote moun al legliz la.	_____	_____	_____
7. Sakrifye tan jwèt foutbòl pou w prepare w pou w anseye lòt yo.	_____	_____	_____

	Wi	Non	Pètèt
8. Renonse yon travay ki byen peye pou w jwenn plis tan pou w travay nan ministè a.	_____	_____	_____
9. Rete san achte manje w renmen an pou w bay lajan pou misyonè yo.	_____	_____	_____
10. Dòmi mwens pou w etidye nan Seminè oswa lekòl lidèchip.	_____	_____	_____

AKTIVITE 4.

Reponn kesyon sa yo.

1. Ki dènye fwa w te pèdi pasyans epi w te fache ?

2. Kisa ki te lakòz ? Kisa ki te nwi w ?

3. Eske fache sa te fè w fè yon bagay ki fè w repanti kounye a ?

4. Eske w kwè ke reyaksyon lan se te akòz de, ògèy, vanite, egoyis oswa foli grandè ou santi nan kè w ?

5. Eske w kwè ke w t ap yon pi bon kretyen si kè w ta libere anba tandans egoyis sa yo ?

AKTIVITE 5.

Reponn kesyon sa yo:

1. Poukisa li pa tèlman fasil pou moun sèvi lòt moun ?

2. Kisa ki sèvis ki plis imilyan nan sosyete a lè yon moun fè li pou yon lòt moun oswa kominote a ?

3. Kijan w t ap santi w lè w ta ap fè youn nan travay sa yo ?

4. Fè yon lis bagay sa yo ki anpeche w sèvi lòt moun ak ankourajman lakay ou, travay ou, nan legliz la, nan kominote w la, elatriye.

5. Kisa panse w bezwen pou w genyen dispozisyon ke Jezi te genyen pou 1 sèvi lòt yo ?

AKTIVITE 6.

Fè yon desen ki reprezante kè w epi ekri konpòtman peche ki la nan lavi w yo ou konnen ki merite netwaye.

LEKTI KI REKÒMANDE YO

- Jan 1:19-28
- Jan 14:15-31
- Jan 15:1-17
- Jan 16:1-24
- Jan 17:1-26



Eske se Natirèl, Chanèl oswa espirityèl?

Leson 7



Objektif:

Se pou elèv la:

- Rekonèt diferan eta espirityèl ak langaj biblik ki dekri yo.
- Konprann ke kretyen an pa delivre pou viv kòm esklav peche.
- Idantifye kote lavi li ye nan moman sa pou sa ki gen pou wè ak pwogrè espirityèl li.
- Pran konsyans de ke ranpli ak Sentespri a se pa yon opsyon, se pito yon etap anplis nan devlopman kretyen an.
- Enterese pou eksperimante bon kalite lavi sa, liberasyon anba dominasyon peche ke ranpli ak Sentespri a bay.



Materyèl

- Sirèt, tablo, makè oswa lakrè pou ekri nan tablo.

Nan lesou pase a nou te fè etid sou konpòtman peche yo ki abite nan kwayan yo epi ki se rezilta rasin peche ki fè nich anndan kè yo. Nan lesou sa nou pral etidye kat kalite eta espirityèl epi nou pral konnen plis sou peche ki abite nan lavi kwayan an epi ki twouble li pou l pa viv lavi konfòm ak volonte Bondye.



.....o **Reyalize aktivite N0.1 nan fèy aktivite yo. Apre sa, mande chak gwoup pou yo idantifye yo, pa egzanp, Kimoun sa yo ki te idantifye yo avèk Julia? Kimoun sa yo avèk Roberto? Epi youn apre lòt. Apre sa, felisite klas ou a pou onètete epi ba yo ti sirèt kòm kado pou w rekonpanse yo pou yon travay ki byen fèt.**

||| Kontinye eksplike sa epi pandan l ap pale, ekri non pèsonaj yo avèk pawòl kle yo chak nan tablo a. |||

Pou moun sa yo ki te idantifye yo avèk Julia, mo kle ki dekri eksperyans ou avèk Bondye se: Relasyon, felisite, ou se yon moun espirityèl! Se konsa devlopman espirityèl ou dwe ye.

Si lavi w menm jan ak pa Miguel la, mo kle a se ensatisfaksyon pou ou. Pa dekouraje, kounye a ou konnen Bondye men ou vle plis epi sans ensatisfaksyon sa se yon etap anplis nan kwasans kretyen an. Se Sentespri a ki mete enkonfòmite sa anndan kè w paske li vle ede w remèt ou ak volonte Bondye plis konplèt.

Felisitasyon! Ou nan bon chemen an.

Si lavi w sanble ak pa Karina, mo kle ki dekri eksperyans ou ak Bondye se: relijyon, ou se yon moun natirèl, ou poko menm aksepte Kris kòm Sovè ak Seyè pèsonèl ou.

Si lavi w sanble ak pa Enrique a, mo kle ki dekri eksperyans ou ak Bondye a se: Rekonèt; epi nan pawòl apot Pòl yo ou se yon kretyen chanèl. Se pa kalite lavi sa Bondye vle pou ou. Ou dwe pran yon angajman ki pi pwofon avèk Seyè a.

Ann gade kisa Pawòl la di nou osijè de chak kondisyon sa yo. Tout kretyen ki vle grandi pou sanble avèk Kris la dwe pase nan twa etap:

1. MOUN K AP VIV NAN PECHE (MOUN NATIRÈL)

[[[Mande pou de volontè li Efezyen 2 :1-3 ak galat 5 :19-21.]]]

Moun natirèl la se menm jan aj Karina, li vivan men li mouri espiryèlman paske l ap viv separe ak Bondye. Se lachè k ap dirije lespri li, emosyon li yo avèk volonte li. Li pran desizyon li yo avèk pwòp dezi li san li pa konsilte Pawòl Bondye a. Nou etidye kondisyon espiryèl sa nan premye leson yo ki nan trimès sa.

Nou li nan Efezyen ke nou tout ki déjà sove yo nou te pase nan etap sa lè nou t ap viv nan dezobeyisans devan Bondye. Sa a se yon moun ki komèt peche nan lespri li, nan pale ak nan fason li fè bagay yo. Lis peche ki nan Galat chapit 5 lan genyen ladan li, peche ki anndan kè ansanm ak manifestasyon ki parèt deyò yo ki se fwi sa moun pa kapab wè yo.

Moun natirèl la mouri espiryèlman. Li kapab yon moun ki mechan anpil oswa li kapab yon bon sitwayen, yon moun ki nòb ki konsidere tèt li san peche, men pliske li pa genyen Kris la nan lavi li, li pa genyen Sentespri a ni lavi ki pap janm fini an. Li genyen kò ak nanm, men li pa genyen lavi espiryèl. Women 8 :9 di konsa: *“Epi si yon moun pa genyen Lespri Kris la, li pa pou li”*.

Moun sa bezwen repanti de peche li yo epi aksepte Kris kòm Sovè pèsònèl li.

2. KWAYAN K AP SWIV KRIS LA MEN KI TOUJOU NAN LACHÈ (MOUN CHANÈL)

Lè moun nan fèt yon lòt fwa, Lespri ki vin abite nan lavi li a kòmanse yon pwosesis transfòmasyon k ap dire pou tout lavi. Nou vin moun ki tounèf, refèt tankou pitit fi ak pitit gason Bondye, nou gen kè kontan ak yon lòt fòm lavi, men, menm jan ak Miguel nan yon tikras tan nou dekouvri yon bagay ki pa mache byen jan nou t ap tann li an.

[[[Mande pou yon elèv li Galat 5 :16-17.]]]

Nou tout kretyen yo n ap viv nan lachè, paske nou nan yon kò lachè, men genyen yon diferans ant viv nan lachè avèk vin chanèl. Mo grèk sa ki tradwi “lachè” reprezante kòm tout bagay ki kont Lespri a. Dezi chanèl yo toujou ap pouse nou fè sèvis pou lachè a oswa viv dapre dezi kò a, lespri ak emosyon yo. Se pa paske kò a se yon bagay ki mal, se Bondye ki kreye li epi Bondye pa fè anyen ki mal oswa ki pa bon. Men pwoblèm kò a se paske li gen abitud satisfè tèt li nan yon fason ki egoyis.

Pa egzanp yon tafyatè ki vle sispann bwè tafya, li pa kapab obeyi kò li paske kò a ap vle kontinye bwè epi li vin depann de tafya a. se sèlman si volonte li poze sele sou dezi fizik li yo epi kontinye rete yon tafyatè pandan tout lavi.

Kounye a, nou dwe konnen ke lachè sa ak kontinye rete nan tout nouvo konvèti yo epi byento l ap

gen pou l manifeste nan lavi disip la jan nou te wè sa nan leson avan an. Gen kèk kwayan ki twouble lè yo dekouvri ke lajwa anndan yo pou yo retounen al fè sa yo te abandone deja yo. Li pwobab pou yo santi yo konfonn paske yo te panse ke lè yo te fin aksepte Kris, tout pwoblèm peche yo te fini.

Men se pat konsa. Reyèlman gen yon lagè ki kòmanse anndan kè li. Pote viktwa sou tantasyon yo vin byen difisil, l ap genyen yon gwo anvi nan kè li pou l satisfè dezi chanèl yo, ki kontrè ak lavi ke Jezi vle anseye li a. Fòs entèn sa ki envite nou anvi sa ki kontrè ak volonte Bondye a tou pote non “vye nati a”, “vye mwen” oswa “vye lòm”. Dezi sa soti nan rasin peche Adan li menm ki te lakòz tout ras limanite kontamine. “Vye mwen” sa a vle pou w retounen nan abitud ou te genyen avan w te vin kretyen epi batay pou abitud tounèf pa pran rasin, bagay tankou lapriyè, peye ladim, renmen lènmi yo, sèvi lòt moun avan w, elatriye. Kò w ap kenbe tèt ak chanjman yo, lespri w ap kenbe tèt pou pa kite w vin yon moun ki diferan, kè w pap vle separe ak vye zanmi yo k ap fawouche w kounye a paske w vin kretyen...

Gen yon moun ki te ekri pou di ke lavi kretyen an nan etap sa se tankou de lyon k ap goumen anndan li pou wè kilès nan yo ki pou domine. Youn nan yo se vye lyon an, vye volonte nou an rele vye lòm tou oswa “mwen” an ki gen peche, limenm ki gen abitud domine epi pa genyen okenn entansyon pou soumèt li devan Kris la. Se sa ki premye idantite nou, vye lavi nou an abitye ak peche, sa nou te ye avan nou te vin fèt yon lòt fwa nan Kris la. Lòt lyon an jèn, se lavi ki tounèf la, moun rejenere a epi refèt nan Kris la ki vle fè Seyè ak Sovè l la plezi. Menm kote a kwayan an dekouvri ke li difisil pou l gen kontwòl vye lyon an.

Sa ki natirèl nan lavi kretyen an se pa rete pou anpil tan nan kondisyon sa. Nan leson sa yo nou pral wè solisyon ke Bondye te bay nan Kris la pou bannou libète konplèt anba kondisyon peche sa.

3. KWAYAN K AP VIV LAVI NAN KRIS LA (MOUN ESPIRITYÈL)

[[[[Mande pou yon elèv li Women 8:1.]]]]

Genyen yon lòt kalite lavi ke Bondye vle nou adapte depi lè li te bannou lavi nan Kris la, se lavi ki konfòm ak Lespri a. Menm jan ak Julia, moun ki espirityèl la ale pli lwen pase eksperyans Sali a epi dekouvri ke ranpli ak Sentespri a chanje lavi li.

Si nou li premye chapit liv Travay la, n ap wè ke lè disip yo te ranpli ak Sentespri a, te gen yon gwo chanjman ki te pwodwi nan lavi yo.

Pandan yo te ansanm avèk Jezi yo pat kapab viv menm jan ak Mèt yo, men lè Sentespri a te ranpli yo, menm kote a yo te kòmanse gen pouvwa pou viv lavi tankou Seyè a.

Ann gade kèk rezilta sou ranpli ak Lespri nan lavi mesye ak medam sa yo.

Relasyon ak Jezi a te diferan

Nan moman disip yo t ap mache avèk Jezi, yo pat kapab genyen li anndan kè yo. Jezi te ansanm avèk yo, men malgre sa tout ansèyman li yo te sanble pat fè rasin nan kè yo. Li te fè lekòl avèk yo sou imilite ak danje ki genyen lè yon moun santi li pi bon pase lòt epi malgre sa yo te konn ap goumen ant yo pou konnen kimoun k ap chèf rès gwoup la.

Se te lè sa Kris la te rive antre nan lavi yo pa mwayen Sentespri a ki te kapab domine sou ògèy ki te nan kè yo. Sa a te enposib avan ke Jezikris te bay lavi li pou ke peche a te lave nan lavi nou

totalman. Se sèlman lè nou ranpli ak Sentespri a nou kapab genyen Jezikris viv nan lavi nou.

[[[Li Jan 14:23.]]]

Lè Sentepri a ranpli kwayan an, gen yon lanmou anvè Bondye ki vin etabli nan kè li. Lè nou resevwa lanmou Bondye a, sa ranpli lavi nou, li kòmanse anvayi nou epi renmen lòt moun nan se yon bagay ki vin koule natirèlman nan lavi kretyen an. Kè nou vin chanje menm jan ak yon oseyan ki plen ak dlo free pi ki dwe ouvri ti wout pou vide dlo nan jaden ki sèch ki swaf oswa nan yon lòt fason l ap pwodwi.

Lè Jezi ranpli lavi nou avèk Lespri li, limenm avèk nou vin fè yon sèl. Se yon biyoksi espartyèl senp epi Li kòmanse ranpli panse nou avèk panse li yo, afeksyon nou yo soti nan pa l la, pasyon nou nan pasyon pa li. Sa ki nòmal nan lavi kretyen an se ke li anvi genyen yon relasyon ki plis sere avèk Jezi.

Inite nan Kò Kris la vin pi fò

[[[Mande pou yon elèv li Women 5:5.]]]

Lanmou Bondye ki ranpli kè disip yo te ranplase move atitid ki te nan yo. Se lanmou Bondye a ki fè nou kapab renmen pwochen nou yo epi sèvi yo nan nesosite yo. Kretyen nan legliz primitiv yo te pataje byen materyèl ak richès espartyèl yo.

Anpil fwa nou gen pwoblèm nan legliz la paske nou konn jwenn moun ki toujou ap fè eskandal akòz de tanperaman yo. Gen anpil legliz ki divize akòz de kalite pwoblèm sa yo ki konn fè moun yo vin lènmi.

Yo chak di yo renmen Bondye endividyèlman men pèsòn pa prè pou kite ògèy pou travay Bondye a fèt. Ala sa difisil pou kwè ke moun sa yo ranpli ak Lespri lanmou Bondye a!

Nan kèk peyi nou yo nan amerik latin nan nou kapab obsève jouskaprezan konstriksyon kote moun te konn sèvi ak labou pou kole blòk wòch. Gen kèk kote konstriksyon sa yo dire plis pase san lane, men li fasil anpil pou mi sa yo demoli. Jouskaprezan, nou kapab jwenn kay konsa nan peyi Lespay moun k ap viv nan vye kay ki gen mi yo fèt avèk wòch natirèl ki kole youn sou lòt avèk labou. Byen fasil ou kapab retire yon ti wòch nan mi yo paske mòtye yo fè li a pa bon. Tout konstriksyon sa yo te fèt nan lè ak kote ki pat genyen siman disponib, oswa kote moun nan pat konnen si te genyen yon bagay konsa ki te egziste. Men jounen jodi a, kimoun ki t'ap dakò fè yon kay pandan l ap kole blòk yo avèk labou?

Lanmou Bondye a jan Bib la dekri l la se tankou siman k ap itilize pou kole blòk yo nan yon mi. Lanmou sa disponib, sepandan gen kèk moun ki kontinye ap sèvi ak ranplasan ki pa kole menm jan, tankou labou ki te konn itilize lontan.

Pouvwa pou nou reyalize misyon ke Seyè a te bannou an

[[[Mande pou yon elèv li Jan 15:5.]]]

Kwayan ki ranpli ak Sentespri a genyen yon onksyon espesyal ki bay fwi lè 1 sèvi Seyè a. sa genyen plizyè faktè kote nou pral mansyone kèk ladan yo.

Kretyen ki ranpli ak Sentespri gen imilite pou aprann, li libere de egoyis ki te fè li kwè ke li te konn tout bagay. Yon moun ki etidye epi prepare li plis enpòtan nan lè Bondye a epi travay li pote plis fwi. Gen lòt moun, akòz de ògèy, yo la ap plede mache komèt erè ke yo te kapab evite epi gaspiye tan ak enèji yo san pi gwo pwogrè.

Kretyen ki ranpli ak prezans Seyè a travay nan tèt kole ak Sentespri a. Chak jou li aprann pale avèk Lespri a epi pran desizyon ke Sentespri a gide l pran. Se Sentespri a ki moutre li ki kote li dwe al preche levanjil, Li fè li sonje ansèyman Pawòl la pou chak okazyon, Li ba li sajès pratik pou l rezoud pwoblèm nan lavi yo epi bay lòt moun konsèy.

Sentespri a pran devan moun ki espiyèl la pou al prepare kè moun yo pou yo kapab santi grangou pou koute Pawòl Bondye epi vle repanti. Yon lòt kote, Sentespri a bay fanm oswa gason espiyèl la kran pou l pale san pè san li pa wont devan tout moun.

Pouvwa pou viv nan sentete

Eksperyans sa se yon dezyèm travay gras la ki bannou pouvwa pou nou viv toupre Kris la epi lwen peche a.

[[[Mande pou yon elèv li Women 6 :11-14.]]]

Volonte Bondye pou pitit li yo se pa ofri okenn opòtinite pou peche nan lavi yo. Li vle ekspri lanmou li pou mond pèdi sa pa mwayen tou noumenm, transfòmè men nou, lespri ak pye kòm enstriman ki itil epi byen prepare ke Li kapab itilize. Kretyen ki sen yo pale laverite, yo renmen sa ki dwat, yo gen pasyon pou travay Bondye a, yo investi tan, kapasite ak byen yo pou sèvi Bondye. Lavi sentete a posib sèlman lè nou ranpli ak Sentespri Bondye a.

4. KRETYEN KI PA GRANDI A (KRETYEN CHANÈL)

Moun ki chanèl menm jan ak Enrique, menm si li ekspri lafwa li nan Kris la epi vivan espiyèlman, li kontinye anvi genyen bagay nan vi sa a plis pase pa espiyèl yo. Anvi “chanèl”yo toujou ap bouskile li akòz de apeti li genyen yo. Interè ak desizyon moun sa konsantre sou limenm. Lespri li okipe avèk panse chanèl, emosyon li yo anba dominasyon panse ki negatif epi fason li fè relasyon ak Bondye epi lòt moun manifeste ekilib entèn sa.

[[[Mande pou yon volontè li Jak 1:8.]]]

Apot Jak rele li “moun ki toujou ap chanje lide” ki vle di “yon moun ki genyen de nanm oswa doub lavi”. Moun sa vle viv tankou kretyen epi menm jan ak payen nan menm tan an tou; li pa vle abandone plezi mond lan, men li pa vle pèdi lavi ki pap janm fini an nonplis.

Moun konsa genyen lespri ak afeksyon yo divize, li pa prè pou l sispann fè volonte li pou al swiv Kris la sanpousan. Kretyen chanèl la pap viv yon lavi ki fè Kris la plezi. PA genyen okenn pitit Bondye ki dwe viv doud lavi sa. Li difisil pou moun abandone peche a, li antre nan lespri nou, nan pèsonalite nou, li fè nou vin esklav epi pouse nou fè bagay ki pou fè nou pran wont epi

anpeche nou wè chemen delivrans Bondye ofri nou nan Jezikris la. Men chak pitit Bondye kapab epi dwe viv lib de dominasyon peche.

Èske oumenm ou vle pou Bondye retire dominasyon peche a nan lavi w konplètman epi ba w libète anba dominasyon l lan? Nan pwochen lesou yo nou pral wè danje ki genyen lè yon moun ap viv nan lachè ak benefis lavi nan Lespri a.

Definisyon tèm enpòtan yo

- **Monden:** Pou mond lan, k ap sèvi peche a epi ki kontrè ak Bondye e volonte li. Li kapab sèvi pou sinyale yon koutim, kalite lavi oswa yon moun ki pa agreyab nan je Bondye.
- **Simbyosis:** Asosyasyon de oswa plis eleman pou fòme yon sèl inite, yon lavi nan tèt ansanm.
- **Lachè:** Lavi moun k ap viv nan peche kote ke lavi li la pou bay pwòp tèt li satisfaksyon, plezi ak anbisyon egoyis. Nan lavi sa domine “mwen” oswa volonte moun nan.
- **Vye nati, vye mwen oswa vye lòm:** Se lòt non lavi nan lachè a pote, limenm ki rele “vye” pou fè diferans de lavi ki tounèf nan Kris ki te vini pou ranplase li.

Rezime prensipal ansèyman pasaj ki etidye yo:

Tout moun ap viv nan youn nan kat kondisyon espiyèl yo. Moun natirèl la se moun ki pa genyen yon relasyon avèk Bondye, l ap viv nan peche, li pa genyen lavi espiyèl epi se sèlman si li aksepte Kris kòm Sovè li, li pap fè wout pou lanfè. Nouvo kretyen an se yon moun ki refèt nan Lespri epi li nan yon etap kwasans nan relasyon li avèk Bondye. Koze swiv Jezi a vin difisil pou li akoz de eritaj peche ki genyen nan lavi li a e ki dwe soti ak pouvwa Sentespri a.

Moun espiyèl la se yon moun ki remèt lavi li bay Seyè a sanpousan, li kite egoyis epi grandi nan relasyon lanmou li avèk Jezi ak pwochen li yo. Kretyen chanèl la se yon kwayan k ap devlope pa mwayen desizyon li pandan l ap viv yon doub lavi, relasyon li avèk Bondye pa pwofon epi lavi li se yon melanj de sa ki nan mond lan ak sa ki nan krisyanis la. Dènye kalite lavi sa pa agreyab nan je Bondye.



Fèy aktivite yo

AKTIVITE 1

Avèk kimoun ou plis idantifye w? Ak kimoun nan moun sa yo relasyon w avèk Bondye plis sanble, ak mond lan epi fanmi w?

Julia:

Pou Julia Bondye se yon Papa ki rete toupre epi chaje ak lanmou. Relasyon sa enpòtan pou li anpil paske ni papa li ni papa pitit li yo pat konn ba li afeksyon ak karès.

Li toujou pran tan li pou pale ak Bondye, li chita fè dyalòg ak Bondye kòm si se te yon zanmi. Li pale de Bondye avèk anpil lajwa epi li te kwè ak tout fòs li ke Bondye te toujou ap koute li, menm lè li tris ak dekouraje. Li pale ak Bondye lakay li, pandan li pral travay, lè li leve, lè li kouche... Bondye se moun ki plis enteresan nan linivè selon limenm, limenm ki se yon moun ke sa enpòtan pou moun ta mete plis tan apa pou konnen li pi byen. Pou li, obeyi Bondye se pa yon chay ki lou, men se pito yon repons natirèl de yon moun ki renmen yon lòt epi vle fè l plezi.

Julia te remèt Bondye kontwòl tout lavi li epi li toujou anseye li fason pou l itilize talan li yo, fason pou l edike timoun li yo ak chak desizyon enpòtan oswa piti nan lavi li anba kontwòl direksyon li.

Pou Julia, viv nan mond sa chak jou konfwonte li avèk gwo defi. Li konnen ke abitud moun yo avèk prensip k ap dirije yo a fè yo ale lwen de sa Pawòl Bondye a anseye. Li analize Bib la pandan l ap chèche direksyon pou tout dosye lavi li: Kouman pou li abiye, kouman pou l fè fas ak moun ki pa gen menm sèks avèk li, kisa li dwe gade nan TV, ki fim li dwe lwe?

Gen kèk fwa se difisil e menm fèm al pou obeyi Seyè a paske kòmandman Bondye yo pa popilè.

Li fè efò pou l leve pitit li yo yon fason pou yo renmen Bondye epi genyen yon relasyon pèsònèl avèk Li. Li konfye li ke se Seyè a k ap bali sa li gen bezwen epi bali sajès pou l administre byen li yo. Dapre limenm, travay li se yon sèvis ki pou Bondye.

Julia te soufri anpil lè mari li te deside mete fen ak relasyon matrimonyal li a, men li te jwenn restorasyon gras ak èd fanmi li avèk legliz li a. Apre divòs li a, li te deside sèvi Seyè a ansanm ak tout pitit li yo. Li vle yon egzant fidelite kretyen pou timoun li yo. Li vle pou yo sonje vwa li lè l ap priye pou yo. Li vle pou timoun li yo konnen ke yo genyen yon misyon nan mond sa ki fè Bondye te ba yo lavi.

Miguel :

Miguel se yon jèn ki gen 25 lane ki gen kèk mwa depi li fèt yon lòt fwa epi l ap resevwa klas antrènman disip nan legliz la. Li gen anpil anvi pou l konnen plis bagay sou Jezi, se poutèt sa li fè efò pou l li Bib la epi lapriye chak jou. Li renmen ale legliz paske la li aprann bagay ki tounèf sou Bondye. Miguel santi li tonbe damou pou Seyè li a, li admire li anpil epi anvi vin menm jan avèk li nan tout branch nan lavi li.

Men toudènyèman li dekouvri ke li pa tèlman twò fasil pou yon moun obeyi Jezi nan tout sa li mande. Gen anpil kesyon ki moute nan tèt li: Kisa sa vle di renmen pwochen nou menm jan nou renmen pwòp tèt pa nou an? Koze viv san fè peche a èske se yon bagay ki verite? Kouman pou m fè renmen ak padone moun ki tèlman fèm mal?

Miguel vle antre nan ministè ki nan legliz la yo epi vrèman li pran plezi li pou sèvi lòt moun, men kèk fwa sa difisil pou li lè gen yon pwogram nan televizyon an ki enterese li, oswa lè li vle rete dòmi chak samdi pou li leve byen ta.

Li renmen lòt kretyen ke li toujou wè ki byen ankouraje pou travay nan legliz la epi sanble sa pa fè yo anyen lè yo nye tan lib yo genyen pou vini travay ansanm ak lidè ministè yo nan legliz la. Li admire Jessica, pa egzanp yon jèn ki genyen 23 lane ki toujou vini netwaye tanp lan chak samdi epi prepare tout bagay pou sèvis dimanch yo.

Li admire don José tou yon pèsonaj ki toujou resevwa li avèk yon bèl souri nan pòt tanp lan epi li konnen non plis pase 100 moun k ap asiste sèvis nan legliz la! Men moun li plis prefere a se don Sonia, ki se kizinyè lè gen yon aktivite espesyal. Mari dam sa te abandone li sa fè depi anpil lane epi li te leve 8 pitit li yo poukont li, li travay kòm kesye nan makèt, jouskaprezan li gen tan pou l evanjelize ak fè antrènman disip pou lòt moun. Li mennen plis pase senk fanmi vini nan legliz la pandan twazan konvèsyon li a!

Pou Miguel sa te difisil pou l te kite bagay lemond avan li te vin kretyen an. Jouskaprezan li santi anvi pou l ale danse avèk zanmi l yo.

Li renmen fimen epi detanzantan li pran yon kout sigarèt. Miguel dekouvri ke anndan li gen yon fòs ki fè li wè ke li difisil pou l obeye Bondye nan tout bagay. Kèk fwa li konn doute de Sali li a, paske menm si li vle vin tankou lòt kretyen yo, li santi ke li pap janm vin konsa.

Relasyon li avèk fanmi li pa fasil. Detanzantan li pale mal avèk papa li. Men pi gwo pwoblèm nan se avèk mennaj li a ki rele Paula. Limenm ki pa kretyen epi non sèlman li pa konprann chanjman ki fèt nan lavi Miguel la, men tou li oblije l fè yon chwa ant limenm oswa legliz la. Si li te vle kontinye avèk li, li te dwe demontre sa pandan li ta kòmanse viv avèk li kòm koup (menm si se san marye). Miguel te santi anpil doulè paske li renmen mennaj li, li te santi li anba obligasyon pou l mete fen ak relasyon an. Li te kwè ke Bondye te genyen yon madanm kretyen prepare pou li epi li deside rete tann li.

Miguel pa vle tounen dèyè, li vle genyen kouraj pou l te mete fen ak tout bagay ki te mete li nan relasyon ak peche nan tan pase. Miguel vle genyen fòs entèn sa pou l sèvi lòt yo epi ki pa koute l kite lòt bagay yo tèlman pou mete tan apa pou travay legliz la. Miguel konnen felisite li eksperimante avèk Jezi pa kapab konpare avèk okenn lòt nan sa mond lan te bali epi li vle pou Bondye ranpli tout lavi li ak lanmou li epi sentete pou l vin tankou Jezi.

Li te vle pou moun sonje li kòm yon moun ki vanyan ki te swiv Jezi avèk tout fòs li yo.

Karina:

Karina gen konsyans ke genyen yon Bondye ki egziste oswa yon fòs lavi oswa yon fòs siperyè, jan yo vle rele li. Depi lontan grann li te konn mennen li al nan lekòl dominikal men li prèske pa sonje anyen nan epòk sa. L'ap fè prejiye kont legliz ki òganize epi pa fè evanjelis TV yo konfyans avèk prèt yo. Kèk fwa li konn kòmanse panse sou Bondye lè l al nan vakans nan mòn yo oswa nan lanmè a.

Karina konsidere tèt li kòm yon moun ki relijye. Dapre limenm Bondye tout kote. Toudènyèman li gen yon anvi li liv lavi espartyèl yo. Li te achte biyografi Dalai Lama, Mhatman Gandi, Buda ak lòt ankò. Li te goute meditasyon ak sikoterapi pou antre nan kontak ak mond entèn li. Li kwè ke se anndan li kle pou l akonpli ak desten li an ye nan mond sa. Dapre limenm otorite lavi li se pwòp mwen klere li a.

Karine toujou ap chèche sa ki tounèf. Li bay opinyon negatif li sou koze avòtman, omoseksyalite, swisid, men li defann dwa chak moun genyen pou chwazi sa li vle, sa ki vrèman enpòtan pou li, se dwa lib lòm genyen pou fè sa li vle avèk lavi epi kò li.

Dapre limenm, travay la se yon teren jwèt kote youn ak lòt ap batay pou fè siksè, lajan, pouvwa ak reyalizasyon pèsonèl. Li deside pou li fè siksè nan pwofesyon li an menm si sa ta koute l nenpòt bagay.

Li genyen pou l marye vrèman se lè li jwenn yon bon kandida, pou kounye a l ap panse al viv nan kay ak nouvo mennaj li genyen an pou wè kijan l fonksyone.

Li gen rèv pou genyen pitit li yo byen edike epi pou yo vanyan gason. Li vle pou pitit li yo sonje li kòm yon

fanm entelijan, endepandan, ki gen afeksyon epi enteresan.

Li vle pou moun sonje li kòm yon moun ki konnen byen sa li vle epi konn batay pou rèv li yo.

Enrique:

Enrique genyen anpil tan depi li kretyen epi li konnen anpil bagay sou Bondye, li kapab resite vèsè biblik ditèt plis pase tout moun epi li toujou priye byen nan mitan foul moun. Li lapriye lakay li tou depi lè li te fin aksepte Jezi kòm Sovè depi lè li te jèn.

Pou li, Bondye se yon gwo lidè ki genyen pouvwa epi ki twò okipe nan rezoud pwoblèm nan mond sa. Li pa kwè ke Bondye gen enterè pou kiltive yon relasyon pèsònèl avèk li.

Enrique toujou priye pou menm bagay la toutan paske li panse ke pou pèsèverans li petèt Bondye va genyen pitye pou li epi koute li. Jeneralman lapriye li yo se pou sa li genyen bezwen: travay, pwoteksyon pou fanmi li, elatriye.

Dapre limenm, sèvi Bondye se responsablite li. Li se kretyen paske se kalite lavi ki kòrèk la, men “se toutotan w pa tounnen yon fanatik” se sa li di. Li renmen reyini ak manm legliz yo epi kolabore avèk legliz la paske se sa Bondye mande li fè epi Enrique pa renmen santi l koupab.

Anplis de sa li genyen ant kongregasyon an yon rezo kontak pou travay li nan radyo kretyen.

Li pa tèlman renmen lè pastè a mande ofrann espesyal oswa pou yo bay tan pou kèk ministè. Dapre limenm Bondye te kreye li pou l jwi lavi.

Enrique pa yon move moun, li renmen konnen kisa Bondye vle pou lavi li, men jeneralman li fè sa li vle.

Pou Enrique, Bib la se yon liv ki pa alamòd pou sa ki gen pou wè ak koze moral ak valè. Enrique viv lavi dapre prensip li te aprann nan men paran l yo oswa nan kominote kretyen li a.

Valè kretyen li yo frajil anpil. Yo gade pwogram TV lakay li avèk fim anseye valè ak prensip ki nan rebelyon kont volonte Bondye, men li kontan paske timoun li yo jouskaprezan vle kontinye asiste ak gwoup jenès legliz la.

Dapre Enrique travay li se yon fason pou l debat lavi ak siksè ke li genyen nan pwofesyon li se akòz de efò ak talan natirèl li yo.

Li gen anpil esperans pou fanmi li. Li fè efò pou l bay pitit li yo tout sa yo bezwen. Timoun li yo se adolesan yo li epi pase anpil tan avèk zanmi ki pa kretyen, men yo kontinye ap pran bon nòt nan lekòl la epi yo pa tèlman mal oswa tèlman mal edike kòm lòt timoun ki abite nan zòn nan yo.

Relasyon matrimonyal li sanble solid, men yo pèdi cham sa fè plizyè lane pandan y ap viv ansanm. Gen yon kantite ak kalite kontra ant yo de a: l ap sèvi byen avèk li toutotan li kenbe ekonomi fwaye a estab.

Enrique panse ke lè yo sonje li y ap di konsa: “Li menm avèk fanmi li te eseye sèvi Seyè a”. L ap atann pou timoun li yo vin pi bon kretyen pase li ki pat pase anpil tan avèk yo akòz de travay li.

Avèk kilès ou idantifye w?

Si se avèk Julia ou satisfè avèk eksperyans ou avèk Bondye pou kounye a epi ou renmen grandi chak jou nan relasyon w avèk Li.

Si se avèk Miguel, ou konnen Bondye men ou pa satisfè de relasyon w pou kounye a epi w ap chèche fè eksperyans ak yon relasyon ki plis pwofon avèk Li.

Si se avèk Karina menm jouskaprezan w poko aksepte Jezi kòm Sovè epi w ap viv kòm yon moun relijye.

Si se avèk Enrique, ou konnen Bondye men ou genyen yon kondisyon espirityèl timoun ki byen danjere.

LEKTI KI REKÒMANDE YO:

- Sòm 1
- Sòm 42
- Sòm 112
- Lik 8 :4-15
- Revelasyon 3:14-22



Yon anfans ki long ak danjere

Leson 8



Objektif:

Se pou elèv la:

- Konprann ke rete viv lavi nan lachè a se pa yon opsyon pou pitit Bondye yo.
- Kapab idantifye si gen prezans dominasyon peche sou volonte Bondye.
- Reflechi sou mal moun chanèl la fè tèt li ak legliz Seyè a tou.



Materyèl

- Bib la nan plizyè kalite vèsyon. De fwi sezon nan menm kalite, youn vèt epi lòt la mi nan pwen kote ki pi dous la. Pa egzanp: pèch, pwa, papay, melon, bannann oswa lòk kalite ki gen gou ki diferan lè fwi a mi. Yon plat oswa resipyan, kouto ak kwidan oswa sèvyèt pou sèvi. Pote yo tou ankè nan klas la pou w koupe yo pa timoso epi bay elèv yo goute yon moso fwi vèt ak yon moso ki mi tou. Fè kalkil pou w pote ase pou tout klas la jwenn.

Entwodiksyon

Nan lesan ki pase a nou te wè kalite lavi lavi kwayan chanèl ki sanble ak pa Enrique a. Enrique se kalite kwayan sa a ki refize kwè, ale pilwen nan lavi espiyèl li. Ann fè yon revizyon de sa nou te wè sou lavi kwayan chanèl la.



.....○ **Reyalize aktivite N0.1 an avèk gwoup la nan fèy aktivite yo.**

Nou mete lesan sa apa pou nou etidye eta espiyèl sa a ki nan kretyen ki kontinye ap viv nan lachè paske sa se pwoblèm ki plis serye ke legliz kretyen nan ap fè fas nan tout istwa li. Ou kapab mande, poukisa? Ki mal kalite moun sa a kapab fè ? Poukisa nou pa kite li viv lavi kretyen an nan fason pa li ? Èske apre tout bagay se konsa yo ye e nou dwe renmen yo nenpòt jan yo ye a ?

Si se konsa w panse ou pa genyen enfòmasyon ki kòrèk. Kretyen chanèl yo se yomenm ki pi gwo lènmi ki kont avansman levanjil la nan mond sa. Pou nou konprann li pi byen ann gade konparezon nan aktivite 2 a.



.....○ **Reyalize aktivite N0.2 an avèk gwoup la nan fèy aktivite yo.**

Etid bibliik

[[[Kòmanse etid bibliik la pandan w ap fè plizyè elèv li 1 Korentyen 3 :1-4 nan plizyè kalite vèsyon.]]]

Nan chapit 1 Korentyen sa a, apot Pòl dekrive sitiyasyon espiyèl ke kretyen nan legliz korent yo te ye. Li rele yo chanèl ak bebe espiyèl, li di yo ke yo viv goumen ant yomenm epi yo sanble ak fanm ak gason pechè. Sa se rezon ki te fè apot Pòl te santi yon limit pou l te preche verite espiyèl yo, yo te déjà pat nan kondisyon pou yo te konprann yo epi mete yo an pratik. Se pa paske kretyen nan legliz Korent yo te manke entelijans, yo te moun ki te byen edike epi kapab konprann, men yo pat kapab adapte yo avèk gwo verite ke Bondye te genyen pou lavi yo a.

Eta chanalite sa ke manm legliz korent yo t ap viv la te bay pwoblèm nan legliz la, pou lidè espiyèl yo ak pou yomenm. Ann wè ki kalite danje ki genyen lè kwayan an ap viv nan eta sa.

1. YON ANFANS KI PWOLONJE

Pòl dekrive kretyen chanèl la kòm yon moun ki malgre li gen anpil tan depi li kretyen li se yon bebe jouskaprezan, yon bebe espiyityèl. Kisa sa vle di?

Li nòmal pou genyen bebe espiyityèl ki se nouvo konvèti yo. Yomenm y ap aprann verite debaz Pawòl la pa mwayen antrènman disip epi fè premye pa yo kòm disip Kris. Moun sa yo bezwen anpil atansyon paske se tankou bebe yo ye, yo frajil anpil, sa vle di, yo bezwen yon bèje ki pou rete tou pre yo pou ede yo. Nou dwe genyen bebe espiyityèl nan legliz la tankou moun sa yo toutan. Yo se siy ki moutre ke legliz la ap fè travay li pou chèche nanm ki pèdi yo pou Kris.

Men lòt bebe yo se yon ka ki diferan, tout moun ap atann pou kretyen sa yo ki nan legliz depi byen lontan grandi plis. Pòl di ke moun sa yo pa kapab dijere oswa konprann richès espiyityèl ke Bondye genyen prepare pou pitit li yo. Menm jan ak timoun piti yo, yo pa kapab dekouvri kisa ki bon pou yo.

Nan lòt mo, yo konplètman pa kapab disène verite ki genyen nan twonpe moun akòz de mank de konesans verite ki soti nan Bondye yo. Pòl di konsa yo pat rive genyen nivo kwasans espiyityèl ke yo te dwe genyen an epi akòz de sa li te oblije retounen al anseye eleman debaz osijè de krisyanis la ke deja lavi yo te sanble ak pa moun natirèl la.

Menm jan ak yon papa e yon manman ki enkyete si bebe yo a pa pran pèz epi grandi, se menm jan mank de kwasans moun legliz korent yo te prewokipe Pòl paske se pat yon bon siy bon sante espiyityèl. Kretyen sa yo moutre karakteristik ki pwòp avèk bebe: yo pa kapab ede tèt yo ni yo pa kapab ede lòt moun

Yon bebe pa kapab fè anyen poukont li

Kretyen chanèl yo pa konnen kijan pou yo nourri pwòp tèt yo. Yo depann de pastè yo ki vin tounen yon moun k ap gadò timoun pou yo. Yo fè se pastè yo k ap mete ti manje nan bouch yo toutan, rezoud pwoblèm relasyon yo, mande konsèy pou nenpòt ti pwoblèm, mande pou entèsede pou yo nan lapriyè, ankouraje li oswa fè travay ministè a ke yomenm yo ta dwe ap fè. Kòm yo pa genyen viktwa sou peche, yo retounen detanzantan nan peche vye lavi yo. Koze pou yon kretyen kontinye ap fè peche ane apre ane se sinyal ke gen yon bagay ki mal, menm jan ak yon timoun ki rete chikata plis pase sa l ta dwe pase, sa moutre sentom maladi.

Yon bebe espiyityèl pa kapab ede lòt moun

[[[Mande pou yo elèv li Ebre 5:11-14.]]]

Otè lèt Ebre yo, menm jan ke Pòl t ap fè fas ak menm difikilte sa avèk kèk kwayan jwif ki te pran tan pou yo te gen matirite. Lidè legliz yo pat kapab antrene yo pou yo pran responsablite nan ministè nan legliz la; okontrè, yo te oblije ede yo paske yo pat genyen fòs espiyityèl. Pliske kretyen chanèl yo pa kapab ede pwòp tèt yo a, se menm jan tou yo pa kapab ede lòt moun.

Otè lèt Ebre yo di nan vèsè 12 la: “Depi tout tan sa a, se pou n’ te fò deja tankou moun k’ap moutre nou yo. Men, okontrè, se bezwen nou bezwen toujou pou moun montre nou bagay ki pi fasil yo, premye konesans nan pawòl Bondye a. Se ti lèt nou bezwen bwè toujou, nou poko ka manje

gwo manje” moun sa yo te genyen anpil ane nan levanjil, men yo pat kapab pran responsablite yo nan legliz la.

Nan tan jounen jodi a nou tande pastè k ap diskite nan konferans kont kretyen ki pa pran responsablite yo. Nan kèk okazyon nou jwenn legliz ki genyen anviwon 100 moun epi yo pa kapab ranpli menm sèt plas kòm antrenè lekòl dominikal! Se yon tristès pou wè ke nan yon legliz kote y ap mande pou volontè vin fè ti travay, tankou pa egzanp prepare repa Seyè a, pote yon plat manje moun repa midi oswa kolabore avèk yon ofrann pou kan jenès legliz la epi se yon vye tikras moun ki leve men yo.

Kisa ki rive nou? Kisa mank de enterè sa ye? Èske se paske nou tankou timoun ki pa kapab pran nenpòt kalite responsablite? Èske se paske nou manke lanmou ak pasyon pou travay Bondye a? tout sa yo se sentom chanalite epi chanalite se peche.

Nan legliz ki ansante yo kretyen yo byen grandi. Depi lè yo fin aksepte Kris, yo resevwa antrènman disip jouskaske yo prepare pou pran responsablite yo nan kò Kris la. Eksperyans anpil nan legliz sa yo nan mond lan demontre ke li pase anviwon dezan ap prepare nouvo konvèti a pou li kapab pran responsablite li nan oryante lòt moun, tankou pa egzanp vin yon antrenè disip oswa yon lidè gwoup etid bibliik.

Nan kèk okazyon nou dwe rekonèt ke tò a se pou lidè legliz lokal yo ki pa bay antrènman disip priyorite. Se yon bagay ki tris pou wè nouvo konvèti yo rete chita sou ban oswa chèz tanp lan san pa gen okenn enkyetid nan lidè yo pou antrene yo pou yo antre nan sèvis la tou.

Okontrè, lè gen kondisyon nan legliz lokal epi moun nan resevwa ansèyman pou nivo devlopman espiyèl li, nan tout fason pa gen pwogrè nan lavi li epi pa gen enterè nan rann lòt moun sèvis, sentom yo demontre chanalite.

2. YO PA KAPAB RESEVWA VERITE KI PLIS PWOFFON YO

Yo te “lou pou konprann”

Nan Ebre 5:11 nou te li ke moun chanèl sa yo te “lou pou konprann” Se pa paske yo gen pwoblèm mantal oswa fizik ki te anpeche yo aprann. Yo te lou epi parese pou yo konprann epi mete an pratik sa yo t ap moutre yo a paske yo te konn refize verite espiyèl yo. Ala tristès! Se pa ti mal pastè ak antrenè kretyen yo santi yo mal pliske ansèyman yo vin pou granmesi.

Yo pat aprann anyen

Aprè sa li di nan vèsè 12 la: “Depi tout tan sa a, se pou n’ te fò deja tankou moun k’ap moutre nou yo. Men, okontrè, se bezwen nou bezwen toujou pou moun montre nou bagay ki pi fasil yo, premye konesans nan pawòl Bondye a. Se ti lèt nou bezwen bwè toujou, nou poko ka manje gwo manje” menm legliz sa yo te tankou elèv lekòl ki depi yo pa pase, yo te dwe retounen al refè klas la epi repran menm leson yo.

Li enpòtan pou nou byen konprann kisa aprantisaj la genyen ladan li. Pou ke yon aprantisaj fonksyone, fòk gen twa bagay ki prezan: Mèt la ki jwe wòl edikatè ; elèv la ki jwe wòl apranti oswa disip ak Sentespri a limenm ki fè mirak ansèyman an. Li enpòtan pou nou fè remake ke si gen youn nan twa bagay sa yo ki pa fonksyone, ebyen pa genyen aprantisaj. Annou wè wòl yo chak byen vit.

Se antrenè a ki responsab pou bay nouriti ki bon dapre etap devlopman espiyèl moun nan.

Li dwe bay bebe espiyèl yo “lèt” sa vle di bagay debaz yo ke nou te wè nan leson yo pou nouvo konvèti yo. Lè li genyen elèv ki gen plis matirite, l ap kapab antre nan konsèp ak verite ki plis pwofon nan Pawòl Bondye a. Sepandan, ansèyman espiyèl la se pa sèlman bay nòt ak definisyon mèl la bay elèv la, kidonk antrènman disip kreyen an genyen ladan li anseye moun nan viv tankou Jezi nan tout branch nan lavi li. Yon fason pou mèl oswa lidè kreyen an se yon moun ki anseye pou viv epi li enpòtan pou bay egzanp ak konstate de ke elèv li yo ap viv konfòm ak sa li t ap tann de yo nan chak etap devlopman espiyèl yo.

Se elèv la ki responsab pou l konsève sa li aprann chak jou nan lavi li. Nan antrènman disip kreyen an nou pa kapab chwazi sa n ap obeyi oswa non. Lè nou fè kalite chwa sa, nou vin chanèl. Konpòtman kreyen chanèl la se eslogan sa ki nan lari a “li antre nan yon zòrèy li epi soti nan lòt la”. Men si elèv la tandè epi mete konesans Pawòl Bondye yo an pratik, lavi li ap devlope nòmalmman epi lavi Kris la ap fòmè nan lavi li, l ap grandi tikras pa tikras pandan l ap resevwa piplis nan men Sentepri a.

Se Sentepri a ki fè nou kapab konprann sa nou tandè pa mwayen sans nou yo ki se (zòrèy, je, men, elatriye.), sa vle di ke li dwe yon bagay ki genyen sans pou lavi nou. Se Sentepri a tou ki bannou sajès pou mete li an pratik. Sepandan, kòm tout gras ki soti nan Bondye, li kapab kenbe tèt ak sa. Kwayan an kapab refize kèk chanjman ke li konnen Bondye mande li; nan fason sa limite manifestasyon Sentepri a nan lavi li.

Kouman nou kapab konnen si yon moun te aprann oswa non ? Lè li demoutre matirite, pa vre ?

Retire fwi yo, epi moutre klas la yo pandan w ap mande: Kòman n ap kapab fè diferans ant fwi ki mi ak sa ki pa mi an ? Kite yo bay opinyon yo, nan tan w ap koupe fwi yo fè plizyè moso epi mete moso yo nan de plat diferan, youn pou sa ki mi yo epi lòt la pou sa ki vèt yo. Apre sa, di konsa ke... pi bon fason pou nou konnen si yon fwi mi se lè nou goute li, pa vre? Kite yo pran yon ti moso fwi nan chak plat epi pou yo manje li. Apre sa, mande yo: Kilès ki pi gou? Kisa ou plis pito? Kisa sa anseye nou? Kouman nou kapab devwale ke yon moun ap aprann epi grandi nan lavi kreyen li? Ou kapab ekri lide yo nan tablo a epi apre sa fè yon rezime ak opinyon tout klas la nan yon fraz kout.]]]

Yo te san eksperyans

Apre sa nan vèsè 13 la li rele yo “san eksperyans”, ki vle di mank de eksperyans. Moun sa yo pat eksperimente anpil bagay nan lavi kreyen an. Yo te rebèl pou mete sa yo t ap aprann yo an pratik e se poutèt sa yo pat jwenn eksperyans.

Pa egzanp, si mwen aprann ke mwen dwe padone moun ki fè mwen mal epi mwen refize fè li, mwen pa mete padon an pratik. Mank de obeyisans sa ap kreye yon baryè ant Papa ki nan syèl la avèk kwayan an, paske lè yon moun pa vle obeyi se peche.

Yo pat kapab fè diferans ant byen ak mal

Nan vèsè 14 la li di konsa: “yo pa konn fè diferans ant sa ki bon ak sa ki mal”. Sa otè a di la a se yon bagay nou dwe bay anpil atansyon. Sa ki danjre nan lavi nan lachè a se finalman nou tonbe ap jistifye peche a, sa vle di, chèche eskiz pou noumenm pou fè sa ki pa fè Bondye plezi.

Lè nouvo konvèti a kòmanse obeyi Bondye nan bagay ki piti yo, obeyisans nan tout rès bagay yo ap vini natirèlman, menm si nou konnen se pap fasil epi ki te mande disiplin. Yon lòt kote, kwayan chanèl la tonbe souvan nan bagay piti yo, sa yo ke moun pa wè pliske yo pa gen eksperyans

nan obeyi nan sa ki plis fasil, yo pa rive devlope yon obeyisans ki sanpousan ak volonte Bondye.

Se Sentespri a ki bannou gras pou nou distenge byen avèk mal lè li ranpli lespri nou epi gide nou nan panse nou yo pou rive konkli sou bagay ak atansyon dapre ansèyman Pawòl Bondye a. Koute vwa Sentespri a epi kite li dirije nou se yon egzèsis moun jwenn avèk pratik.

Pa egzanp, si Sentespri a fèm santi m mal pou fason mwen te reponn yon frè epi mwen pa fè anyen osijè de sa epi okontrè li te kontinye ap fè menm bagay la; avèk yon tan vwa Lespri sa pral enpèseptib pou mwen. Chak kretyen dwe devlope sans espiyèl entèn li yo pou koute vwa entèn Lespri a. Pa koute vwa sa oswa inyore li kapab mennen nou viv yon lavi nan dezòd plis ke pa genyen konesans sou byen ak mal, nan pèmèt peche a trennen nou epi finalman nou retounen nan lavi peche a.

3. PECHE AVÈK ECHÈK DOMINE NAN LAVI LI

Peche ki te konn manifeste nan lavi moun legliz korent yo se te jalouzi, plent ak kerèl (1 Korentyen 3 :3-4).

Manm legliz sa yo de moutre avèk konpòtman e atitud yo ke yo se moun ki pat fèt yon lòt fwa. Yo te kite jalouzi anvayi kè yo, youn te konn fè lanbisyon kont lòt. Yo te divize fè plizyè tigwoup epi tonbe fè gwo diskisyon pou defann pwòp opinyon yo. Kòm yo pat kapab antann yo, yo te oblije kreye yon divizyon nan mitan yo ki te vin separe yo pipis chak jou. Yo pat fè anyen pou yo te konsève inite: pèsòn pat prè pou soumèt li.

Kretyen sa yo te panse yo te espiyèl epi gen matirite men verite a se ke yon moun pa kapab espiyèl epi divize nan menm tan. Rezon ki te fè yo diskite a se te pou koze lidèchip yo. Kèk nan yo te vle Pòl epi lòt Apolòs. Sa ki te di yo se disip Pòl yo, pat vle soumèt yo anba lidèchip Apolòs epi sa ki te di yo se disip Apolòs, pat vle soumèt anba lidèchip Pòl kòm lidè espiyèl. Yo te tonbe nan koze fanatis olye pou yo te chèche volonte Bondye ak legliz la pou lavi yo. Kèk fwa tandans kretyen yo se kase fèy kouvri peche sa yo yomenm nou konsidere tankou “piti” kòm jalouzi, regrè, batay pou pouvwa ak lòt bagay ankò ki bay pwoblèm ki grav nan devwa kretyen yo.

Pòl sinyale la a sa ki grav nan konpòtman moun yo, yomenm ki te fèt yon lòt fwa te kontinye ap viv epi panse kòm moun ki pa pitit Bondye.

Menm si yo konsidere tèt yo kòm moun ki espiyèl, fason yo panse ak aji de demontre lekòtrè.

Lè nou bay reyaksyon tanporè tankou, ògèy, regrè, divizyon, move pawòl epi pike, mank de padon, pale mal kont moun dèyè do li, mank de bonte, mank de enterè pou ede lòt moun, elatriye., nan lavi nou, sa n ap demontre a se fwi lachè epi lachè a pwodwi peche. Lachè a egoyis epi ògeye, li pa jenere lanmou. Lachè se tout kontrè avèk lanmou ki se fwi Lespri a.



..... o **Reyalize aktivite N0.3 avèk gwoup la nan fèy aktivite yo**

Kretyen chanèl la eseye viv tankou kretyen espiyèl, men li echwe. Li fè efò pou l' janti, pou l' enb, pou l' sèvi, men menm si li fè sa, li pa ka pote fwi sa nan lavi li pou anpil tan. Sa a se paske lanmou sen Bondye a pa koule natirèlman nan fon kè li, epi yo pa pral fè sa jouk Sentespri a ranpli moun sa a konplètman. Se sèlman Lespri Bondye a ki kapab bay pouvwa pou mache nan renmen tankou Kris la.

Li se yon trajedi lè nan yon legliz pifò moun yo se chanèl. Tout legliz la vin egoyis, frèt, san enterè pou pechè yo, yo pa pran swen youn lòt, yo gade pou plezi, pi gwo priyorite yo se fè lajan ak jwenn machandiz materyèl, elatriye. Yon legliz chanèl se kanpay ki pi efikas Satan genyen pou diskriminen Kris la, pou kwayan sa yo refize pa aksyon yo pouvwa Kris la retabli lavi moun epi mennen yo viv nan renmen ak sentete.

4. LACHÈ A KAPAB EGZISTE MENM JAN AK DON ESPIRITYÈL YO

Don espiyèl yo se kapasite Bondye bay pitit li yo lè yo te resevwa lavi ki pap janm fini an epi fè pati fanmi Bondye a. Se don sa yo ki pèmèt ke chak kretyen kapab kontribye nan ministè legliz la epi sèvi mond lan menm jan ak Kris.

Nou pa dwe bliye tou ke kretyen chanèl yo resevwa don espiyèl. Sepandan nou dwe fè diferans ant don espiyèl ak fwi Lespri a, ki se kapasite pou renmen Bondye e avèk pwochen nou yo ak tout kè nou. Te genyen don ekstraòdinè pami moun korent yo, men sa Pòl te di: “Se tout tan m’ap di Bondye mèsi pou sa l’ fè pou nou menm, frè lavil Korent yo, pou favè li te fè nou jwenn nan Jezikri.

Pandan n’ap viv ansanm ak Kris la, Bondye fè nou rich nèt, li ban nou tout kalite kado: kado sa yo pèmèt nou preche pawòl la tout jan epi yo ban nou anpil konesans” (1 Korentyen 1:4-5).

Nan dezyèm lèt ki pale sou don ke yo te genyen yo, menm si sit e renmen don ki te pou fè yo parèt kòm moun ki gen plis enpòtans nan gwoup la. Nan menm tan an apot la di yo ke yo pat bezwen enkyete yo nan menm fason pou yo kiltive fwi Lespri a: Lanmou, kè kontan, kè poze, pasyans, bon kè, seryozite, lafwa, li fè nou gen bon manyè, li fè nou aji ak douse.

Malerezman nan legliz jounen jodi a gen anpil kretyen chanèl ki rive okipe gwo plas nan minister a paske n ap viv nan yon mond kote moun bay aparans valè. Aparans lan se fason yon moun pwojte tèt li ak sa moun kapab wè devan je yo. Moun yo toujou konfonn imaj yo wè devan je yo a avèk sa moun nan ye reyèlman. Se sa ki fè ke lè n ap chèche yon lidè nou chwazi sa ki pale byen an, chante byen, nòb, ki genyen bon edikasyon, genyen bon prezans, responsab, ak anpil lòt kalite ki parèt klè devan je moun. Tout bagay sa yo enpòtan, men pou chwazi yon lidè espiyèl nou dwe chèche yon moun ki pa chanèl, paske jan nou wè nan vèsè sa yo, yon kretyen chanèl pa prè pou vin lidè espiyèl lòt moun. Kapasite yo, bon edikasyon ak talan pap janm kapa ranplase pouvwa lanmou sen Bondye a.

5. KOUMAN NOU KAPAB JWENN SOLISYON AN

[[[Li Women 7:22-25 ansanm.]]]

Nou dwe mansyone ke nan chapit 5, 6, 7 ak 8 nan Women, Pòl sinyale kisa lòt dwe chèche fè pou l rive viv yon lavi espiyèl nan kominyon avèk Bondye. Pou apot la te bay yon pi bon eksplikasyon li te ekri nan premye pèsòn, sa vle di li prezante tèt li tankou yon moun k ap soti nan yon lavi natirèl ou antre nan yon lavi espiyèl.

Nan chapit 7 sa a li dekri batay ki genyen anndan kè kretyen chanèl la (de lyon yo ki nan leson pase a) epi li mete fen avèk pawòl dezespwa sa yo: “Po Dyab mwen! Kimoun k ap delivre m anba kò mòtèl sa?”. Sa a se rèl yon moun k ap eseye fè bagay yo avèk pwòp fòs li pou l viv lavi nan Kris la epi li santi l mizerab, echwe, detwi. Sa a se yon eksperyans ki fè mal men ki nesèsè.

Kwayan chanèl la bezwen “frape fò”, pliske se sèl fason li kapab konvenk kijan chanalite l la pa bon. Toutotan li pa rann li kont ke li genyen yon fòs entèn ki kontrè ak volonte Bondye, li pap janm konnen pou l mande Bondye sekou.

Sentespri a opere nan lavi kretyen an pou l mennen li nan nivo sa. Li fè nou wè tankou nan yon miwa kijan mechanste ki abite nan nou yo pa bon.

Menm jan pechè ki repanti a chèche Kris la pou l ka libere anba peche li yo, se menm jan an tou kwayan an dwe kwè ke li gen mechanste ak dezespwa pou l ka rive finalman sonje ke li pap kapab vin tankou Kris la avèk pwòp fòs li oswa avèk entèlijans li.

Nan pwochen leson an n ap wè ke sèl solisyon pou soti nan chanalite se divòse avèk li konplètman. Pa gen yon lòt fason pou yon moun kòmanse viv selon Lespri a.

||| Ankouraje elèv yo reflechi nan semèn sa a sou lekti bibliik ki bay yo epi prepare yo nan lapriyè pou yo remèt lavi yo totalman bay Jezikris. |||



Definisyon tèm enpòtan yo

- **Disène:** Distenge yon bagay de yon lòt, nan sinyale diferans ki genyen ant yo. Byen souvan sa fè referans pou kapab distenge ant byen ak mal.
- **Kado espirityèl yo:** Entèlijans oswa kapasite ki soti nan Bondye pa mwayen Sentespri a pou reyalize kèk sèvis kretyen. Pa egzanp: ansèyman, chèche ranpli nesosite lòt moun, lapriyè pou malad yo, ak plizyè lòt ankò.
- **Fwi Lespri a:** Li fè referans ak rezilta ke Sentespri a pwodwi nan lavi kretyen an epi ki mansyone nan Galat 5:22-23.



Rezime prensipal ansèyman pasaj ki etidye yo:

Lavi kwayan chanèl la se yon bagay ki nòmal Bondye vle pou pitit li yo. Kris te mouri sou kwa a pou te fè nou lib anba pouvwa peche a. Kwayan ki chita ap viv nan lachè, l ap dezobeyi Bondye epi li pa prepare pou l pran responsablite li yo nan ministè nan legliz la. Sentespri a eseye mennen kwayan chanèl la konvenki de gwo fòs mechanste ki abite nan lavi li, pou mennen li nan yon pwen pou l rekonèt ke li pa gen fòs pou l viv lavi Kris la atravè pwòp mwayen li epi se sèlman nan Kris la li ka jwenn fòs abandone fòs peche a konplètman li kapab resevwa prezans Sentespri Bondye a.



Fèy aktivite yo

AKTIVITE 1

Kouman lavi yon kretyen chanèl ye? Chwazi opsyon ki kòrèk la.

a. Relasyon kwayan chanèl la avèk Bondye se tankou...

zanmi

koni

mari ak madanm

b. Pou kwayan chanèl la Bondye se...

yon gwo lidè ki okipe anpil

yon papa ki karesan

yon fòs kosmik

c. Lapriyè li yo sanble avèk...

yon lis pwovizyon

yon konvèsasyon ant zanmi

yon kri dezespwa

d. Sa li renmen nan legliz la se...

zanmi yo

ansèyman an

kontak biznis yo

e. Li panse ke li genyen lavi pou li...

jwi li

sèvi lòt yo

glorifye Bondye

f. Pou sa ki konsène sa li fè ak lavi li, se règ sa ki kontinye...

mwen rele Bondye

mwen fè sa m vle

Mwen konsantre m sou pawol la

g. Siksè li yo nan lavi se gras ak...

pwovizyon Bondye

lapriyè grann li

talan natirèl li

AKTIVITE 2

Nan gwoup 3-4, kisa w panse sou konparezon sa yo?

1. Si legliz lokal la te yon ekip foutbò, se kretyen chanèl yo ki t ap make gòl kont li.
2. Si legliz lokal la te yon loja, se t ap kretyen chanèl yo ki pa tap lave men yo.
3. Si legliz lokal la te yon jaden ble, se kretyen chanèl yo ki t ap move zèb ki pou kontamine kilti yo.
4. Si legliz lokal la te yon lame, se kretyen chanèl yo ki tap san disiplin.
5. Si legliz lokal la te yon antrepriz kamyon chay, se kretyen chanèl yo ki t ap sèvi pèt nan enterè konpayi a.
6. Si legliz lokal la te yon lekòl, se kretyen chanèl yo ki t ap elèv redouble yo.
7. Si legliz lokal la te yon ajans pou nouvèl, se kretyen chanèl yo ki t ap responsab pou bay move nouvèl yo, tripotay epi fè pwopagann pou payen yo konprann.
8. Si legliz lokal la te yon konkou bote, kretyen chanèl yo pa t ap pase egzamen admisyon an.
9. Si legliz lokal la te yon mize pou bèl zèv atizana, kretyen chanèl yo t ap tankou ankadreman sa yo kote apèn senyati otè a ap parèt pou moun wè l, ak anpil difikilte.
10. Si legliz lokal la te yon bibliyotèk, kretyen chanèl yo t ap klasifye nan kazye TI (twò itilize).
11. Si legliz lokal la te yon antrepriz pwodwi alimantè, kretyen chanèl yo pa t ap pase kontwòl kalite.

Èske w remake ke genyen kèk ladan yo ki egzajere? Poukisa ?

Èske w kapab drese yon lis de bagay ki bon osijè de kretyen chanèl yo ? Pa egzanp: Kijan yon kretyen chanèl kontribye pou fè jayi levanjil la ?

Pataje eskiz ke kretyen chanèl yo bay pou yo kapab kontinye fè peche, kouman mank de padon an kapab ye, avaris la, kòlè a; mank de angajman pou travay legliz la, ak anpil lòt ankò.

AKTIVITE 3

Nan kolòn agoch la genyen yon lis fwi lanmou ke Pòl mansyone nan 1 Korentyen 13, kòm sa ki karakterize lavi espirityèl la. Kòm nou wè ke lavi nan lachè a se kontrè ak lavi nan Lespri a. Sa yo anndan lis adwat la. Siyale nan toude pati yo konpòtman ki plis manifeste nan lavi w pou moman sa.

	Sentom matirite espirityèl		Sentom mank de matirite / chanèl
	Li genyen pasyans nan tout bagay.		Li pa gen pasyans.
	Toujou emab, entèlijan, gen afeksyon.		Li bèt, li mal trete moun.
	Li pa gen anbisyon		Li gen anbisyon.
	Li pa kwè li plis pase lòt moun.		Li rayisab, odèsi, renmen vanite.
	Li enb.		Ògeye.
	Janti, edike, respekte moun.		Gwosye, mal edike, san respè.
	Jenere, renmen bay.		Egoyis, li toujou wè tèt li avan lòt moun.
	Li pa fache pou nenpòt bagay.		Li fache fasil.
	Li padone ak bliye ofans yo.		Li pase tout lavi li ap sonje mal lòt moun te fè li.
	Li bat bravo pou moun ki pale avèk laverite.		Li bat bravo pou mechan yo.
	L ap atann sa ki pibon nan men moun ak Bondye.		Li pa fè ni moun ni Bondye konfyans.

Si w genyen pifò nan sa ki nan dezyèm kolòn nan, ou bezwen resevwa liberasyon anba dominasyon lachè nan lavi w. Si sèlman ou genyen kèk ladan yo, menm jan tou w ap bezwen grandi nan branch sa yo espesifikman.

LEKTI KI REKÒMANDE YO

- Travay 5:1-11
- Galat 5
- Galat 6
- Filipyen 3
- 1 Jan 2:7-17



Kòman nou ka fè pou n resevwa prezans Lespri lanmou an ?

Leson 9



Objektif:

Se pou elèv la:

- Konnen kisa lavi lanmou sen Bondye vle mennen nou an genyen ladan li.
- Konprann ke se sèlman nan evite teknokrasi ak otoidolatri li kapab vin ranpli nou ak Sentespri a.
- Motive pou lapriyè pou prezans Sentespri a.



Materyèl

- De plim oswa lòt ti kado pou w felisite moun ki genyen yo. Yon gwo resipyan (byen gwo) epi ki transparan. Yon gwo wòch ak plizyè lòt tipiti ki gen tout kalite gwosè. Sab.
- Pratike demonstrasyon sa avan w fè li nan klas la: Mete gwo wòch la nan resipyan an, apre sa ranje lòt wòch yo, depi nan pi gwo pou rive nan pi piti jouskaske resipyan plen. Apre sa ajoute sab la nan arebò a. W'ap fè sa se paske w ap gen pou w pote resipyan nan klas la tou plen avèk eleman sa yo. Li enpòtan pou w pa di sekrè ke w te mete gwo wòch la avan epi kite yo eseye plizyè fwa pou w wè si y ap rive atenn objektif mete tout eleman yo.

||| Kòmanse kou a pandan w ap moutre resipyan an tou plen epi di konsa: Lavi kwayan ki ranpli ak Lespri a sanble anpil avèk resipyan sa. Bondye vle ranpli nou avèk Lespri li rive jouk nan bouch, se yon ranpli ki gen sanpousan lanmou ak sentete li. Men pou Bondye kapab ranpli nou, nou dwe debarase nou anvan (vide sa ki nan resipyan an nan yon plat).

Nan klas sa nou pral pale de kijan pwosesis ranpli ak Sentespri a fèt epi pou sa fèt mwen bezwen de volontè ki pou retounen mete tout materyèl sa yo nan resipyan ankò. Mete volontè yo kanpe yon kote pou tout elèv yo kapab wè yo pandan y ap travay.

Enstriksyon se pral: Mete tout bagay yo nan resipyan nan yon minit, yon sèl fwa epi piga anyen rete deyò. Si yo rive fè li, yo pran prim nan. Sepandan, li pwobab pou yo echwe. Di volontè yo mèsè epi siyale resipyan an pandan w ap mande klas la: Poukisa yo pat kapab mete tout engredyan yo nan resipyan an? Rete tandè repons yo epi apre sa di yo konsa: èske nou kwè ke yo t'ap rive reyalize li si m te moutre yo kijan yo te dwe fè li? Ann gade kisa ki sekre a pandan nou pral etidye nan Pawòl la ki se sa nou dwe fè pou Bondye kapab ranpli nou konplètman avèk Lespri li epi bannou tout benediksyon sa yo ke li genyen rezève pou nou. Si yo rive mete gwo wòch la avan, fè yo konpliman epi remèt yo prim nan. Apre sa, di yo konsa ke yo te fè byen lè yo te mete gwo wòch la avan, wòch ki plis enpòtan an avan.

Jan nou pral wè nan leson sa, pou yon moun ranpli ak Sentespri a, nou dwe bay Bondye plas enpòtan li merite nan lavi nou. **|||**

1. ÈSKE W VLE AVÈK TOUT KÈ W POU W VIN SEN JAN L SEN AN?

Premye pa pou nou prepare lavi nou se gen konviksyon pou ke nou vle fè eksperyans sa. Kisa eksperyans sa genyen ladan li? Bib la pale de sentete sou plizyè fòm ki diferan.

- Yon remisyon nou tout konplètman bay Bondye oswa konsekrasyon.
- Vin sen, sa vle di, resevwa preparasyon nan men Bondye pou viv nan sentete.
- Vin ranpli ak Sentespri a.
- Dezyèm travay gras la.

- Vin san repwòch nan lanmou.
- Pèfeksyon kretyen.
- Batèm Sentespri a.
- Sanntifikasyon total.
- Mouri nan nou menm.
- Yon lavi ak yon kè ki sen.
- Vin sanble ak Kris.
- Viv nan sentete menm jan ak Kris.
- Vin restore nan imaj Kris la.



Reyalize aktivite N0.1 nan fèy aktivite yo.

Tout fòm deskripsyon sentete sa yo kapab twouble nou, men anreyalite objektif Bondye moutre nou yon menm verite sou plizyè fason pou nou kapab konprann li pi byen.

Gen de aspè ki enpòtan sou lavi nan sentete a ki pral ede nou konprann eksperyans sa pi byen.

Bondye ranpli nou avèk lanmoun sen li a

Ak kisa Bondye ranpli nou? Lè Bib la di nou ke Bondye ranpli nou avèk sentete l la, li vle di ke Bondye bannou nan pwòp nati pa li epi nati Bondye a se lanmou.

Lè Bondye ranpli nou avèk Lespri li, li ranpli nou avèk lanmou, men se pa yon kalite lanmou ke noumenm lèzòm nou pratike, se menm lanmou sa ki ini twa pèsòn trinite a. Se avèk lanmou sa ke Papa a renmen Pitit la, lanmou Pitit la pou Papa a ak Lespri a avèk lanmou Lespri Papa a ak Pitit la. Se poutèt sa nou kapab di byen klè ke lavi Bondye se lanmou. Bondye viv pou li renmen, kidonk li pa kapab fè lòt bagay ke renmen. Tout sa ke Li fè, tout desizyon li yo, tout lwa li yo, yo tout fonde sou lanmou li.

Bondye sove nou pou l ranpli nou avèk lanmou sa ki soti nan li epi apre sa li ofri tèt li pou gide nou ak men li yon fason pou nou kapab aprann viv lavi lanmou sa, ranpli ak lanmou Li.

[[[[Mande pou yon elèv li 2 Pyè 1 :4 byen fò.]]]]



Reyalize aktivite N0.2 nan fèy aktivite yo

[[[[Pèmèt yo pataje san pwoblèm, Kisa lavi nan sentete a ye?]]]]

Bondye pwomèt nou ke l ap prepare nou pou nou renmen Bondye byen avèk pwochen nou yo. Nan fason sa a, chak kretyen gen chans pa mwayen Jezikri vin yon pitit fi oswa pitit gason ki fè pati nati ki soti nan Bondye a.

Lè Bondye ranpli nou avèk lanmou li, li ranpli nou avèk pwòp nati li.

Lè nou ranpli ak Sentespri a pa gen plas pou peche. Lanmou pou Bondye a ede nou renmen sa Bondye renmen epi aboli sa Bondye rayi. Rezilta a se yon lavi sen, elwaye nou de tout bagay ki nan mond lan pou nou lage nou nèt pou sèvi Bondye avèk lavi nou. La a genyen yon tès pou ede w evalue si vrèman ou vle fè eksperyans sa avèk tout kè ou.



○ **Reyalize aktivite N0.3 nan fèy aktivite yo.**

2. FÒK NOU DEBARASE NOU

Dezyèmman nou dwe prè pou nou bay Jezikris lavi nou totalman epi pou toutan. Pou nou ranpli avèk Lespri a nou dwe debarase nou avan.

[[[[Debarase resipyan an pandan w ap pale a.]]]]

Lè nou resevwa lavi ki pap janm fini an Sentespri a vin abite nan lavi nou, men lanmou Bondye pa kapab ranpli nou nèt paske nou genyen yon lanmou egoyis ki rete anndan nou. Lanmou egoyis sa se peche nou eritye pa mwayen jenerasyon ansyen premye zansèt nou yo. Lanmou sa pouse nou renmen bagay ki nan mond lan avèk peche, li fè nou mete volonte nou devan tout lòt moun, pou renmen tèt nou plis pase lòt moun, menm Bondye tou.

Jan Wesley te anseye ke okenn kretyen pa prè pou li ranpli avèk lanmou pafèt Bondye a toutotan li pa fin libere de peche ki anndan avèk deyò li. Toutotan peche a pa soti deyò, lanmou Bondye a pa tap okipe tout kapasite nanm nan.

Kòman yon moun kapab debarase li nan fason sa? Gen twa etap ki plis enpòtan ke w dwe fè avan ke Bondye kapab ranpli w avèk lanmou sen li a.

Renonse oto-gouvènans

Lè nou kòmanse lavi kretyen an nou aksepte Kris la kòm Seyè ak Sovè nou. Rekonèt ke Kris la se Seyè nou pa mwayen volonte Papa a, se yon bagay, men, fè chanjman yo nan lavi nou pou Kris kapab vrèman vin wa lavi nou, se yon lòt bagay.

Si nou vle ranpli ak Sentespri a, nou dwe prè pou nou viv nan Wayòm Bondye a. Wayòm Bondye a se pa menm jan ak gouvènman demokratik nou yo kote se noumenm ki eli gouvènè nou yo epi apre sa nou kapab dakò oswa pa dakò avèk yo epi menm vote kont li nan pwochen eleksyon yo.

Nan lavi kretyen an sèlman genyen yon sèl fòm gouvènman ke Bondye etabli epi se yon teyokrasi. Se Bondye ki Wa ladan li kote sèvitè li yo dwe obeyi li akòz lanmou. Wa sa gouvènè nan lanmou, dirije nan lanmou epi moun yo deside vin abite nan wayòm li ak pwòp volonte yo. Moun k'ap swiv li yo òdone lavi yo konfòm avèk volonte Bondye, se pa pou krent pinisyon, men pito se paske yo konvenki ke se volonte li yo ki san repwòch pou lavi yo.

Nou pa dwe gen krentif tankou pou nou pa ta rive viv lavi sentete ke Jezi te viv la, pliske nou pap kapab rive genyen anyen konsa ak efò pèsonèl nou. Se poutèt sa nou dwe sispann kontwòle lavi nou epi abandone bay Bondye konplètman. Lè Sentespri a ranpli lavi nou li prepare nou pou nou renmen Bondye epi renmen volonte li. Yon fason pou Bondye pa sèlman mande nou viv kòm Jezi nan obeyi volonte li totalman, men pito ke li bannou “pouvwa” lanmou ki pèmèt ke nou kapab fè li.

Oto-gouvènans lan se lè se oumenm ki kontwole lavi w. Lè sa rive, ou pa kapab renmen Bondye ak pwochen w yo sanpousan.

Renonse ak oto-idolatri

Idolatri a se soumèt oswa remèt nou bay nenpòt bagay epi ba yo lonè ak plas ke sèlman Kreyatè nou an merite; li kapab yon zanj, yon fanmi, yon vis, yon espò, yon relijyon, ...epi sitou nou menm menm.

Idolatri a se bay tèt ou kilt oswa adorasyon, olye pou bay Bondye li. Nou fèt avèk tandans pechè a ki fè nou renmen pwòp tèt nou devan tout lòt moun. Bondye merite genyen premye plas nan lavi nou, Li dwe premye nan gran lanmou nou, limenm ki pi wo pase nenpòt lòt bagay oswa moun nan.

Fo dwe sa nou ye a ap toujou tante fè nou fè volonte li epi kòm toujou pa vle koute vwa Bondye, nou dwe retire li nan plas enpòtan ke nou bali a, imilye ak soumèt li devan Sentespri a.

Ou dwe mouri

[[[Mande pou yon volontè li Mak 8 :34.]]]

Lè Jezi te mande disip li yo, Li pat mande yo ni plis ni mwens ke yo pa't kapab fè pou Li, menm bagay la li te fè pou nou sou kwa a lè li te bay lavi li pou mouri pou peche nou yo.

[[[Li Filipyen 2 :5-8 epi mande, Kisa Kris la te fè akoz li te renmen nou ?]]]

Moute sou kwa a vle di nye pwòp lavi nou, mouri konsa. Mouri konsa vle di renonse oto-gouvènans ak rennonse ak oto-idolatri. Lè nou mouri nan nou menm nan, nou renonse ak tout bagay ki kontrè ak Bondye: fason panse ki pa kòrèk, move konpòtman ak move dezi yo.

Apot yo ta kapab ranpli ak Sentespri a paske yo te prè pou yo te mouri nan yo menm.

Ann gade temwayaj Pòl la.

[[[Mande pou yon elèv li Galat 2 :20.]]]

Sèl fason pou nou viv lavi Kris la se sispann viv nan nou menm. Sispann sipòte nou nan ògèy nou, nan kapasite nou yo, nan eksperyans nou, nan non nou, pou nou soumèt nou konplètman devan Bondye, menm jan ke yon avèg kite chen kondiktè li moutre l chemen an.

Lè Bondye ranpli nou ak Lespri lanmou li a, lavi Kris la fonde avèk pa nou an. Nan moman soumisyon an, nou fè yon alyans avèk Bondye epi Li siyen li pandan l ap ranpli nou ak Lespri li. Déjà nou pa gouvène pwòp tèt nou ankò, men pito Lespri li pale ak Lespri nou li epi di nou kisa ki pi bon pou lavi nou, pou legliz nou, pou fanmi nou, paske sa ki dirije ak konseye nou an se Lespri lanmou an epi lanmou Bondye a pap twonpe li.

3. YON REMISYON TOTAL KI SANPOUSAN



Yon remisyon total ki sanpousan

||| Mande pou yon lòt volontè li Women 12 :1-2. |||

Nan pasj sa a Apot Pòl mande kretyen nan legliz Wòm yo pou yo te fè remisyon sa ak tout kè yo bay Seyè a, pandan y ap prezante kò yo kòm sakrifis vivan, sen, agreyab pou Bondye. Ann gade kisa ke deskripsyon Pòl sa ajoute pou konpreyansyon nou nan remisyon ke Bondye vle nan men nou an.

Prezante sakrifis vivan

Nan tan lontan nan anpil relijyon yo te konn bay sakrifis seremonyèl. Sa te gen ladan li ofri yon animal oswa nenpòt lòt kalite ofrann limenm ki te dwe boule sou yon lotèl. Nan ka pa pèp Izrayèl la, yo te gen abitud bay Bondye ofrann pou yo te moutre yo kontan pou yon bagay ke Bondye te fè pou yo, oswa kòm senbòl repantans yo. Se Bondye menm ki te etabli sakrifis sa yo nan mitan pèp Izrayèl la pou ke lè Jezikris te vini, yo ta kapab rekonèt li kòm mouton san defo k ap retire peche mond lan (Jan 1:29). Sakrifis animal sa yo te genyen ladan yo remèt animal la bay tou vivan pou ke sakrifikatè a touye l lè li koupe vin lanmò li pou animal la ka bay san epi boule kò a sou lotèl nan tanp lan.

Men gen yon gwo diferans osijè de sa Pòl pale nou an. Li pa gen anyen pou wè ak remèt yon kò mò, men se pito remèt nou kòm ofrann vivan pou nou kontinye viv pou Bondye.

Sa a se pa yon sakrifis pou moun jwenn padon devan Bondye, men pito se yon sakrifis pou fè louwanj li. Nou menm nou bay Bondye lavi nou pou li fòme lavi Kris la nan nou epi konsa glorifye tèt li, pandan l ap moutre mond lan lanmou li.

Pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè

Nou menm pitit Bondye yo, nou pa pou mond sa, se pou wayòm Bondye a nou ye. Wayòm sa abite nan kè chak pitit li yo. Sepandan, tantasyon kretyen an se adapte li ak peche a ki domine nan moun nan tan jodi a. Sa a se yon abitud anpil kretyen epi menm anpil lidè anpil legliz plase lavi yo ak plase Pawòl Bondye a nan yon fason pou genyen eskiz pou viv nan peche mond lan.

Pou anpil kretyen, liy ant byen ak mal la pa parèt. Si w mande yo, kisa w panse sou avòtman? Kisa Bib la di sou omoseksyalite? Èske se yon eskiz pou bay manti kèk fwa? Èske se yon bon bagay pou m kite kòlè fèm ofanse lòt moun ak pawòl mwen yo? li pap toujou bay yon bon repons.

Fason kretyen an ap viv la pa reprezante yon modèl pou kretyen ki vle viv lavi Kris la.

Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè la fin chanje tout lide ki nan tèt nou

Mo sa ke Pòl itilize pou l dekri chanjman ke Lespri a pwodwi nan lavi pitit Bondye yo se “metamòfoz”. Se menm mo a ki itilize nan Matye 17 :2 pou dekri transfigirasyon Jezikris la (Mak 9 :2 tou). Sa a se yon mo ki itilize anpil nan lasyans pou dekri chanjman konplèt ki se yon pati nan pwosesis kwasans anpil kreyati vivan. Pa egzanp cheni ki kouvri ak yon po kote li sere pou yon tan apre sa li kontinye egzistans li tankou papiyon.

Sa Pòl vle eksplike la a se ke Sentespri a pote yon chanjman ki radikal nan lavi kwayan an nan fason li panse, se yon virewon de 180 degre pa mwayen limenm nou vle genyen panse Kris la epi bannou aksè ak Sentespri a pou ke li transfòme nou tikras pa tikras, jou apre jou, nan fè nou sanble ak Seyè nou an pi plis chak jou.

Chanje fason panse a se yon bagay ki endispansab pou chanje fason nou santi nou ak viv.

4. MOUN RESEVWA SENTESPRI A PALAFWA

Kesyon pou moun resevwa prezans Sentespri a fèt palafwa, nan menm fason nou resevwa Sali a. Gen kretyen ki pase plizyè jou ap jene epi priye pandan yo panse ke nan fason sa y ap kapab konvenk Bondye pou moutre yo merite prezans Sentespri a. Jene ak priye se pa yon move bagay, men objektif fondamantal disiplin sa yo ta dwe soumèt volontè nou epi egzamine tèt nou pou nou kapab prepare pou eksperyans sa. Bondye pa rete ap tann ou priye li pou l ranpli w ak Sentespri li, Li vle fè sa epi li prè pou l ranpli w ak lanmou li lè w mande l li! Ann gade konparezon sa, si w fè yon chèk pou kont bankè w epi w vle fè li ak lajan nan men, kisa w fè?

Èske w ale devan gichè a epi mete ajenou epi tonbe priye pou yo ba w lajan ? Non, paske sa pa nesèsè. Ou genyen lajan nan yon bank epi konnen ke nenpòt lè w bezwen li y ap ba ou li. Eksperyans sa se tankou yon chèk ke w kapab touche nenpòt moman...Bondye genyen yon bank ki plen ak richès espiyèl epi yo la pou ke nou kapab aplike yo nan lavi nou!

Ken kèk kretyen ki pase anpil tan ap tann eksperyans Sentespri a paske yo konfonn se poutèt sa yo chèche kèk manifestasyon ki gen kalite emosyonèl, yon siyal oswa yon zanj ki desann soti nan syèl epi ki di yo ke tout bagay akonpli. Men sa pap rive, paske kesyon ranpli ak lanmou Bondye a vini palafwa. Se tèlman senp menm jan ak lè w te resevwa Sali a kou nye a li rele w pou w vin ranpli ak Sentespri a.

||| Mande pou yon elèv li 1 Pyè 1 :2-5. |||

Apot Pyè di ke “Se Bondye Papa a ki te chwazi nou dapre plan li te fè davans lan”, sa vle di ke volontè Bondye depi lè li te sove nou an se wè nou sanntifye konplètman. Bondye te trase yon plan ki pafè pou li restore nou konplètman anba peche epi mennen nou al viv nan sentete lanmou. Apre sa li di konsa: “li fè nou refèt nan yon esperans ki vivan”. Sa vle di ke se pa mwayen sakrifis Kris la sou kwa a, Bondye fè nou kado yon lavi ki tounèf pou nou kòmanse viv li depi sou tè sa, libere anba kòripsyon peche. Lavi ki pap janm fini an kòmanse pou kretyen an lè li resevwa Kris kòm Sovè.

Ni Sali a, kòm prezans Sentespri a avèk lavi nan kwasans ki vini aprè nan chemen ke Bondye chwazi ak trase pou chak pitit fi ak pitit gason li yo. Yon fason pou pa genyen dout nan fason Bondye vle ranpli nou avèk Lespri li.

Sa vre nou dwe fè anpremye se prepare ke nou pou ke li kapab ranpli.

||| Pran yon resipyan avid kounye a epi di konsa: Pou ke Bondye kapab ranpli nou avèk Lespri lanmou li a, nou dwe itilize lòd ki kòrèk la, nou dwe debarase lavi nou anpremye, pandan n ap renonse ak tout kali fòm peche ki mennen nou viv yon lavi oto-gouvènans ak oto-idolatri. Mete gwo wòch la anpremye epi di konsa: premye bagay ke Bondye pral bannou se Sentespri li. Se sa k ap okipe pi bon plas ki nan lavi nou an. Ranje wòch yo, soti nan pi gwo yo pou rive nan pi piti yo epi di konsa: Sentespri a pote tou lanmou san tach Bondye a k ap ranpli lavi nou avèk bon entansyon, bon panse, bon konpòtman, bon zèv,... sa vle di l ap gide nou pou fè tout chanjman ki nesèsè pou repwodwi lavi Kris la nan nou.

Aprè sa, ajoute sab nan resipyan an jouskaske w fin plen li nè epi di konsa: lanmou Bondye sa a pral bay fwi ki mèvèye epi pap kapab konte menm jan ak grenn sab sa yo ke n ap vide la. Pa mwayen fwi sa yo, moun yo pral kapab wè ak eksperimante lanmou Kris la. Nou pap kapab kontwole paske bay lanmou an se pral yon bagay natirèl k ap koule nan lavi nou. Sa ki enpòtan se pa konte grenn sab yo, men se pito wè jan sa bèl lè yo nan plas yo pandan y ap bay moun ki fatige yo repo. |||

||| Mande pou yon elèv li Jan 7:37-39 epi mande klas la, kisa ki dlo vivan ke Jezi te pwomèt bay tout moun ki mande yo? Fin ranpli resipyan avèk dlo a epi di konsa: Sentespri a se dlo vivan an ke Jezi te pwomèt chak pitit li yo. Jouskaske w pa fin ranpli konplètman avèk Li, ou pap kapab eksperimante sa ki rele viv reyèlman.

Pou Bondye lè yon moun vivan se lè li lib anba peche pou renmen kòm Bondye renmen nou epi sa a w ap kapab fè li lè Sentespri a fin ranpli w konplètman.

Èske w vle genyen lavi Bondye sa nan kouri poukont ou epi enfliyanse tout sa ki nan antouraj ou? Èske w vle ranpli ak Lespri lanmou an kounye a?

Genyen yon gid ki la pou ede elèv yo priye pou mande Bondye pou li ranpli yo avèk Lespri lanmou li. Si pa genyen tan nan klas la, ankouraje elèv yo pran yon tan espesyal nan semèn nan epi fè operasyon sa pou yo ranpli ak Sentespri a. |||



○ Reyalize aktivite N0.5 nan fèy aktivite yo



Definisyon tèm enpòtan yo

- **Konsekrasyon:** aksyon pou mete yon bagay apa pou sèvis Bondye. Li kapab lavi yon moun, tan li, byen li yo ak lòt bagay ankò.
- **Sen, San tach:** Yon kreyen ki sen oswa san tach se moun sa a ki te ranpli ak Sentespri a. Se poutèt sa, li viv yon lavi touprè Bondye epi lwen peche.
- **Sanntifye:** Yon moun ki te ranpli ak Sentespri a.
- **Dezyèm travay gras la:** Aprè premye travay gras la, limenm ke nou konnen kòm Sali a, genyen yon lòt eksperyans ki vini e ki pote non “Dezyèm travay gras la” oswa “sanntifikasyon total”. Sanntifikasyon total la se yon gras ki soti nan Bondye lè kwayan an resevwa prezans Sentespri a palafwa, li menm ki prepare li pou viv yon lavi nan sentete.
- **Batèm Sentespri a:** Dezyèm travay Sentespri a nan kè moun nan, yon ti tan apre konvèsyon li, limenm ki se rezilta sentete ki nan kè epi nan pouvwa pou sèvis la. Sa rive lè yon moun lage tout kò li bay Bondye oswa konsakre li. Se batèm sa ki te pase avèk disip yo nan jou Lapannkòt la.
- **Jan Wesley :** Pastè anglikan nan syèk XVIII, fondatè Methodis la, limenm ki te redekouvri nan Bib la de ke volonte Bondye pou pitit li yo se pou yo viv nan lanmou ak sentete, ranpli ak Sentespri a. Doktrin sa ki pote non wesleyen se limenm legliz sentete yo ap swiv, tankou legliz nazareyen.



Rezime prensipal ansèyman pasaj ki etidye yo:

Volonte Bondye pou lavi pitit li yo se pou yo kapab renmen nan menm fason ke li renmen an, san okenn kalite enterè egoyis. Lanmou san tach sa a se limenm ki ini twa pèsòn nan Trinite a epi se limenm ki te lakoz Papa a te bay sèl Pitit li a, Jezikris, pou Sali nou an. Si nou pa genyen lanmou Bondye, nou pap kapab renmen mond sa jan Kris te fè l la.

Pou Bondye kapab ranpli nou avèk lanmou li, nou dwe renonse egoyis ki abite nan lavi nou anpremye epi k ap batay kont volonte Bondye pou lavi nou. Peche sa pa vle pou Bondye vin vrè wa lavi nou epi li anpehe nou renmen Bondye ak tout kè nou. Pou nou kapab ranpli ak Lespri lanmou an, nou dwe mouri nan noumenm.

Koze pou moun ranpli ak Sentespri a vini pa mwayen lafwa. Apati de la, pa mwayen relasyon avèk Bondye, Li kòmanse transfòme nou epi anseye nou viv ak renmen kòm Jezi.



Fèy aktivite yo

AKTIVITE 1

Nan fason ke Bib la dekri lavi san tach la, kisa w potko tande jouskaprezan oswa èske w genyen dout osijè de sa yo vle di ? Make yo avèk yon X. Apre klas la fini, si w gen kèk kesyon sou li, ou kapab mande antrenè w la plis eksplikasyon.

- ___ Yon remisyon nou tout konplètman bay Bondye oswa konsekasyon.
- ___ Vin sen, sa vle di, resevwa preparasyon nan men Bondye pou viv nan sentete.
- ___ Vin ranpli ak Sentespri a.
- ___ Dezyèm travay gras la.
- ___ Vin san repwòch nan lanmou.
- ___ Pèfeksyon kretyen.
- ___ Batèm Sentespri a.
- ___ Sanntifikasyon total.
- ___ Mouri nan nou menm.
- ___ Yon lavi ak yon kè ki sen.
- ___ Vin sanble ak Kris.
- ___ Viv nan sentete menm jan ak Kris.
- ___ Vin restore nan imaj Kris la.

AKTIVITE 2.

Daprè sa w li anba a nan 2 Pyè 1:3-4, kisa viv nan sentete a ye ?

“Bondye itilize pouvwa li pou bannou tout sa nou gen bezwen epi pou nou kapab viv jan li vle. Bondye te bannou tout bagay sa yo lè nou te rekonèt Jezikris. Atravè Li menm, li te chwazi nou pou nou te vin fè pati bèl wayòm li.

Anplis de sa, li bannou tout lòt bagay enpòtan epi ki gen valè ke li te pwomèt nou yo. Ou kapab vin tankou Bondye pa mwayen yomenm men se pa tankou moun pechè k ap viv nan mond sa, paske move dezi ke moun sa yo genyen nan tèt yo ap detwi lòt moun”.

AKTIVITE 3.

Èske w vle ranpli ak Lespri lanmou an ak tout kè w? Reponn kesyon sa yo avèk wi oswa non.

- ___ èske w fatige nan batay ak lavi kretyen a k pwòp fòs ou?
- ___ èske w santi w fèb pou w kontwole movepanse ki toujou vini nan tèt ou sou frè parèy ou yo avèk lidè w yo?
- ___ èske w gen difikilte pou w fèmen bouch ou epi ou pale de lòt moun pou apre ou fè yo soufri?
- ___ èske w ta renmen genyen plis lafwa ak konfyans nan Bondye?
- ___ èske w ta renmen lapriyè avèk pigwo konviksyon pou Bondye reponn demann ou yo?
- ___ èske w bouke nan fè gagay yo poukont ou olye pou w ta genyen pasyans pou w rete tan Bondye fè li?
- ___ èske w santi w pa byen lè w demontre ògèy kapasite w yo epi ou kwè ke w pi bon pase lòt yo?
- ___ èske w ta renmen renmen moun yo jan yo ye a nan plas chèche defo yo?
- ___ èske sa difisil pou w mete Bondye nan premye plas nan lavi w malgre w konnen se sa ki pi bon?
- ___ èske w ta renmen pa gen pwoblèm pou w peye ladim ak ofrann?
- ___ èske w ta renmen pa gen pwoblèm pou w bay tan w pou ministè legliz la?
- ___ èske w bouke kont batay ki anndan kè w nan fè rebèl ak bagay ou konnen ki kòrèk?
- ___ èske w ta renmen pou yo plis rekonèt ou pou bon bagay oswa movepanse ou fè?
- ___ èske kèk fwa gen chanjman ki fèt nan ou ki fè w pèdi ekilib nan lavi espiyèl ou?
- ___ èske w ta renmen konnen plis sou Jezi ak jwi zanmitay li?
- ___ èske w ta renmen pou lavi w sèvi yon enstriman pou beni lavi lòt moun?
- ___ èske w vle pou lavi w netwaye de tout egoyis ki separe w avèk Bondye?

Si pifò repons ou yo se oui, kidonk ou bezwen mande Bondye pou li ranpli'w ak Lespri li san pèdi tan.

AKTIVITE 4.

Li timoso sa ki make nan liv la "Sentete pou tout kwayan" ke otè Keith Drury epi apre sa reponn kesyon sa yo ki anba a.

“Li te mèt ta oswa bonè, pifò kretyen ap obsève youn nan pwoblèm sa yo oswa toude: 1. Yon anvi anndan kè pou dezobeyi Seyè a, ki menm ka fè li peche, sitou nan komèt peche ki gen pou wè ak konpòtman oswa pansè; 2. Yon mank de pouvwa ak motivasyon pou fè travay Bondye nan mond lan akòz de dekourajman, endiferans ak neglijanse kè a”.

A. Kisa w pansè sou sa otè sa di a? Èske w konn gen kèk pwoblèm konsa nan lavi w?

B. Daprè otè sa Bondye pa Seyè lavi kretyen an konplètman, sa vle di ke li deside fè chèf lavi li, èske w dakò?

C. Kisa w kwè ki solisyon pwoblèm sa yo? Kisa kretyen sa yo manke ?

AKTIVITE 5.

Lapriyè pou mande Bondye ranpli w ak Lespri Lanmou li.

Kontinye devlopman sa nan lapriyè w:

1. Di Bondye jan w anvi ranpli ak Lespri li epi poukisa.
2. Renonse ak oto-gouvènans lan ak oto-idolatri a epi mande Bondye pou li netwaye dezi peche lachè ki kanpe kont volonte li nan lavi w.
3. Konfese tout peche ke Sentespri a fè moute nan lespri w, pa egzanp: si w te ofanse yon moun, si w pat fidèl ak Bondye nan kèk bagay, elatriye.
4. Remèt lavi w bay Seyè a: E menm lavi w nan tan ki pase a, tan kounye a ak sa ki gen pou vini an. Mete tou kapasite w yo, eksperyans ou ak tout sa w konnen ki gen valè nan lavi w.
5. Mande Seyè a pou l ranpli w ak Sentespri li epi pou li anvayi lavi w ak lanmou li epi resevwa li palafwa.
6. Di Bondye mèsi paske li ranpli lavi w ak Lespri li.

LEKTI KI REKÒMANDE YO

- Filipyen 1 :1-11
- Filipyen 1 :12-30
- Filipyen 2 :1-30
- Filipyen 3
- Filipyen 4



De Simon a Pyè :

Chanjman anndan ki se rezilta ranpli ak Sentespri a.

Leson 10



Objektif:

Se pou elèv la:

- Konnen travay ki fèt anndan ke Sentespri fè nan vi nou se ranpli nou ak lanmou Bondye
- Konprann ke ranpli ak Sentespri a se koumansman yon vi pou domine peche.
- Fè yon pak pou rete nan eksperyans sa, pou rekonfime pak nou ak Bondye.



Materyèl

- De (2) oubyen twa aparèy ki sèvi ak batri pou fonksyone, pa egzanp, yon radyo ou yon aparèy pou jwe mizik, yon flach, yon revèy pou jwe mizik, yon flach, yon revèy ki gen alam pou reveye oubyen yon lòt.

[[[Koumanse klas la nan mande elèv yo pou rakonte yon ti istwa yo te viv nan senmenn nan nan priyè yo pou te resevwa ranpli ak sentespri a.]]]

Nan leson sa nou pral pale sou chanjman anndan ki fèt nan vi kretyen yo lè Bondye ranpli nou ak lespri li.

[[[Mande pou yon elèv li Matye 14 : 22-33. Epi ekri sou tablo a “de Simon a Pyè”]]]

Youn nan pi gran transfòmasyon ke Bib la rakonte nou sou chanjman ki fèt nan vi kretyen yo lè nou resevwa Sentespri a, se istwa de Simon Pyè.

Jan ak Andre se te premye Disip ke Jezi te rele. Andre se te frè Simon e menm jou a li al chache frè li a. Jan se te frè Jak li te fè menm jan ak Andre te mennen frè l la bay Jezi. Gwoup frè sa yo te rekonèt depi lè yo te timoun, yo te soti nan menm vil yo te genyen yon konpayi pwason. Simon se te lidè gwoup pechè pwason sa yo.

Kijan Simon te ye? Simon te gen anpil anvi ak anbasyon ; anpil odas, sensè ak deside. Anpil fwa te pase pi wo ke sal te vle: pandan lòt disip yo t’ap reflechi sou yon kesyon, Simon gentan bay repons li.

Simon te renmen chita nan mitan tout aksyon yo. Pou tèt sa nan mitan tanpèt la menm jan Matye Rakonte istwa pandan lòt mesye yo rete nan bato a, Simon koumanse ap mache sou dlo san panse de fwa. se pou rekonèt ke Simon te vanyan anpil. nou pa dwe bliye ke Simon te vin plonje nan dlo a li te gentan rive nan mwatye dlo a nan yon lòt mo, Pyè te genyen anpil kouraj pou te rive kote sa, kote pa gen youn ki rive. Konsa li te kontinye t’ap swiv Jezi jiskaske’l te rive nan lakou prèt kite ansanm ak Jan an. Lòt yo te ale men li menm li te rete jiskaske kòk la te chante.

Simon te renmen pale, pale epi pale. Li te toujou ap gade epi poze kesyon. Nan levanjil yo li te poze plis kesyon ke mesye apòt yo e si nou li nan premye chapit liv Travay apot yo kote Jan ak li te enseparab, Simon se li kite toujou ap pale, ta sanble Jan te bèbè.

Ta sanble, Simon p’at gen defo. Youn nan pi gwo feblès se lè li fè bouch li plis travay ke sèvo li. Simon te enkonpetan, p’ap kwè fasil, p’at fè konfyans fasil, te sanblel te ka fè anpil bèl pwomès men san’l pa janm akonpli yo. Ta sanble youn nan moun ki koumanse yon bon pwojè men ki bay vag anvan’l fini. Se te youn nan moun ki pa konn sa l vle, li kenbe byen nan sa Jak 1 :8 « se youn nan moun ki pa konn sa li vle, ki toujou ap chanje lide nan tout sa l’ap fè »

Kijan vi non’m sa te transfòme pandan’l ap mache ak Bondye ?

1. JEZI TE CHANJE NON ‘L

Non Simon te genyen an se te yon non komen epi kouran. Nan levanjil yo, yo pale pou pi piti sèt fwa non Simon.

- Simon Zelòt se te youn pami 12 (Matye 10:4).
- Youn nan Frè Jezi yo (Matye Matye 13: 55)
- Papa Jida Iskaryòt (Jan 6:1)
- Simon Lepre, Jezi te manje lakay li (Matye 26:6)
- Yon farizyen kote Jezi te manje tou Lik 7 : 36-40
- Youn kite pote kwa Simon de sirèn (Matye 27:32)

Non konplè li se te Simon pitit Jonas oubyen “ Jan ke anpil fwa yo tradwil pou Jonas (Matye 16:17, Jan 21: 15-17. Eksepte non paran’l yo nou pa konn anyen de li sou fanmil.

||| Mande yon elèv pou li Jan 1:42 kote yo pale rankont Simon ak Jezi: “Li mennen Simon bay Jezi. Jezi gade l’, li di: Se ou menm Simon, pitit Jan an? Y’a rele ou Sefas. (Se menm bagay ak Pyè, ki vle di wòch)”. |||

Jezi te gen rezon pou’l chanje non’l

Ta sanble Jezi te chanje non’l pou raplel sa ‘l ta pral vin ye. Yon Simon ki p’at dakò ak tout bagay, agresif san pasyans te dwe vin tounen Pyè, yon wòch, nan men Jezi.



Reyalize Aktivite NO.1 nan fèy taktivite yo.

Kouman egzanp sa yo, Simon te bezwen kwè nan Jezi ki ta pral chanje vi’l tankou yon wòch, yon moun nou ka kwè, yon moun ou ka swiv.

Jezi te relel pafwa Simon oubyen Pyè

Yon bagay ki enteresan nan Jezi tankou Mèt se mwayen l te itilize pou enseye Simon. Jezi pa sèlman te ba’l yon lòt non men nan moman sa pafwa li te relel Simon epi Pyè. Chak fwa Pyè te fè yon bagay li te bezwen pou korije’l li relel Simon. Nou pral wè sa nan sa k’ap vini yo.

2. ANSYEN SIMON AN TE AJOUTE.

Simon “ Konnen tout Bagay ”

Nan Lik 5 :5 Simon reponn, Mèt, pandan tout nwit lan n’ap travay e nou pa janm pran anyen ; men sou pawòl map lage file a. »

Kiyès ki pale la? Ansyen Simon an, yon pechè ki demontre ki pa kwè ke Jezi genyen rezon, panse li ta sanble konsa, kouman seyè a ta fè konnen se li ki se yon pechè pandan tout vi ‘l ?

Nan okazyon sa Simon demontre pa genyen anpil kouraj pou obeyi ak Jezi, konsa li ta di sa eske mèt la pa konnen kijan nou fatigue epi kijan nou santi nou ? Konsa li ta panse nou pase tout nwit la n'ap dòmi ?doute ke nou fè plis de nou menm, nan sa nou tante fè plis san nou pa janm jwenn yon rezilta?

Antan sa, nou jwenn nan vèsè 8 la Simon te rekonèt ke Jezi se Seyè e pou sa li konnen plis ke li e ki gen kontwòl sou nati a. lik Rakonte istwa sa pandan li fè konnen : “ pandan ke Simon wè bagay sa , li tonbe sou jenou'l devan Jezi , li ta'p di soti sou mwèn , paske mwèn se yon pechè.”

Lespri Sen an te pèmèt ke ansyen nati Simon an te vin fèb pou'l te ka ran'n kont ke'l te gen peche nan lavi'l e li te bezwen 'l vin pwòp pou te ka vin Pyè ke Jezi te vle pou li a.

Simon san disiplin

Lik rakonte youn nan pi gran erè grav ke Simon te fè nan karyè li se trayi mèt li a Jezi te avèti li ke sa te gen pou'l rive: menm jan nou li nan Lik 22 :31 “ Simon, Simon, satan mande pouvwa pou'l pase nou tout nan laye, tankou grenn y'ap vannen.”

Nan jaden Jetsemani Pyè pa ka rete nan lapriyè jan Jezi te mande a ;li te rete ap dòmi : mak ekri: “ Jezi te vini li wè y'ap dòmi , epi li di Pyè konsa w'ap dòmi ? ou pa ka rete ap veye pandan inè de tan? Veye priye pou pa tonbe nan tantasyon , a la verite Lespri a byen dispose men chè a fèb “ (Mak 14: 37-38)

Te ka rive yon moman a chak fwa Jezi rele'l Simon, Pyè tranble , andanl li ta renmen Jezi rele'l Wòch . Jezi relel konsa se a chak fwa li panse, pale, epi aji byen.

Simon enpasyon

Dènyè fwa ke Jezi te rele'l Simon se aprè rezireksyon an

||| Mande yon Elèv pou li Jan 21 :3 ak Jan 21 :15-19. |||

Jezi te mande pou ale Galile kote l'ap rankontre ak yo. Konsa Simon te fatigue ap tann li te oblije pran bwa fouye'l poul al peche pwason. Kote lòt mesye yo t'ap swiv li yo tap peche pwason pandan tout nwit la yo pa janm jwen anyen. Nan demen maten yo te fatigue anpil delwen konsa yo wè Jezi sou plaj la ap tan yo ak yon ti dejene.

Après yo fin manje ansanm. Jezi te pale ak Pyè sou jan;l te trayi'l , nan lakou prèt la pandan'l poze ;l kesyon an. Simon t'ap eseye evite Jezi te di'l sa. Li te nye'l pandan twa fwa konnen kisa zanmi Jezi ye. Paske devan tout disip yo li te promèt ke'l pa'p nye Jezi jiska lanmò.

Jezi te santi nati imen an t'ap goumen andann Pyè. Pyè se tankou anpil nan nou pafwa li aji nan nati chanèl nou oubyen nan koutim nou anvan nou vin kretyen e pafwa nan kèk okazyon konpòte nou tankou vrè pitit Bondye.

Levanjil Sen Jan fè nou konnen kote li poze menm kesyon an twa fwa: “ Simon pitit Jonas ou renmenm? Pandan twa fwa Pyè reponn wi seyè ou konnen mwèn renmenw.....’ kisa Jezi mande pou montre lanmou'l ? ke pran swen ti moutonm yo. Depi bebe espiyèl (ti mouton) rive nan pi gran (Mouton).

Pou Mennen epi kondwi moun yo nan vi kretyèn yo Simon te dwe konvèti tèt li an Pyè.se te dènyè fwa Jezi te rele'l Simon.

Se pou travay sa ke Bondye kapasite nou epi ranpli nou ak Lespri sen an se pou nou fè disip pou li. Sa vle di, pran swen moun depi nan devlopman esprityèl yo epi anseye [pou viv vi nan kris la. Pou sa nou bezwen anpil pasyans se youn nan kapasite ke lespri sen an ban nou.

Se te nan dènnye rankont sa avèk Jezi Simon te konprann pou ka sèvi Jezi nou bezwen Jezi transfòme nou ak pouvwa Sentespri a.

3. REZILTA RANPLI AK LESPRI SEN AN

[[[Pran de (2) elèv pou li Travay 1 :8 ak 2 : 1-7]]]

Jezi te pase twa zan edmi l'ap fè disip, Men Pyè te vin dakò ke'l pa ka viv vi ki nan kris la ak pwòp fòs li. menm jan nou jwenn nan liv Travay la 1 :8 Pyè te obeyi ak seyè a epi rete tann pwomès Lespri sen an. Jou lapannkot la, kèk senmenn apre yo te fin rankontre ak Jezi, Simon te ranpli ak Sentespri a e vi 'l te transfòme.

Sa se premye fwa nan listwa ke Sentespri a te desann vin rete nan kè pitit Bondye. Jezi te ranpli ak lespri sen an sa te posib paske vi li p'at janm gen peche ladan'l. Yon lòt kote, pou sentespri a ka vini rete nan kè disip yo dwe gen yon bagay ki fèt anvan : lanmò ak rezireksyon. Sèlman konsa peche kapab netwaye kè yo. men m jan Ebre di 13 :12.

« Se poutèt sa, Jezi te mouri lòt bò pòtay lavil la poul te ka mete pèp la nan kondisyon pou yo fè sèvis Bondye ak pwòp san pa li kite koule. » chanjman kite fèt nan vi Pyè a tout moun te wèl : se menm li menm nan kite leve ak kouraj pou preche yon mesaj kote 3 mil moun te vin konvèti. Pyè pa janm retounen dèyè Anfen li te ranpli ak sentespri, Pyè te prè pou'l te sèvi Bondye, kijan sa te fèt ? bagay sa te posib paske te gen yon moun kite renmen Pyè epi te menm rive investi vi'l nan li pou te kapab transfòme'l.

Jezi te pwomèt disip li yo ranpli ak sentespri a ap ba yo pouvwa nan vi yo. Nou pral wè kèk nan chanjman ke pouvwa Sentespri a pote nan lavi Pyè.

Lespri Sen an kapasite vi kwayan yo

Mo Grèk ki tradwi « dunamai » ki vle di kapab. Lè Jezi te pwomèt lespri pouvwa, sa li te vle di l'ap voye yon fòs po yo ka preche mesaj levanjil la tout kote.

[[[Montre aparèy elektrik yo nan klas epi poze kesyon tankou sa yo, pandan ou menm ap fè demonstrasyon sa yo:

Aparèy sa yo nou wè la poukisa yo te kreye yo?

Ki kote yo jwenn pouvwa, enèji pou fonksyone ak reyalize objektif yo?

Yo fonksyone si yo tou pre sous la ? (pandan sa vini ak batri yo?

Ki kote ou dwe mete sous aparèy la pou fonksyone ?

Eske y'ap gen itilite si yo dekonekte yo nan sous la?

Kisa sa anseye nou nan vi kreyen nan ?]]]

Sèl pouvwa kretyen an se Sentespri. Sentespri a bay kwayan yo kapasite ak yon pouvwa sinatirèl pou pirifye yo, pouvwa oswa valè ak enèji espiyèl pou yo ka yon temwen ak lapriyè, lanmou pafè, fwi annabondans ak repo. Tout bagay sa yo endispansab pou avanse ak misyon senyè a te bay la pou fè disip nan tout nasyon. Nou pral wè nan leson sa pouvwa pou'n viv sen, pou bay temwayaj ak lapriyè, ki te toujou la nan ansèyman apot Pyè a. Nou pral wè lòt rezilta nan ranpli ak Sentespri a pou etidye lòt leson an.

Pouvwa pou viv yon vi apa

Nan 1 Pyè 1 : 15-16 di konsa apèl Bonde a pou pitit li yo se pou viv apa pou li menm jan ak li. Pouvwa Sentespri a nan kè nou se lanmou Bondye, se yon pouvwa ki kapasite nou pou kwè nan lanmou an. Lanmou sa ki andan nou an idantifye nou avèk Bondye ki sen an. Si nou renmen Bondye ak tout fòs nou, n'ap fè tout sa ki depann de nou pou'n fè sa'l mande yo epi nou pa'p janm retounen nan peche nou epi fè nenpòt bagay pou 'n trayi'l pou'n fè papa Bondye wont. Se pouvwa lanmou sa ki kapasite nou nan obeyi Bondye a.

Nou pa dwe konprann ke vi ranpli ak sentespri a li entèdi nou retounen nan peche, men vi kwayan ki sen an se yon netwayaj k'ap kontinye.

Sentespri a ap travay nan nou tankou twa limyè, fè nou santi n anpè ak Bondye lè nou fè sa sa'l mande nou. Sa se limyè vè, nou nan mitan danje pou'n peche ; sa se limyè jòn ki avèti epi ki pote tristès ak doulè lè nou fè yon bagay an deyò volonte Bondye . sa se limyè wouj ki montre nou pou'n pa kontinye epi repare zak la.

Kretyen ki ranpli ak lespri sen an santi pouvwa anndan 'l ki tankou yon rivyè lanmou k'ap koule epi ki parèt nan vi'l.



Reyalize aktivite 2 a nan fèy aktivite yo

Pouvwa pou temwaye ak fè yon bon sèvis.

Nan Matye 28 : 18-20 ke apèl ki fèt pou vin fè disip se pou tout kretyen l ye. Men Pyè te pè pou'l te akonpli misyon sa. Menm jan ak anpil nan nou, Pyè te santi anpil perèz devan travay la paske li pa't popilè. Se lè sèlman li vin ranpli ak lespri sen an . sa te vin fasil pou'l te reyalize pwomès Bondye yo nan vi'l menm anvan moman pèsekisyon an te rive te rete nan lavil jerizalèm li p'at janm sispann preche levanjil kris la.

Lespri lanmou an kapasite nou poun gen anpil konpasyon pou moun yo k'ap soufri nan peche. Bay temwayaj de kris la se pa yon opsyon pou yon kretyen ranpli ak sentespri. fòs lanmou ki pi gran ki egziste nan mond lan se nan kè yo sa pouse yo fè lòt moun konnen Jezi. Menm jan nou jwen nan egzanp Etyèn nan, pasyon sa pa dwe etenn nan nou menm nan mitan eprèv ak pèsekisyon yo. Travay 7 : 55-60.

Si tout kretyen te ka temwaye, gen yon gran diferans lè nou temwaye ak pouvwa Sentespri.



Reyalize aktivite 3 a nan fèy aktivite yo.

Pouvwa nan lapriyè

[[[Mande yon elèv li 1 Pyè 2 :5 ak 9.]]]

Youn nan gran responsablite Prèt izrayèl la se te leve bay Bondye lapriyè ak entèsede pou pèp la. Plan Bondye depi lè kris te vini an se te pou tout kretyen yo te kapab tounen pwòp prèt pa yo kote nou ka vin kote Bondye ak tout konfyans nou.

[[[Mande pou yon elèv li Women 8 :26.]]]

Vèsè sa yo raple nou ke Lespri a ap ede nou. Kretyen an ak Sentespri se de moun ki dirije yo a Bondye ansanm. Sentespri rete kote nou epi ban nou tout bagay nou bezwen nan vi imèn nou ak fè nou jwenn tout sa nou manke pou priye jan sa dwe ye. Nan kèk okazyon lè'n jwenn pawòl pou'n vin kot Bondye ak emosyon ' yo, oubyen lè nou pa konnen sa nou dwe mande , sa ki pi enpòtan se pa di anyen ak rete an silans nan vide tout nou menm nan prezans Bondye, ak konfyans lan Sentespri pral pote Bay Bondye tout sa nou bezwen. Sentespri a fè yon sèl ak pitit Bondye yo epi mande pou nou. Li mèvèye pou'n konte sou èd sa tou tan.



o **Reyalize aktivite 4 la nan fèy aktivite yo**

4. PASE AK PREZAN NAN SÈVIS SEYÈ A.

Pyè te kontinye ap itilize menm non yo, « *Simon Pyè, sèvitè ak apot de Jezikri* » (1 Pyè 1:1) . te pran ti sounon ke Jezi te ba li a tankou siyati a. siyati se sa ki montre desandans, kote nou soti, fanmi nou... 1 Pyè 2 : 9-10:

“ men nou menm nou se yon ras Bondye chwazi, yon bann pèp k'ap sèvi wa a, yon nasyon k'ap viv apa pou Bondye, yon pèp li achte.li fè tout sa pou'n te ka fè tout moun konnen bèl bagay Bondye te fè yo Bondye ki rele nou soti nan fènwa a,pou nou antre nan bèl limyè li a anvan sa nou pa't menm yon nasyon, men kounyeya, nou se pèp Bondye a. Anvan sa, Bondye pa't gen pitye pou nou, kounyeya li gen pitye pou nou. ”

Kounyeya Simon te genyen yon sekirite enteryè kise san kris la. Li te ranpli ak lespri sen an sa te pèmèt ke Jezi se Seyè vi'l ak Ministè'l. Sa fè nou konnen ke Sentespri pa elimine pase nou yo. Nou pa pase nan yon machin a lave pou sèvo yo. Tout se kontrè, nou aksepte nou jan nou ye a, rekonèt defo nou ak bonte nou ; nan yon lòt mo, nou aprann a wè nou, nou renmen tèt nou menm jan Bondye renmen nou.nou pa panse ke nou pi bon pase lòt yo, men yon vizyon ki ekilibre epi reyèl.

Li bèl pou n konnen ke Bondye pa bouskile pase nou. Pase nou fè pati moun nou ye yo. Li itilize istwa nou tankou yon enstriman pou enfliyanse vi lòt yo.

Si peche kite mak sou nou. Mak sa yo tounen yon temwayaj nan travay Jezikris fè pou nou. Si nou genyen kèk bagay, Bondye konvèti sa nan yon trezò ki gen enterè pou transfòmè vi lòt yo.

[[[Mande yon elèv pou li 1P 2: 4-10.]]]

Tout moun, menm kretyen ap chache yon kote pou abrite vi yo.vi nan mond sa se tankou yon lanmè ki plen ak pwoblèm ak traka ki pa genyen anyen nan nou. Traka sa yo souke nou., fèn kriye, plen nou ak laperèz. Anpil moun chache kote pou abrite yo nan vi sa nan anpil bagay, tankou

Anpil moun chache kote pou abrite yo nan vi sa nan anpil bagay, tankou Pyè li menm. Lòt nan byen materyèl, sou zanmi yo, sou lidè espirityèl, lòt nan konesans yo ak tout lòt bagay.

Konsa, pou ranpli ak lespri sen an. Pyè te rann kont ke sèl mwayen ak sèl kote li ka apiye l se nan Jezi kris. Nan vèsè sa yo Pyè rakonte pa sèlman jwenn wòch solid la, ke Bondye chwazi tankou Pyè solid. Anplis de sa, de menm moman sa renmèt vi li bay Bondye pou lòt ta kapab jwenn tou.

Menm chanjman sa kite fèt nan Pyè a se konsa Bondye fè nan nou menm ki pitit li. Ranpli ak lespri sen sa pa vle di ke kwayan yo gen plis lespri sen se pa sa, ke lespri sen genyen plis kretyen, youn ki renonse ak tout dezi egoyis yo. Ki renmèt li konplètman bay Bondye pou'l itilize'l dapre pawòl.



Reyalize aktivite 5 la nan fèy aktivite yo

||| Aprè sa mande pou pataje ak klas la tout repons yo. Apre sa mande elèv yo pou vin priye pou fè yon pak ak Bondye pou toujou pran swen eksperyans sa pou kontinye fè chanjman nan vi yo pou ka grandi nan relason yo ak Bondye. |||



Definisyon tèm enpòtan yo

- **Sen:** se yon mo ki dekri yon vi sen de peche oubyen peche nan kè ki fè nou dezobeyi Bondye.
- **Temwayaj:** mo sa ka vle di 2 bagay, premyèman kapab se limaj lòt moun genyen de nou. Temwayaj nou devan lòt moun depann de jan nou viv ak aksyon nou. Mo sa tou kapab prezante yon aksyon ; bay temwayaj se lè nou rankonte ak yon lòt moun sa kite pase nan vi nou oubyen sa nou wè ki pase nan vi yon lòt. Nou se temwen de sa kite pase konsa nou ka temwaye.



Rezime prensipal ansèyman pasaj ki etidye yo:

Pyè te genyen yon chanjman nan vi li depi'l te fin ranpli ak Sentespri Sen an. Li te konprann volonte Bondye pou pitit li yo se pou gen eksperyans lanmou nan vi yo epi pataje'l ak lòt yo.

Lespri sen an bay pouvwa nan vi kretyen yo. Pouvwa sa kapasite yo pou viv yon vi ki sen, pou bay temwayaj ak sèvi li pou ka entèsede pou lòt yo.

Tankou pèp Bondye nou gen devwa pou'n anonse esperans ki genyen nan kris la, konsa menm jan ak Pyè nou pa ka fè sa san nou pa ranpli ak Sentespri lanmou bondye a.



Fèy aktivite yo

AKTIVITE 1

Aprè w fin li egzanp sounon modèn sa yo ki endike sa moun nan dwe vin ye. Reflech sou sa: Si Jezi ta ba w yon ti sounon ki ta sonje w sa w dwe vin ye, Kisa w panse li ta ye?

Buldòg la

Sa fè plizyè lane depi te genyen yon jèn tigason timid ki te rive nan lig Bizbòl adolesan yo nan peyi Etazini, non li se te Orel ki te genyen ponyèt li byen pwisan ak dirèk.

Antrenè Dodgers yo, Tommy Losorda, te rann li kont de gwo talan jèn ti bray sa te genyen pou rive vin yon gran jwè bizbòl. Sepandan, jèn nan te manke konfyans nan tèt li ak lespri konpetisyon. Antrenè a te bali yon ti sounon ki te kontrè ak pèsonalite li. Li te ba li non “Buldòg”.

Aprè yon bon bout tan Orel te vin konvèti kòm youn nan pigwo jwè bizbòl lig yo. Sounon li a te ede li defini konpòtman li epi sonje li sa li te dwe ye.

Neo

Nan fim “Matrix” se non yo bay pwotagonis la ki se NEO, ki vle di nouvo, yon bagay ki vye oswa te déjà egziste, men ki rejenerè. Non sa te fè li sonje ke li moun yo te chwazi pou sove ras limatine Matrix la epi menm si li pat konnen sa, li te genyen pouvwa pou fè yon bagay espesyal, ke pèsòn pat kapab fè.

Pi gwo difikilte mwen se _____.

Sa mwen dwe rive fè nan Bondye a se _____.

Se poutèt sa mwen kwè ke sounou ki ta dwe pou mwen an se _____.

AKTIVITE 2

Ki zèv sanntifikasyon ki pote Sentespri a nan kè nou lè prezans li ranpli nou ?

Konplete lapriyè sa yo konfòm avèk sa w li nan vèsè ki endike anba yo.

1. Jan Batis te di ke Jezi genyen pouvwa pou li batize avèk _____(Matye 3 :11)
2. Mo ki tradwi sanntifikasyon entèn yo se: _____(1 Korentyen 6:11).
3. Pa mwayen _____ nou netwaye (Jan 15:3).
4. Jezi te priye pou nou te _____(Jan 17:17).
5. Volonte Bondye se pou nou kapab grandi nan _____(Matye 5 :48).
6. Pòl bannou egzant pou pèsèvere nan _____(Filipyen 3 :12).

AKTIVITE 3.

Ki diferans ki make temwayaj prezans Sentespri a ? Kisa ki karakteristik ki bay fwi lè yon moun temwaye ke li ranpli ak Sentespri a?

Chèche nan vèsè sa yo epi ekri lis la.

Travay 4:8 _____

Travay 4:31 _____

Travay 5:32 _____

Travay 6:5 _____

Travay 6:10 _____

Travay 8:29, 39 _____

Travay 10:38 _____

AKTIVITE 4.

Reflechi nan lekti sa ki soti nan Leslie Parrott, Kisa sanntifikasyon vle di? (paj 52).

“Lapriyè nan Lespri a pi plis pase pawòl. Èske w konn tèlman lapriyè ak fòs ki menm fè w rive dekontwole sou kabann nan lè w di konsa: “O Bondye, mwen pa konnen kisa pou m di ni fè. Mwen lage tout bagay nan men w”. “*Se konsa tou, Lespri Bondye a vin ede nou, atout nou fèb la, paske nou pa konnen kisa pou n’ mande lè n’ap lapriyè, ni ki jan pou nou lapriyè. Men, se Lespri Bondye a menm k’ap lapriyè Bondye pou nou. L’ap pouse gwo soupi moun pa ka eslike, Tansèlman, nou konn sa byen: nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen l’, pou byen tout moun li te fè lide rele*” (Women 8:26,28). Moun ki sanntifye a aprann lage lavi li nan men Bondye. Li pa enkyete li, paske li mete konfyans li nan Seyè a. Li pa kritike, li pa ap plede plenyen, ni fache; paske li konnen ke menm bagay ki pase nan lavi prive li ap manifeste pou glwa Bondye. Moun sa yo ki pa konsakre tèt yo konplètman, yo pap kapab genyen lafwa sa.

AKTIVITE 5.

Li anekdot sa epi evalye lavi w pandan w ap reponn kesyon sa yo:

Vrè temwayaj kretyen an pa repoze sou pawòl li yo, men se pito sou aksyon lavi li. Medsen misyonè a avèk Eksploratè David Livingstone (1813-1873) ki nan Peyi Amerik Santral avèk lòt eksploratè ak ekriven, Sr.H.M. Stanley (1841-1904) li menm ki pat kretyen. Apre yon vwayaj ansanm ak pataje eksperyans ansanm, Sr. Stanley di konsa: “Si mwen te rete bò kote li pou plis tan, m tap konvenk pou m vin kretyen”.

1. Èske lavi w ap reflekte lavi Kris la oswa jouskaprezan ou kontinye rete menm moun ou te ye avan an?

2. Èske w santi pouvwa Lespri sa a ap travay nan lavi w? Kòman ?

3. Èske w ta renmen kalite lavi sa ki konvenk lòt moun swiv Kris paske sèlman yo rekonèt ou ?

4 .Ki chanjman w bezwen fè nan lavi w pou ke moun kapab remake lavi Kris la nan ou epi deside chanje lavi yo ?

LEKTI KI REKÒMANDE YO

- Sòm 24
- Sòm 31
- Sòm 51
- Sòm 63
- Matye 6 :38-48
- 1 Jan 1



Lanmou santach : Kalite lavi kretyen an ki ranpli ak Sentespri a.

Leson 11



Objektif:

Se pou elèv la:

- Konprann siyifikasyon pèfeksyon kretyen an avèk yon ideyoloji ki soti nan Bondye.
- Reflechi sou divès kalite diferan lanmou Bondye a.
- Idantifye kèk fòm nan jan lanmou Bondye a manifeste nan lavi pitit li yo.
- Konnen demonstrasyon lanmou Bondye k ap manifeste nan lavi li.



Materyèl

- Divès kalite semans, tankou : pwa, kafe, diri, mayi, ak anpil lòt ankò.
- Yon ti plant, bèl epi san tach sou li.
- Yon adekdòt de yon vye pyebwa, gwo epi plen fèy (oswa youn ke moun kapab wè depi nan klas la).
- Si w pa kapab jwenn semans yo avèk plant lan, ou kapab chèche kèk min oswa foto pou ilistrasyon.

[[[Mande elèv yo, kisa kalite lavi ye? Ekri kesyon an sou tablo a epi kite elèv yo bay opinyon yo. Apre sa a, ekri definisyon sa nan tablo a epi mande elèv yo pou yo konpare li avèk sa yo te di yo. "Kalite lavi a fè referans ak abitud, ansanm de konpòtman ak atitud ke moun yo devlope".]]]



- **Reyalize aktivite N0.1 nan fèy aktivite yo.. Rele de oswa twa elèv volontèman pou pataje avèk rès yo te ekri a.**

[[[Li Efezyen 4:13 epi mande, Kilès twa moun sa yo ke nou te wè nan aktivite 1 ki gen plis posiblite pou reyalize rèv sa?]]]

Lè kwayan an ranpli ak Sentespri a li kòmanse mache espiyèlman. Chak jou, chak ane li grandi epi sanble ak Kris la pi plis. Pou ke sa posib, kwayan an dwe atache ak Lespri a pandan l ap fè chanjman sa yo nan lavi li jan sa nesèsè pou li kapab rive sanble ak Kris la pi plis toujou. Nan pwosesis sa a Bondye ap chanje lavi konplètman. Chanjman sa kòmanse anndan kè nou, jan nou te wè sa nan leson ki pase a, men jan nou pral wè nan leson sa, li vin pi klè toujou nan pati ekstèn nou.

Etid bibliik

Nan etid sa a nou pral defini de mo ki enpòtan anpil: Lanmou ak pèfeksyon. Enpòtans mo sa yo se ke yo rezime sa kalite lavi kretyen ki ranpli ak Sentespri a ye. Toude mo yo dekri kalite santral kapasite sa ke nou resevwa nan men Bondye pa mwayen Lespri li. Yo toude a genyen bon relasyon tèlman ke yon kalite pa posib san lòt la.

Nou pa kapab pafè nan je Bondye si nou pa genyen lanmou ki fè nou pafè a. Se menm jan an tou, pou nou renmen tankou Bondye renmen an sa mande pèfeksyon. Nou pral kòmanse defini "pèfeksyon".

1. KISA SA VLE DI VIN PAFÈ ?

[[[Mande pou volontè yo li Jenèz 17 :1 ak Matye 5 :48.]]]

Ni nan Ansyen kòm Nouvo Testaman nou jwenn kote Bondye ap rele pitit li yo pou yo pafè devan Li.



- **Ekri nan tablo a, Kisa pafè a ye? Divize klas la fè de gwoup, youn fi epi lòt la gason. Reyalize aktivite N0.2 nan fèy aktivite yo.**

||| Ekri nan de kolòn nan tablo a opinyon chak gwoup yo epi apre sa make sa ki menm jan yo. Apre sa, mande pou chak gwoup ekri yon definisyon sou kisa ki yon fwi pafè? |||



- **Reyalize aktivite N0.3 nan fèy aktivite yo. Apre sa mande elèv yo pou yo pataje definisyon yo a avèk klas la.**

Kisa sa vle di vin pafè avèk ideyoloji ki soti nan Bondye?

Pèfeksyon kretyen an se yon non eksperyans ranpli ak Sentespri a te resevwa nan istwa Legliz la. Gen kèk moun ki konfonn nan sa ki vle di vin pafè a, pandan y ap fè konnen ke se yon lavi ki san defo, erè, atitud oswa fòm konpòtman ki kapab ofanse lòt moun. Pou nou kapab konprann siyifikasyon mo sa a, annal wè kijan Jezi ak disip li yo te konn itilize li.

Ann kòmanse avèk Matye 5 :48, Jezi te di konsa: “Nou fèt pou nou bon nèt, menm jan Papa nou ki nan syèl la Bon nèt”. Kisa li vle di? Si nou wè vèsè avan yo depi nan 38 pou rive nan 47 Jezi t ap anseye sou kijan nou dwe padone ak renmen moun sa yo ki fè nou mal. Mo grèk ki tradwi pafè nan pasaj sa a se “teleios”, ki vle di fen, obyektif, limit. Ansèyman prensipal pasaj sa a se ke se pou tout kretyen rive reyalize obyektif renmen jan Bondye renmen nou an.

Lòt pasaj ki sanble a se lè Jezi t ap pale ak jennonm rich la li di l konsa: “Si w vle vin pafè, al van tout byen w posede yo epi fè pòv yo kado lajan an epi konsa ou va genyen yon trezò nan syèl la; apre sa vin swiv mwen” (Matye 19:21). Mo grèk ki devlope la a se menm nan ki se “teleios”, nan egzanp anlè a. Jezi anseye ke jennonm sa menm jan ak tout moun te vle grandi epi genyen obyektif ki bon pou lavi li.

Men Jezi te mete yon nouvo defi devan li, yon nouvo obyektif: renmen jan Bondye renmen an, sa ki te fè li kite tout lòt yo nan dezyèm plan. Ansèyman ki la a se ke obyektif pèsònèl kretyen yo pap bon pou yo sèlman, men tou l ap benefis pou lòt moun.

Pòl pale de pèfeksyon tou nan Efezyen 4:13 lè li ekri legliz la: “... konsa pou nou tout ansanm nou ka rive fè yon sèl kò nan konfyans nou genyen an ak nan konesans Pitit Bondye a.

Konsa, nou tout ansanm nou ka vin granmoun ki byen devlope, dapre dènye mezi devlopman Kris la ki bon nèt”. La a Pòl itilize menm mo teleios la, men se pou li dekri yon nonm pafè oswa ki genyen matirite. Nan lèt Pòl yo li toujou ap ankouraje yo kite anfans espiyityèl yo a epi pou yo rive genyen matirite. Pòl kòmanse fraz sa pandan l ap afime ke tout moun ki kretyen dwe rive nan pwèn sa epi sa se devwa prensipal lidè ak pastè legliz yo.

Nan 2 Timote 3:17 Pòl te ekri tou: “...Konsa, yon moun k’ap sèvi Bondye, li tou pare, li gen tou sa li bezwen pou l’ fè tou sa ki byen.” La a Pòl itilize mo grèk sa ki se “artios” ki tradwi pafè epi ki vle di ekipe, anwole oswa prepare pafètman.

Nan fè obsèvasyon etid brèf sa, nou kapab konkli ke nan Bib la sèl pèfeksyon ki posib la se pèfeksyon lanmou an. Kretyen ki pafè a se moun sa ki grandi jouskaske li rive nan yon nivo kote li

resevwa lanmou Bondye a. Lanmou pafè sa abite nan lavi li, prepare li, antrene li pou sèvis la, men nan menm tan an li kontinye ap ekipe e anwole li dapre modèl Jezi a.

Pa genyen okenn nan nou ki papab pafè nan lespri nou, nan konpreyansyon, nan pale, oswa nan aji jouskaské nou pa ta rive nan prezans Bondye. Men wi nou kapab vin pafè, si rivyè lanmou pafè Bondye a koule nan lavi nou. Se pa sa nou fè ki fè nou vin pafè, se pito enèji lanmou Bondye a ki abite nan nou epi se enèji sa ki dirije epi pouse nou pou nou tout viv konfòm ak objektif ki te fè nous ove yo.

||| Pou konprann siyifikasyon vin pafè a pibyen nou pral demontre avèk semans sa yo, plant avèk pyebwa sa. (Montre eleman yo pandan eksplikasyon yo ap kontinye). |||

Nou wè semans sa yo. Yo tout diferan, men nan yo chak genyen yon kapasite pou vin yon plant oswa pyebwa dapre espès yo. Èske w ta di ke semans sa pafè? Wi, li san defo, konplèt epi akonpli avèk objektif li.

Ann gade plant la kounye a. Sa a se yon plant ki san defo, li genyen tout sa li bezwen pou li grandi ak miltipliye. Èske w ta di ke plant sa pafè ? Wi.

Ann gade pyebwa ponmen sa, èske w ta di ke li pafè ? Wi, li san defo, li konplèt, li genyen tout bagay li bezwen pou l kontinye grandi ak ajoute zanno nan kò bwa a. Menm si se yon pye bwa ki ansyen, li gen kapasite pou li repwodwi fèy ak branch e menm grandi moute.

Twa sa yo, semans, plant ak pyebwa yo pafè nan tan devlopman yo. Yo pafè paske yo san defo epi genyen tout sa yo bezwen pou kontinye grandi epi akonpli objektif Bondye te kreye yo pou sa a. Yo tout bay fwi, menm si fwi yo diferan. Gen kèk ki bay grenn ki tounèf, lòt menm fleri byen bèl pou moun wè, lòt ankò bay lonbraj, semans, fwi ak bwa.

Se menm jan tou kretyen ki ranpli ak Sentespri yo pafè nan sa kote yo konplèt, yo genyen kapasite pou yo grandi pandan y ap sanble avèk Kris la epi akonpli misyon Bondye te rele yo fè a.

2. KÒMAN LANMOU PAFÈ A YE?



Mande klas la, kisa moun panse de lanmou? Reyalize aktivite N0.4 nan fèy aktivite yo

Lanmou pafè a se sa Pòl dekrive nan 1 Korentyen 13. Se avèk menm lanmou sa Kris renmen nou an. Sa se yon lanmou ki bay san rezèv, san kondisyon, san mezi. Se lanmou ki sen san egoyis. Se lanmou ki pèmèt nou renmen Bondye avèk tout kè nou, avèk tout nanm nan e avèk tout lespri a (Matye 22 :37). Se avèk lanmou sa Bondye ranpli nou avèk Lespri Li.

Lè kè kwayan an ranpli ak Sentespri a li pwodwi chanjman nan motivasyon avèk afeksyon ki manifeste kounye a pou fè volonte Bondye epi sa vin demontre atravè yon nouvo kapasite nan renmen Bondye, e avèk travay li avèk tout moun ak yon lanmou ki san limit, men avèk pri sakrifis pèsònèl. Se yon lanmou ki pa chèche pwòp enterè li, men pito toujou epi nan tout bagay l ap chèche fè avanse wayòm Bondye a.

Ann gade kèk fòm ke lanmou pafè a manifeste nan lavi kwayan ki ranpli ak Sentespri a.

Se yon lanmou entansyonèl

||| Mande pou yon elèv li 1 Jan 4 :19 epi mande klas la, Kimoun ki te renmen anpremye? Èske se noumenm ki te renmen Bondye oswa Li menm ki te renmen nou? |||

Pa mwayen Pawòl la nou konnen ke Bondye renmen nou entansyonèlman, sa vle di ke Li renmen nou paske Li te deside renmen nou, paske li vle epi li genyen volonte pou renmen nou. Kreyen ki ranpli ak Sentespri a pa sèlman dwe santi lanmou pafè sa men pito li dwe pran desizyon pou li kiltive lanmou sa fas ak Bondye avèk pwochen li yo.

Pou sa ki gen pou wè avèk Bondye, kreyen ki ranpli ak Sentespri a mete Li nan sant afeksyon li yo. Bondye vin chanje kòm pasyon nimewo en pou lavi li. Kreyen ki ranpli ak Sentespri a fè efò pou l fè Bondye plezi epi menm jan ak Jezi, sèl dezi li, objektif fondamantal lavi li, se pa fè pwòp volonte li, men pito pa Bondye a (Jan 6 :38).

Lanmou sa manifeste nan akonplisman tout kòmandman Bondye yo, nan relasyon li avèk Bondye epi nan renmen lòt moun jan Bondye renmen yo a.

Grèk yo te sèvi ak twa mo diferan pou yo te ekspri lanmou. Mo sa yo ede nou defini lanmou Bondye a pi byen. Lanmou agape ki fè referans ak lanmou ki toujou byen manifeste a, menm lè li soufri kòm rekonpans; lanmou eros se sa ki idantifye li ak bote a, avèk sa ki gen ki bay atirans pou sans yo; lanmou filyal, se sa ki gen pou wè ak zanmitay.

Kreyen yo demontre lanmou nan sa a: Kreyen yo fè fas ak ofans lè yo peye byen nan plas mal (Women 5 :8 ak 12 :14). Ankouraje byennèt lòt moun, menm pa moun sa yo ki fè yo mal. Kreyen an kontanple bote kreyasyon an epi jwi sa ki bon, sa ki gen valè, sa ki bèl. Li fè efò pou li fè parèt bèl kreyasyon Bondye a olye pou l detwi li, men nan menm tan an li fè pridans ak peche k ap kontamine mond lan avèk kreyati Bondye yo. Kreyen an se yon zanmi fidèl epi ankouraje ak kiltive lyen zanmitay.

Yon kreyen ki ranpli ak Sentespri gen lanmou Bondye k ap koule nan kè li. Se pa yon kreyen ki pote non sèlman men pito yon moun ki chèche Bondye entansyonèlman avèk kè e lavi li.

Se lanmou ki chèche ekspri li

||| Mande pou yon elèv li Jan 4 :13-14. |||

Jezi te konpare fwi lanmou abondan sa avèk yon rivyè dlo vivan k ap koule nan kè nou. Lè Jezi te pale de dlo vivan k ap koule a li te vle fè gran diferans ki genyen ant rivyè ak yo letan. Nan rivyè yo, dlo a koule, kouri; basen yo debarase epi tounen plen ankò. Letan yo resevwa dlo yo men li rasanble yo. Nan peyi Palestin genyen yon letan ki rele Lamè Mouri, li menm li resevwa dlo relee pi fre ki soti nan rivyè Jouden an, men olye li distribye yo pou wouze jaden yo, li rasanble yo. Dlo sa yo tèlman gen anpil sèl, pa gen anyen ki kapab viv ladan yo. Se yon dlo ki mouri.

Lespri Bondye a se yon fòs lanmou abondan ki kouri kòm dlo fre nan lavi kreyen an epi li kapab gen lajwa konplètman, lè li bay lavi li pou sèvis la. Avèk menm entansite ke li renmen Bondye ak tout kè li, li sèvi li ak tout fòs li yo (Travay 24:16). Devlope talan ak fòs li yo toutan konfòm ak volonte Mèt li.

Abondans Lespri a pwodwi abondans ministè. Lanmou pafè a manifeste pa aksyon. Lanmou

Bondye a mobilize nou. Bondye renmen nou epi lanmou sa fè li rive fè yon bagay pou nou, pou byennèt nou. Kreyen ki renmen sèlman ak Pawòl la pa refilete bon lanmou Bondye a.

Lanmou Bondye a se yon lanmou ki dinamik, sa vle di, yon lanmou ki toujou ap chèche okazyon pou li eksprime li olye pou li chita ap tann pou yo envite li fè yon bagay pou lòt moun. Se yon lanmou k ap travay, li bannou fòs ak valè pou ale kote sa bezwen li. Se pa yon kreyen ki konsidere kòm yon “chofe ban”. Li dinamik pou fè tout byen li kapab pou tout moun. Li patisipe nan konpasyon ak evanjelizasyon, nan tan li pataje responsablite yo nan travay legliz la.

Lanmou sa eksprime nan anpil fòm ki diferan epi nan anpil pèsonalite diferan, pa egzanp: Se yon lanmou ki ankouraje lòt yo epi kontan lè li reyalize rèv li, tankou: Pale ak moun osijè de kapasite yo pou yo kapab soti nan peche; mennen lòt moun nan pye Kris la pou yo kapab jwenn jistifikasyon pa mwayen lafwa epi fè lapè avèk Bondye (Women 5:1) epi ankouraje moun ki sove yo pou yo kapab vin piplis nan lanmou ak bon zèv.

Se yon lanmou ki padone, li pa konsève rankin ni pran wont. Nan lòt mo, li padone epi pa konsève ofans yo...se yon lanmou ki sipòte ak bliye, ki padone nan menm fòm ke Bondye padone li nan Kris la (Kolosen 3 :13).

Se yon lanmou ki ankouraje li bay tan ak lajan nan yon fason ki sakrifye, pilwen pase sa lòt moun wè tankou bagay ki nòmal kèk fwa, plis pase sa nenpòt bon moun ta bay pou yon bon koz.

Yon kreyen ki ranpli ak Sentespri a se yon moun ke lavi ekstèn li se reflè relasyon entim li genyen avèk Seyè li a.

Se yon lanmou ki transfòme relasyon nou yo

[[[Mande pou yon elèv li Jan 3 :34.]]]

Jezi te di ke Bondye patap bay Lespri li avèk mezi, men se pito Li ta vide li avèk abondans sou chak pitit fi ak pitit gason li yo. Si tout kreyen yo dwe manifeste fwi Lespri a, kwayan ki ranpli ak Lanmou Bondye a demontre li nan fòm abondan nan lavi li.

Kisa ki fwi sa ki Lespri a ? Renmen, kè kontan, kè poze, pasyans, bon kè, seriozite, li fè ou gen bon manyè. Li fè ou aji ak dousè, li fè ou konn kontwole kò ou, jan Pòl te ekri nan Galat 5:22-23.

[[[Mande pou yon volontè li Ebre 4 :1-11.]]]

Lavi ki ranpli ak Sentespri a se yon lavi repo ki konpare ak repo ke Bondye te pran apre sis jou lè li te fin kreye mond lan epi tou lè pèp Izrayèl la te antre finalman nan tè Kanaran (Jenès 1 :31-2 :2). Otè lèt ebre yo di ke repo sa a se sèlman pou pèp Bondye a epi se rezilta ki vini sen ou mete tout lafwa ak tout konfyans nan Bondye nou an.

Lè kreyen an ranpli ak Sentespri a, lagè ki genyen anndan li ant lavi nan lachè ak volonte Bondye a fini. Moun li ye anndan an pa divize ankò, li vin nan lapè. Lespri li vin nan lapè paske li vin genyen yon sekirite ki tounèf pliske lavi li depann de Bondye totalman epi li santi kè li kontan anpil pou li fè volonte Bondye.

Kreyen ki ranpli ak Sentespri a se yon moun ki rekonsilye ak Bondye e ak tèt li tou epi sa parèt byen klè nan relasyon li avèk lòt moun. Pliske anndan li genyen lapè, li vin konvèti kòm yon ajan

lapè. Kè li pwòp. Li te jwenn netwayaj kont tout pasyon vanjans, anbisyon, riz ak kòlè, de tout move konpòtman oswa de tout enklasyon malen. Li te resevwa netwayaj kont ògèy ak vanite ki pwovoke kont (Pwovèb 13 :10). Lanmou pafè sa montre nan oto-kontwòl ak imilite.

Lanmou sa menm jan ak Bondye li genyen twa kalite enpòtan: Li solid, sensè epi toujou ap chèche byennèt lòt moun. Se yon lanmou ki egzije pwòp tèt li pou bay pi bon bagay de li. Se yon lanmou ki pa fè anyen ki enkòrèk, li pa apiye sa ki mal epi nonplis pran plezi nan enjistis, li montre konfyans, respè, konpasyon, lyen pasyans, li emab epi li toujou di laverite.



.....o **Reyalize aktivite N0.5, 6 ak 7 nan fèy aktivite yo**

Lanmou pafè sa a vin prensip ki gouvènènan oswa ki dèyè tout sa nou fè, tankou jan nou gen rapò ak lòt moun. Kretyen ki ranpli ak Lespri Bondye a se yon moun ki grandi nan relasyon lanmou ak lòt moun.



Definisyon tèm enpòtan yo

- **Lanmou pafè:** Se lanmou Bondye a ke li itilize pou ranpli nou ak Sentespri a. Sa a se yon lanmou ki dekri nan 1 Kòrentyen 13, yon lanmou san enterè, ki bay sa ki pi bon de limenm epi rete ap tann sa ki pi bon de lòt yo.
- **Ministè:** Sèvis ke yon moun rann Bondye ak pwochen li yo.
- **Entansyonèl :** Ak entansyon : Objektif ou bezwen reyalize lè w fè yon bagay, dezi, volonte ak detèminasyon pou yon bagay.
- **Plezi, pran plezi:** Plezi, satisfaksyon, santi satisfè, kontan, plen.
- **Dinamik :** Ki ankouraje aktivite, youn ki pran desizyon.



Rezime prensipal ansèyman pasaj ki etidye yo:

Lavi nan Lespri a se yon lavi kwasans nan lanmou ki pafè a, se yon lavi ki ranpli ak Kris la chak fwa pi plis toujou. Abondans lanmou Kris la ap fè chè nan lavi kretyen an, transfòme karaktè li, mantalite, konpòtman ak fason l ap viv epi li relasyon li ak lòt moun. Lanmou pafè sa pwodwi kwasans nan lavi li k ap fè li vin yon kretyen ki gen matirite. Kalite lavi kwayan ki ranpli ak Lespri a soti nan kwasans lanmou pafè Bondye a. Kwasans sa a entansyonèl epi eksprime li nan yon lavi ki remèt li nan sèvis ak bon relasyon avèk lòt moun.



Fèy aktivite yo

AKTIVITE 1

Ekri nan tablo sa kèk diferans ou te remake oswa aprann nan klas yo sou diferans ki genyen ant kalite lavi yon moun ki pa kretyen ak yon kretyen k ap viv nan lachè ak youn k ap viv nan Lespri.

Mansyone egzanp de: mantalite, konpòtman, atitud pou reponn ak kesyon yo.

	Mou ki pa kretyen	Kretyen k ap viv nan lachè a	Kretyen k ap viv ranpli ak Sentespri a
Kòman li itilize tan lib li?			
Kòman li itilize kapasite li yo?			
Kòman li itilize byen li yo?			
Kòman li relasyone li ak lòt moun?			

AKTIVITE 2

Si antrenè w la ta mande w pote yon fwi ki pafè nan pwochen klas la, kijan w t ap rive fè sa? Kisa w t ap chèche ladan li ? Kisa ki t ap kalite oswa karakteristik li yo?

AKTIVITE 3

Konpare definisyon sa yo sou “pafè” ki soti nan diferan diksyonè, avèk pwòp lide yo ak sa ki te pale nan klas la yo pou aprè w ekri ak pwòp mo pa w yo yon definisyon de “pafè”.

1. Ki genyen pigwo posib kalite oswa bonte pami pwochen li yo.
2. Ki genyen pigwo posib bonte oswa siksè nan branch pa l la.
3. Ki genyen pigwo grad nan yon kalite oswa defo.
4. Ki akonpli fonksyon li te la pou reyalize avèk responsablite ak efikasite.

Pwòp definisyon pam pou pafè a se: _____

AKTIVITE 4

Kisa moun yo panse de lanmou?

AKTIVITE 5

Mansyone kèk fason ou kapab moutre lanmou Bondye fas ak moun sa yo semèn sa entansyonèlman:

Fas ak moun mwen plis renmen an: _____

Fas ak moun mwen plis pa anvi renmen an: _____

AKTIVITE 6

Reponn kesyon sa yo:

1. Konbyen bagay nan istwa pase w ki genyen valè ke ou ta kapab itilize pou w sèvi Bondye?

2. Kòman Bondye kapab itilize eksperyans yon timoun oswa adolesan?

3. Èske w genyen nan lavi w etid, talan espesyal, entèlijans natirèl oswa sa w aprann ki kapab itil pou w sèvi Bondye?

4. Èske w te fè kèk eksperyans ki di epi w te pote viktwa, men kounye a li kapab itil ou pou w konseye lòt moun?

5. Èske gen kèk siksè ou te fè nan tan pase yo ke w kapab itilize pou w sèvi Seyè a?

AKTIVITE 7

Li pasaj sa yo

“Men, Lespri Bondye a bay Renmen, kè kontan, kè poze, pasyans, bon kè, seriozite, li fè ou gen bon manyè. Li fè ou aji ak dousè, li fè ou konn kontwole kò ou, pa genyen lwa ki kont bagay sa yo”. Galat 5:22-23.

“Moun ki gen renmen nan kè li gen pasyans, li gen bon kè, li p’ap anvyè sò lòt moun. Li p’ap fè grandizè, li p’ap gonfle ak lògèy. Moun ki gen renmen nan kè li p’ap fè anyen ki pou fè moun wont, li p’ap chache avantaj pa l’, li p’ap fè kòlè, li p’ap kenbe moun nan kè. Moun ki gen renmen nan kè li p’ap pran plezi l’ nan sa ki mal, li pran plezi l’ nan sa ki vre. Moun ki gen renmen nan kè li sipòte tout bagay: nan nenpòt ki sitiyasyon, li toujou gen konfyans nan Bondye, li p’ap janm pèdi espwa, l’ap toujou moutre jan li gen pasyans”. 1 Kòrentyen 13 :4-7.

Ekri anba a ki kote w jije w dwe grandi nan lavi w pou lanmou Bondye a kapab parèt piklè nan lavi w?

LEKTI KI REKÒMANDE YO

- Jan 4
- Women 15:1-21
- Filipyen 4
- Kolosyen 3
- 1 Tesalonisyen 5 :12-28



Erè komen sou lavi ki ranpli ak Sentepri a

Leson 12



Objektif:

Se pou elèv la:

- Rekonèt move entèpretasyon ki genyen sou remak sentete a nan lavi.
- Reflechi sou danje ke move entèpretasyon sa pou konprann lavi ki ranpli ak Sentepri a reprezante pou legliz la.
- Pataje eksperyans sou kijan move entèpretasyon sa yo afekte legliz la nan sosyete a.
- Dispoze lide sou kijan w kapab ede moun ki twouble, pou konprann vrèman kisa viv nan sentete a vle di.



Materyèl

- Tablo, lakrè oswa makè.

[[[Kòmanse klas la pandan w ap ekri kesyon sa nan tablo a, èske li enpòtan pou nou rekonèt move entèpretasyon ki genyen sou lavi ki ranpli ak Sentespri a? Pou kisa ak pou fè kisa enfòmasyon sa ap itil nou? Pèmèt yo bay repons yo... Rezime chak lide epi anmezi y ap pale, fè yon lis nan tablo a. Si yo pa masyone li, ou kapab ajoute: Pou w pa tonbe nan menm erè yo, pou w ede sa ki twonpe yo, pou w defann sa Bib la anseye osijè de sa, ak plizyè lòt ankò.]]]



Reyalize aktivite NO.1 nan fèy aktivite yo. Apre sa, li chak enfòmasyon epi mande klas la pou ke li di byen fò si se Fo oswa Vrè epi apre w fin korije yo si yo twonpe yo pou yo tout kapab korije repons yo a.

Nan leson sa a nou pral etidye sou kèk nan erè sa yo ki plis komen sou sa ki gen pou wè ak siyifikasyon vin ranpli ak Sentespri epi viv nan sentete.

Etid bibliik

Kèk move entèpretasyon sou sa ki fè yon lavi vin sen:

1. KISA KI DETWI LIBÈTE PÈSONÈL LA

Lè Bondye te kreye lòm, li te fè li pou genyen kominyon avèk li, pou li te ka fè zanmi avèk li. Se poutèt sa, se yon erè total pou yon moun panse ke lavi ki ranpli ak Sentespri a anile libète pèsonèl lib lòm nan, epoutan Bondye pat janm deside kreye yon wobo ki ta reponn “ak remont kontwòl” oswa yon yon prizonye ki ta obeyi li avèk fòs.

Nou jwenn plizyè egzanp nan Bib la kote nou kapab asire nou ke Bondye pa detwi volonte pèsonèl la. Ann revize egzanp yo ke Adan avèk Èv ak Jezi.

Nan ka Adan avèk Èv la, Bondye kreye yo epi li mete kòm responsab pou administre Edèn, men nan okenn moman pou yo te obeyi li anba obligasyon. Nan Jenèz 2:8-9 nou jwenn kote Bondye mete lòm nan jaden Edèn epi nou jwenn tou ke li fè pyebwa syans byen avèk mal la leve. Sa moutre anreyalite sa ki rele libète pou chwazi. Se nòmal pou Bondye rekòmande lòm sa li vle, men li pa enpoze li sou desizyon lòm. Ann obsève desizyon premye koup la nan Jenèz 3:6 “Fanm lan gade, li wè jan pyebwa a te bèl, jan fwi yo sanble yo ta bon nan bouch. Li santi li ta

manje ladan l’ pou je l’ ka louvri. Li keyi kèk fwi. Li manje, li pote bay mari l’ ki manje tou”. Adan avèk Èv te chwazi yon opsyon ki mal pou lavi yo paske li pote separasyon ant yo menm avèk Kreyatè yo.

Ann gade egzanp Jezi a.

[[[Mande pou de elèv li Lik 22 :39-44.]]]

Nan pasaj sa a nou jwenn kote Seyè a ki chwazi obeyi volonte Papa li malgre sa te vrèman difisil epi Jezi te di Papa dezi li. Li pat fasil pou li, pou l te ale sou kwa a, li te vle santifye li, genyen lènmi yo, peye fwi solitud la, enkonpreyansyon, resevwa jouman, move tretman fizik epi menm rive mouri. Jezi pat fòse ale sou kwa a, Li te ale ak pwòp volonte li, paske li te renmen Papa li epi paske li renmen nou. Se poutèt sa li te priye mande fòs pou l te kapab obeyi volonte Papa li jouskalafen.

Jan nou kapab obsève li a, volonte pèsonèl la pa detwi nan lavi moun ki ranpli ak Sentespri a, nan lavi kretyen an n ap toujou bezwen pran desizyon epi Bondye renmen pou pitit li yo obeyi li avèk pwòp volonte yo.

2. KIMOUN KI EGZAN DEVAN TANTASYON ?

Sa tou se yon definisyon ki pa kòrèk, paske nou jwenn ke menm pwòp Pitit Bondye a te tante byen fò.

||| Mande pou yon elèv li Matye 4 :41-11. |||

La a Seyè a te tante twa fwa. Nan premye a Satan te pwofite nesesite deba lòm nan pou nouriti, deja Jezi te pase 40 jou ap jene; nan dezyèm nan, li te tante pou pwouve fidelite Papa a epi twazyèm nan li te tante ak richès epi pouvwa. Ebre 4:15 di nou ke Jezi "...Okontrè,

nou gen yon granprèt ki te pase anba tout kalite tantasyon menm jan ak nou. Men, li pa t' janm fè okenn peche".

Nan Bib la nou jwenn anpil egzant moun ki pat rive soti anba tantasyon tankou Ananyas ak Safira, kote nou jwenn istwa yo nan Travay 5:11. Koup kretyen sa a te tante nan pati lajan. Yo te deside anganyan apot yo pou moutre yo ke tout bagay te byen, epi yo t'ap sere rès lajan byen yo te vann nan. Pyè te fè Ananyas sonje ke li pat genyen obligasyon pou li te vann tè li a, oswa bay lajan tè a pou legliz la (Travay 5:4). Pwoblèm nan se te paske li pat onèt ak Bondye, moun ke pèsòn pa kapab twonpe a (Galat 6:7). Konsekans atitud sa te mennen lanmò.

Nou pa kapab evite pou nou pa tante, men yon sèl bagay nou kapab lapriyè pou Bondye bannou fòs pou nou pote viktwa kont tantasyon an.



Reyalize aktivite N0 2. Nan fèy aktivite yo

Nan menm fason ke pè sa nan anekdòt la te peche a, moun ki ranpli ak Sentespri a kapab "teknikman" peche. Jan nou te wè a, li pa lib de tantasyon yo. Se sèlman paske li pat deside fè peche, paske li tèlman renmen Seyè li, li pat vle fè anyen ki dezagreyab nan je Li. Li te libere anba dezi pou fè sa ki mal la dapre konsyans li pa amou moun sa ki te renmen li avan epi ki te bay lavi Li sou kwa a.

3. KISA K AP BANNOU MATIRITE BYEN VIT?

Nou pa dwe konfonn sentete ak matirite. Yon moun ki te ranpli ak Sentespri a pandan yon jou pa nan menm kondisyon ak yon moun ki ranpli ak Sentespri a pandan 10 lane. Yo toude genyen menm dimansyon sentete, men yo pa gen menm nivo matirite. Chemen pou rive genyen matirite esprityèl la se yon pwosesis ki genyen ladan li "grandi" nan yon relasyon entim avèk Jezi ; nan

etid ak obeyisans Pawòl la epi nan kominyon fratènèl ak sèvis nan legliz la.

Lè w resevwa premye lisans pou w kondwi (nòmalmman nan jenès) ou gen entèlijans pou w kondwi yon machin; men si w fè erè nan kondwi a, konesans ou nan chemen yo, reyaksyon w fas ak yon kout volan enkòrèk devan lòt chofè, entèlijans ou pou w fè chanjman ak yon kawouchou ak teknik nan kontwòl debaz machin ou an, se pa menm bagay la pou yon moun ki genyen plizyè ane ak kondwi. Lisans pa w la avèk pa lòt chofè a sanble anpil, prèske menm bagay la epi yo toude gen pou bay satisfaksyon lè yon polisye transpò fin pase yo egzanmen. Diferans lan se sèlman lisans pa w la tounèf epi pa lòt chofè a te déjà renouvle plizyè fwa epi li genyen mak ane ki pase yo. Ebyen se menm bagay la pou sentete ak matirite.

Yon egzant de yon moun ki sen epi nan menm tan pa gen matirite, nou jwenn li nan lavi apot Pyè.

[[[Li Galat 2 :11-14.]]]

Pyè te yon moun ki te ranpli ak Sentespri a ki te aji avèk ipokrizi lè li sispann pataje ak kretyen non-jwif yo, pou krentif de sa lòt lidè legliz jwif yo ta kapab panse de li. Pòl te reprann Pyè pou konpòtman infantil sa, lè li te asosye li avèk moun sa yo ki t ap egzije “moun lòt nasyon yo” itilize seremoni sikonsizyon (yon koutim jwif ki te fèt sou tan Moyiz yo) avan yo te aksepte yo nan legliz la.

4. KISA KI FÈ NOU TOUT EGAL?

Nou chak te kreye nan fason pa nou. Menm marasa yo menm jan fizikman, yo diferan nan fason yo ye. Lasyans demontre ke genyen divès kalite tanperaman ke moun nan fèt avèk li. Tanperaman sa yo divize fè kat pwen: kolerik, sangen, flematik ak melankolik. Yo chak genyen pwòp karakteristik yo ki fè yo prefere tèl bagay olye de lòt yo, vin plis ou mwens dinamik, reyaji nan yon fason ki diferan fas ak yon menm sitiasyon, elatriye. Sentete a pa detwi pèsonalite ke nou genyen. Nou pap janm kapab egal, n ap toujou genyen karakteristik diferan.

Nou wè sa reflète byen klè nan lavi apot yo, menm apre Lapannkòt, kote yo te ranpli ak Sentespri a. Fè yon ti panse ak lavi Pyè, Jan oswa Pòl. Ki karakteristik pèsonalite mesye sa yo te genyen avan yo te vin ranpli ak Sentespri a? Ki chanjman ki te genyen aprè? Èske chanjman sa yo te pote benefis pou travay yo?

Gen moun ki panse ke yon rankont ki plis pwofon avèk Seyè a (Lapannkòt, nan ka Pyè, Jan epi nan Damas nan ka Pòl la) pètèt li te kapab aksantye sou pèsonalite li yo epi se te yon valè ki ajoute pou akonplisman fidèl misyon ke Bondye te angaje yo a.

Pa egzant Pyè te toujou pi cho epi se nonm inisyativ la nan levanjil yo. Nan Travay, nou wè li nan menm fòm nan, se sèlman avèk yon kantite degre angajman ki plis pwofon. Pou Jan, nou obsève byen souvan touprè Jezi, limenm ke Jezi te renmen nan yon fason ki espesyal. Nan lèt li yo nou jwenn ke se yon apot ki nòb ki t ap rele frè yo: “timoun mwen yo”. Finalman Pòl, yon moun ki kategorik nan konviksyon li yo epi ki vrèman jalou nan akonpli lalwa. Lèt li yo fè nou wè ke se yon apot avèk langaj dirèk epi prewokipe pou ke legliz yo te viv konfòm avèk levanjil gras la.

[[[Mande klas la, èske Bondye kapab pran avantaj sou tanperaman natirèl nou yo epi itilize yo pou akonplisman misyon ke li te mande nou? Nan ki fason? Èske nou kapab bay kèk egzant?]]]

5. KISA K AP FÈ NOU SEN TANKOU ZANJ?

Lè nan yon kongregasyon genyen opinyon diferan ak pwoblèm ant kwayan yo, sa moutre ke travay wayòm nan ap devlope pami lèzòm. Kote ki pa janm genyen konfli se sèlman nan simetyè. Se sèlman mò ki la a epi tou moun ki mouri yo pa gen diferans nan opinyon yo, yo pa gen ajanda ni enterè. Si nou vivan, n ap genyen konfli. Kote ki genyen yon gwoup moun, ap toujou genyen pwoblèm pou rezoud.

Sentete a pa anpeche nou twonpe tèt nou avèk moun oswa nan desizyon n ap pran yo, ni nan panse diferan de lòt yo epi menm nan ofanse lòt moun pou kèk bagay, oswa santi nou ofanse pou kèk bagay yon moun di oswa fè nou.

Pòl avèk Banabas te genyen kritè ki diferan pou Jan Mak ki te fè yo separe kòm kamarad vwayajè misyonè, men pliske yo te ranpli ak Sentespri a, malgre sa, yo pat separe avèk ministè misyonè yo te resevwa nan men Bondye a.

Menm si Bondye santifye lòm, sa pap janm fè li rive vin pafè tankou zanj yo, yo menm ki lib de tout enpèfeksyon ki nan mond nou an. Nou tout nou nan mond sa pou nou viv tankou sèl avèk limyè pou kondwi lòt moun nan chemen lavi ki pap janm fini an (Matye 5:13-16). Toutotan n ap akonpli misyon nou nan mond lan, nou pap janm ka egzan de erè ak feblès lòm nou yo.

Sepandan-jan nou wè sa nan pwèn 3-nou dwe grandi piplis chak jou yon fason pou kapab vin plis sanble ak Kris la. Si pa egzanp-, si lèm te fenk kòmanse ap mache nan Lespri a, kòmantè ak atitud lòt moun yo te konn deranje m anpil; apre plizyè ane mwen aprann pou yo pa deranje mwen, pandan m ap padone epi bliye ofans la byen vit.

Si nan lane pase yo mwen te konn jije entansyon moun avèk fasilite, mwen vin aprann ke sa se travay Seyè a. Si m te konn pran desizyon nan tèt cho ki te kapab domaje moun oswa byen, jodi a mwen lapriyè epi medite piplis, pandan m ap chèche tout posiblite pou m chèche opsyon pou ke se Bondye reyèlman ki vle. Menm konsa, m pap janm pa twonpe m, toutotan mwen nan mond sa.

6. KISA LISANS POU FÈ TOUT BAGAY LA YE?

Lè n ap viv ranpli ak Sentespri a nou genyen libète, se pa pou nou fè peche, men pito se pou nou obeyi Bondye nou an nan yon pi bon manyè san obstak ki pou limite nou remèt nou ba Li totalman.

Nou pa gen libète pou nou satisfè enterè egoyis nou yo, men se pito pou nou soumèt anba bèl lanmou Seyè ak Sovè nou an Jezikris, pou sèvi li avèk tout lavi nou (1 Pyè 2 :16). Si nou kite vye dezi egoyis nou yo domine nou ebyen nou se esklav, men si nou fè volonte Papa nou ki nan syèl la ebyen nou se moun ki lib pa mwayen pouvwa Jezi (Women 6 :1,2 ; Galat 5 :1).

Libète a se pa pèmision mwen jwenn pou m fè tout sa ki fè m plèzi. Bagay sa rele libètinay. Libète a vle di genyen kapasite pou m fè tout sa mwen dwe fè.

7. LI KONFONN AK LEGALIS

Pafwa, pwosesis konsekrasyon total ki vini avan prezans konplèt Sentespri a, Bondye travay kèk domèn nan lavi nou (kèk fwa se youn oswa de) ki plis difisil pou nou obeyi. Lè finalman bagay sa yo reye sou lotèl, Seyè a reponn avèk travay santifikasyon nan lavi nou an. Pwoblèm ki rive a se ke pliske sa a yo se bagay ki kritik anpil pou nou, yo dwe menm jan pou tout moun. Si sa vle

di ke nou dwe eseye enpoze chanjman “bagay” espesifik sa yo nan lòt moun kòm kondisyon pou ranpli ak Sentespri a, nou vin transfòmè an legalis.

Ann wè yon egzanp. Enersto se yon moun ki anvan li te aksepte Kris, li te konsidere yon gwoup mizikal pou “dye” li, achte tout pwodiksyon li yo, toujou ale nan konsè yo te konn fè, elatriye. Nan pwosesis konsekrasyon an, Seyè a te endike li ke sa te enpòtan pou l te abandone CD, postè ak jounal gwoup mizikal sa li te genyen lakay li. Sa te nesèsè nan ka pa l la, pou li te kapab ranpli ak prezans sen Jezi a. Ernesto pat vle ni koute mizik la ankò paske dapre limenm se te yon retou nan tan pase, nan lavi san Kris la. Pou kounye a se sèlman mizik kretyen li koute. Se yon sèl emisyon li genyen pou koute sou telefòn li ki se yon emisyon evanjelik.

Okontrè, Mario, limenm ki asite nan menm legliz lokal la, li genyen lakay li a kèk diskèt menm gwoup mizikal sa ak lòt ki genyen mizik kretyen li te konn koute tou. Chak tan li rete li te konn koute yon ti mizik konsa ki pat genyen okenn pawòl ki pou ofanse Bondye ni Pawòl li. Pou Mario, limenm ki te ranpli ak Sentespri a tou, mizik sa pat yon objè pwoblematik nan remisyon total li bay Seyè a. Gwoup mizikal la pat “dye” li, ni sa pap janm rive fèt, pakonsekan sa pat afekte kwasans espirityèl li pou l te koute yon ti mizik tanzantan. Si Ernesto eseye konvenk Mario de ke li pa kapab vrèman ranpli ak prezans Bondye toutotan li pa abandone tout mizik sa yo, li pral tonbe nan yon atitud legalis.

Dizan pita, legalis la te pran plas li nan kèk legliz sou ki kalite rad pou medam yo te mete, oswa lizay alyans matrimonyal pou mesye yo, ak plizyè lòt bagay ankò. Yo te mete atansyon plis sou “fòm ekstèn” pou viv nan sentete, pase pa kè a (Kolosyen 2 :11).

Legalis la kòmanse anpil fwa inosamman lè nou vle etabli règ pou evite konpòtman “monden” oswa egzije kèk pratik tankou egzijans pou grandi nan lafwa oswa byen resevwa nan legliz la. Konsekans legalis la kapab byen grav. Anpil moun e menm pitit kwayan yo sispann ale legliz poutèt sa. Nou dwe fè atansyon lè n ap koute pawòl apot Pòl nan 2 Korentyen 3:6 “Se li menm ki fè m’ ka sèvi anba nouvo kontra a. Kontra sa a pa t’ fèt dapre lalwa ki

ekri a, men dapre pouvwa Lespri Bondye a. Lalwa ki ekri a bay lanmò, men Lespri Bondye a bay lavi”.

8. LI KONFONN AVÈK EMOSYONALIS

Jounen jodi a epi kòm konsekans yon sosyete chak fwa piplis grangou pou emosyon ki “fò”, pwoblèm egzijans emosyonalis la pi klè pase avan.

Nòmalman, noumenm lèzòm nou gen nati emosyonèl la epi pa genyen anyen mal nan sa lè nou eksprime emosyon nou yo. Lè fini tou, li pa posib, ni bon pou nou genyen yon relasyon avèk Bondye ki pa genyen emosyon. Sepandan nou kapab tonbe nan erè kote manifestasyon emosyonèl yo okipe plas prensipal nan lavi espirityèl nou.

Lè nou wè ke Bondye ansanm avèk nou lè sa a nou “santi nou byen”, oubyen lè nou mezire nivo espirityalite pliske “nou tèlman pran plezi nan sèvis jodi a”, lè sa n ap demontre emosyon ki klè. Sa ki enteresan se ke noumenm kwayan yo, pafwa nou konn twouve nou nan yon debòdman emosyonèl, sa ka rive nou pa menm konnen sa n ap di menm jan sa te pase Pyè sou mòn transfigirasyon an (Lik 9 :33-36).

Li nesèsè pou nou sinyale ke nou tout konn reyaji nan yon fason emosyonèl fas ak eksperyans espirityèl yo. Sepandan, fason nou reponn nan detèmine konsa akòz de fason nou ye oswa

tanperaman, pase nou avèk atmosfè kote n ap bouje yo. Pou kèk moun, se pral leve youn oswa toude men yo anlè avèk je yo fèmen, pou lòt moun se pral bat men oswa rele byen fò pou di “amèn”, pou lòt moun se pral sèlman di “mèsi Seyè” ak vwa toubwa, oswa kriye. Nou pa kapab “etabli” youn oubyen lòt fason pou reyaji nan prezans Seyè a.

Keith Drury di konsa : “Emosyonalis la kapab twonpe... yon deviyasyon atiran ki elwanye nou de verite santral sentete a...li menmen moun yo chèche yon “soulay esprityèl”, oswa kèk sansasyon. Emosyon yo kapab eksite pa mwayen predikasyon, kantik, oswa pa mwayen gwoup mizikal yo, k ap bay rezilta yon sans ki fo sou benediksyon Bondye pandan setan, verite a, se yon maskarad sipèfisyèl de sa ki vrè a”.

Melanje lafwa avèk emosyon an se pa yon fenomèn ki nouvo. Sa te pase nan istwa legliz primitiv. Nan kongregasyon kretyen yo nan divès epòk, yo te konn asosye kèk manifestasyon emosyonèl avèk prezans Bondye oswa avèk prezans Sentespri a.

Sa a yo se kèk manifestasyon emosyonèl ki melanje avèk esprityalite a:

1. Yon nouvo langaj lapriyè (lang neo-panntekostal).
2. Sekwe epi tonbe anba entèvansyon Sentespri a.
3. Eklatman ri, kriye, kouri oswa lòt ekspresyon ke emosyon an lakoz.
4. Konesans oswa revelasyon esprityèl enstantane, yon fason pou montre ke edikasyon teyolojik la pa nesesè.
5. Pwosesis de “gerizon entèn” pa mwayen konsèy, ki minimize travay temwayaj Seyè a sou lotèl la.



○ **Divize klas la fè de gwoup. Mwatye nan gwoup yo pral travay sou Legalis epi lòt mwatye a pral travay sou emosyonalis. Apre sa mande pou chak gwoup prezante travay yo pandan w ap kòmanse avèk legalis epi apre sa w ap kontinye ak emosyonalis, yon fason pou ke rès gwoup yo ki te travay tèm yo kapab bay opinyon yo tou.**

||| Mete fen ak yon lapriyè kote w ap di Bondye mèsi pou bon ansèyman ki genyen nan Legliz Nazareyen, limenm k ap ede nou pa soti nan chemen matirite esprityèl la, limenm ki se volonte Bondye pou lavi nou ki revele nan Jezikris. |||

¹ Drury, Keith. *Holiness for all Believers*. Indiana, Wesleyan Publishing House: 1995, p. 47.



Definisyon tèm enpòtan yo

- **Libètinay:** Se tandans pou defòme konsèp libète nan Kris ak chanje li pou pratike bagay sa yo ki pote plezi pèsònèl epi ki fèt san okenn kalite restriksyon epi ki pa soumèt anba volonte Bondye.
- **Legalis:** Se yon atitud kote yon moun fòse yon lòt obeyi yon lòt moun, yon règ oswa yon lwa, san admèt okenn varyasyon. Li vin tankou fanatis epi fè tout mizèrikòd ak konsiderasyon nan tretman ak lòt moun.
- **Libète pèsònèl:** Pouvwa pou chwazi pami de oswa plis opsyon epi vin responsab pou desizyon li pran ak konsekans li yo.
- **Pèfeksyon anjèlik:** Se pèfeksyon ke zanj yo ap viv, se pa menm jan ak pa Bondye a, men li pi gwo pase pa lòm nan. Pa mwayen pèfeksyon sa a, zanj yo akonpli volonte Bondye san erè ak yon lanmou ki pwofon.
- **Emosyonalis:** Debòdman emosyon ki kapab konfonn avèk yon gwo nivo espiyitalite oswa avèk eksperyans ranpli ak Sentespri a. Li te genyen anpil ekspresyon ki diferan atravè listwa.



Rezime prensipal ansèyman pasaj ki etidye yo:

Nan antouraj nou genyen anpil fason diferan pou konprann lavi nan sentete a avèk eksperyans ranpli ak Sentespri a. Gen kèk nan yo ki bibliik epi kòrèk epi gen lòt ki pa kòrèk. Gen anpil moun ki konfonn sentete avèk emosyonalis, legalis, libètinay, pèfeksyon, envensib fas ak tantasyon ak lòt ankò. Idantifye erè sa yo ap ede nou pa tonbe ladan yo epi l ap ede nou pou nou kontinye grandi nan lavi sen an pandan Sentespri a ap anseye nou viv piprè lanmou Bondye a epi pilwen peche chak jou.



Fèy aktivite yo

AKTIVITE 1

. Nan pwochen leson an w ap jwenn kèk enfòmasyon sou lavi ki sen an. Mete yon F pou sa w konsidere ki fo a epi yon V pou sa ki vrè yo.

Moun sanntifye a.

___ Li genyen volonte pèsònèl (li kapab fè peche oswa pa peche).

___ Li egzan fas ak tantasyon.

___ Lè li ranpli ak Sentespri a li resevwa matirite la menm kote a.

___ Li menm jan ak zanj yo.

___ Leve men pou adore.

___ Pa janm diskite ak lòt kretyen.

___ Li fè tout tan li ap ri.

___ Li pale ak yon langaj ki etranj pou li lapriyè.

___ Li pa genyen nesosite pou l ale sou lotèl pou l lapriyè.

AKTIVITE 2

Reflechi sou sa epi reponn:

Panse ak yon papa ki gen laj 40 lane nan yon fanmi. Madanm li fenk genyen yon bèl tipitit apre plizyè lane li fin pase ap chèche san jwenn anyen epi enfimye a pote li bay papa li pou kenbe li nan bra li pou yon premye fwa.

èske w panse papa sa kapab touye pitit li a? èske l ap gen ase fòs pou fè sa? Èske li genyen mwayen disponib yo? Repons tout kesyon sa yo se **WI LI KAPAB** “teknikman”, men...èske papa a ap dakò touye pitit li a ?

Poukisa nou kwè ke li pa ta fè sa?

AKTIVITE 3

Diskite angwoup sou kesyon sa yo:

1. Èske menm nan tan jodi a gen kèk fòm ki mansyone nan legalis/emosyonalis nan antouraj nou ?

2. Ki lòt ekspresyon legalis/emosyonalis modèn nou konnen?

3. Kisa nou menm nou kapab fè osijè de sa?

LEKTI KI REKÒMANDE YO

- Women 7 :7-8 :17
- Kolosyen 3
- 1 Timote 1
- 1 Timote 4 :1-16
- 2 Timote 2 :14-26



TRASE PLAN POU LAVI ESPIRITYÈL

MWEN

Leson 13



Objektif:

Se pou elèv la:

- Konprann ke ou dwe pran responsablite w pou kwasans espiyityèl ou.
- Reflechi sou fason ke kretyen yo ap pèsevere nan lavi ki ranpli ak Sentespri a.
- Mezire kijan li vilnerab devan tansyon pou kounye a.
- Evalye kwasans espiyityèl li rive jouk jodi a.
- Dispoze plan ki tounèf pou lavi espiyityèl ou pou sis pwochen mwa yo.



Materyèl

- Yon foto yon rezen, yon fèy rezen (si sa posib) ak seriz fre oswa ji seriz. Tivè oswa sèvyèt pou w separe bay elèv yo. Sèvi avèk yo pou w ilistre leson sa.

Entwodiksyon

Nan leson sa a nou pral etidye sa Bib la di sou responsablite kretyen an pou l pwoteje ak grandi nan eksperyans ranpli ak Sentespri a. Jan nou te etidye nan leson yo pou trimès sa, Bondye sove nou pou nou kapab viv ranpli ak Sentespri a epi genyen yon kalite lavi lanmou san tach la.

Pou viv nan eksperyans sentete a epi grandi ladan li se yon bagay ki enpòtan anpil ke nou byen konprann, ki responsablite nou nan sa ki gen pou wè ak kolabore avèk Lespri a nan travay restorasyon ki te kòmanse nan lavi nou? Ki danje sa yo ki menase kwasans espiritiyèl mwen ki ansante a?

Menm jan ak leson avan yo nou pral eseye ba ou kèk èd pratik.

Etid bibliik

Èske mwen sen? Kijan lavi yon moun k ap viv ranpli ak lanmou sen Bondye a ye? Ann gade yon anekdot ki pral ede nou aksepte lide sa:

Yon tigason t ale nan vakans ak fanmi li nan yon peyi Lewòp. Yo te pase nan plizyè vil ak plizyè nan tanp pi enpòtan yo ke lòm te konstwi nan istwa a. Kèk mwa apre, antrenè klas lekòl dominikal li a te mande li : kisa yon sen ye ? Tigason an te reflechi pou yon moman epi li te vin sonje bèl katedral ak bèl fenèt anvit ki gen plizyè koulè yo epi li di konsa: “Yon sen se yon moun ki kite limyè Bondye pase atravè limenm”.

Ti gason sa te eksprime kontèks sentete a avèk yon vye tikras pawòl men ki rich nan siyifikasyon li: Lavi ki sen an se sa ki transparan epi pwòp, ki pèmèt lavi Kris la briye nan li, pandan l ap renmen, geri, anseye ak pote limyè Sali a bay tout moun ke sa posib pou fèt.

Jan nou te di l nan entwodiksyon an, annal wè kèk bagay nou dwe fè pou grandi ak lasante nan lavi lanmou san tach la.

[[[Mande pou yon elèv li Jan 15:1-17.]]]

Nan ansèyman sa ke Jezi te bay disip li yo, nou jwenn metòd ki pou ede nou rete soude epi grandi nan lavi lanmou an. Ann gade kisa yo ye:

1. KONSÈVE LAVI W KONSANTRE SOU JEZIKRIS

[[[Li Jan 15 :4 la ankò.]]]

Jezi di ke pou nou rete soude nan lavi espiyèl nou, nou dwe tankou yon branch oswa pye rezen an. Branch lan pa genyen plis bagay pou li fè ke kontinye rete kole nan pye a epi bay fwi. Responsablite li pa limite nan resevwa sèw ak nouriti ke pye a pote depi nan rasin nan. Se diferan de sa kèk moun kwè, lavi ki ranpli ak Lespri a sèlman mande pou rete viv konekte ak sous lavi a. Pa gen anyen ki kapab ranplase kominyon entim sa avèk Jezi. Gen kèk moun ki rive ranplase li pa mwayen yon travay nan ministè a, oswa lòt okipasyon lijitim nan lavi, sa vle di, yo plis enkyete yo pou bay anpil fwi olye pou yo ini yo avèk Seyè fwi yo.

Men, si nou medite Pawòl la byen, n ap rann nou kont ke fwi yo pap bannou nouriti ki nesèsè pou nou rete vivan espiyèlman. Si w fè yon koktèl avèk seriz oswa bwè yon vè ji seriz epi w mete yon branch rezen ladann li, kisa k ap pase?

Si nou fikse je nou sou rezilta travay nou, reyalizasyon ak triyonf, nou riske kwè ke nou se sous k ap bay fwi a. Alafen, nou di konsa, èske se pa branch lan ki bay fwi a ? Se poutèt sa, premye responsablite nou pou nou rete ranpli se rete soude avèk Jezikris.

2. GRANDI NAN ADORASYON EPI KONTINYE RETE AVÈK IMILITE

Lavi kretyen ki ranpli ak Sentespri a depann de Bondye totalman e sa a se baz adorasyon an. Vrè adoratè a imiliye li nan lespri epi rekonèt ke tout lavi li ak lavi tout sa ki nan antouraj li soti nan men Bondye. Li rekonèt ke se pye rezen an ki fè tout travay ki garanti egzistans li pou l ka kontinye bay fwi.

Nan yon tibouk nan lavil Lond, ki rele Hampton Court, genyen yon pye rezen (oswa trèy) ki popilè anpil paske nan kèk okazyon li konn menm rive bay yon milyon grap. Mistè pwodiksyon li sa te yon sekre pandan anpil tan jouskaske yon jou gen yon moun ki te rezoud dosye a. Touprè kote pye rezen an te plante a genyen yon rivyè ki koule bò la a ki rele Tamesis epi rasin trèy la file nan yon distans ki plis pase san mèt pou nouriti tèt li nan dlo a epi nan nouriti ki genyen labou rivyè a.

Rasin yo pote tout aliman yo nan pye bwa a, pye a fè tout travay la epi branch yo resevwa benefis la.

Si w koupe yon branch nan pyebwa sa, sa ap tounen yon bwa sèch k ap sèlman sèvi pou bwa boule (Jan 15:6). Se Sentespri a ki kenbe nou ini ak sous lavi a, ki se Kris la epi separe avèk li nou pa kapab fè anyen. Se plis pase sa, tout sa nou fè, lè n ap anseye, lè n ap temwaye, lè n ap sèvi, tout bagay depann de Li, de koulman Lespri li, ki sèw ki nouriti lavi nou.

Kretyen ki ranpli ak Sentespri a dwe pèsevere nan rekonesans de ke li pa anyen, pou ke Seyè a kapab tout bagay nan lavi li.

3. KONSÈVE LAVI W KONSANTRE NAN KRIS LA EPI AVÈK YON KONPÒTMAN KI POZITIF

Jan 15:11 di konsa si nou viv nan tèt ansanm n ap gen lajwa Jezi ki abite nan lavi nou. Lajwa se youn nan fwi ke Sentespri a pote nan lavi nou, men si nou pa pwoteje ak pranswen li li kapab ale kite lavi nou.

Youn nan pi gwo pwoblèm ki afekte kretyen yo se paske yo pèdi lajwa. Sa a kapab rive pase pou plizyè rezon, pa egzanp: yon kretyen ki pale mal avèk ou, krentif oswa ensekirite pou tan k ap vini an, pwoblèm ekonomik yo oswa mank de travay, yon move temwayaj ou wè sou lòt kretyen, estrès oswa depresyon akòz de eksè nan travay la, engratitud lòt moun fas ak sèvis ou fè pou Seyè a, rive viktim pou kèk sityasyon oswa move tretman ke manm legliz yo ba ou, ak lòt bagay ankò.

Tout pwoblèm sa yo kapab retire lajwa nou, sitou si nou gen lide ke lavi kretyen an se yon lavi ki fasil. Kretyen ki mete esperans li nan sikonstans ak nan moun, li gen pou l pran yon desepsyon nan yon titan ki pa twò lwen, paske moun pa san defo epi lavi se pa yon rekreyasyon vakans. Sèl fason pou nou pèsevere nou nan lajwa Seyè a se konsève lespri no unan Jezikris. Pa gen plis pase yon lavi ki ranpli ak Sentespri a ke yon kretyen fistre. Yon moun ki fistre viv ak lavi li plen rankin, li regrèt pou pwòp tèt li, renmen plenyen, li gen move ten, li toujou ap chèche defo nan lòt moun epi ak sa lòt moun fè. Yon lòt kote, kretyen ki ranpli ak Sentespri a chase panse negatif yo epi li pa kite yo fè rasin nan kè li.

Pou nou konsève lespri sa pozitif nou dwe aprann di Bondye mèsi pou li ak pou pwochen nou yo nan tout epi pou tout bagay. Sa vle di ke mwen di Bondye mèsi menm pou difikilte yo, paske se pa mwayen yo menm mwen plis bezwen atache ak pyebwa a kote esperans mwen ap nourri.

Kretyen an grandi lè li aprann beni. Beni an vle di bay pawòl lapè yo, ankourajman, padon, akseptasyon. Sentespri a vle anseye nou pou nou dirije lespri nou nan direksyon benediksyon epi sèvi ak bouch nou kòm zouti benediksyon, pandan n ap refize tout abitud ak koutim peche nan pale nou.

4. PA SISPANN NOURI TÈT OU

[[[Li vèsè Jan 15:7.]]]

Sè la ki kouri nan tout kò pyebwa a epi ki pote nouriti pou lavi nou an se mèvèy sa ki asosye Sentespri a avèk Pawòl Bondye a. Tout sa yo bay yon pigwo rezilta nan kwasans, nan yon lavi kretyen ki pi fò, pi solid. Sepandan, pou sa kapab posib, kretyen an dwe disipline pou mete tan ak fòs disponib pou fè etid, konsève yon abitud ki ansante: asiste sèvis yo, ale nan klas bibliik, jwi amitye ak konvèsasyon avèk manm legliz yo, ede disipline lòt moun yo, etidye Pawòl la tousèl epi nan gwoup epi pèfeksyone li nan pratike don yo pou ministè a. Tou bagay sa yo pral ede yon moun grandi epi an sante.

Li nesesè pou nou bay yon avètisman la a, ou pa dwe konpare kwasans espiyityèl la avèk konesans entèlektyèl. Kwasans kretyen an pa sèlman baze sou aprann kèk enfòmasyon sou Bib la. Gen kèk moun ki kapab rive konnen anpil bagay sou Bondye, men anreyalite yo pa konnen Li, ni sèvi Li ak lavi yo. Konesans entèlektyèl la genyen ladan li ògèy pou moun nan panse li twò enpòtan ki se yon danje, men sa pa chanje fason moun nan viv (Matye 7:16; Efezyen 5:8; Jak 2:18).

Nou pa vle di ke konesans se yon bagay ki mal, okontrè, nou montre ke li bon lè nou konprann ke se premye etap nan pwogrè pou rive atenn matirite a. Pou grandi nan lavi espiyityèl li enpòtan

non sèlman pou nou pase nan plizyè kalite eksperyans tankou, adore, fè zanmi, etidye epi mete an pratik sa nou aprann nan lavi nou. Kwasans esprityèl la fòme lavi karaktè nou, vizyon nou epi bannou kapasite pou ministè a.

Nan Filipyen 3:13 apot Pòl di konsa: “...*mwen pa pretann ke mwen fin rive...*”. Chemen nan direksyon matirite kretyen an se pou yon vwayaj pou tout lavi. Anmezi n ap avanse nou kapab rekonèt kisa n ap bezwen epi konsa antre annaksyon pou rezoud li. Pou nou grandi nan sentete lavi, li enpòtan pou nou konnen ke nou bezwen sipò Bondye pou nou rive reyalize objektif sa. Atitud imilite sa fè nou wè kijan li nesèsè pou nou kite Bib la, lidè nou yo avèk antrenè kretyen nou yo bannou fòmasyon.

Pwosesis kwasans sa a pote tout rès lavi sa pou yon moun. Se poutèt sa nou tout kontinye viv kòm disip nan legliz la, men lidè yo ki nan yon pozisyon ki gen gwo responsablite. N ap sonje ke kwasans esprityèl kretyen an se yon bagay ki entansyonèl epi li pa otomatik (Ebre 5 :12, Filipyen 2 :12, Women 6 :13).

Pou nou viv ranpli ak Sentespri a li nesèsè pou nou kontinye nourri tèt nou epi byen manje nan pi bon fason ki posib pou nou grandi solid epi ansante nan lavi tounèf nou sa.

||| Distribye rezen yo. Ou kapab di yon bagay tankou sa: Rezen ki dous yo se sa yo ki mi pandan ke yo nan pye rezen an. Nan menm fason an, lavi kretyen ki nourri tèt li konekte ak Jezi Kris la transmèt dousè bay moun ki rete bò kote l' yo. Mande klas la: Ki jan nou ta renmen yo sonje nou? Tankou yon rezen si oswa yon rezen dous? |||

5. OBEYI SEYÈ A TOUTAN EPI TOUT KOTE



.....o Reyalize aktivite NO.1 nan fèy aktivite yo avèk gwoup la

Si w te remake kòm verite ke: “Sentete nan kè a posib sèlman atravè yon lavi ki disipline, ou nan bon chemen an”. Se sa apot Pyè te vle anseye nan vèsè 13 la lè li di konsa: “...Mete tèt nou anplas”. Imaj sa fè nou sonje abitud moun nan zòn oryan yo nan mare senti rad yo avèk sentiwon nan fè preparasyon pou antre annaksyon. Sa apot Pyè ap di la a se ke se responsablite nou pou nou pran desizyon pou nou mete an pratik ansèyman Pawòl Bondye yo nan lavi nou.

Jan nou wè a, lavi nan obeyisans lan se yon lavi ki nòmal pou disip Kris la, tankou vèsè 15 : Okontrè, nan tout sa n ap fè, se pou nou bon nèt, tankou Bondye ki rele nou an bon nèt tou”.

Genyen yon jounalis ki te mande Mè Teresa de Calcuta konsa :---Kisa w di osijè de moun sa yo ki di w se yon sen ? Li te reponn : Mwen pa wè poukisa yo wè m kòm yon gwo koze non, se nou tout ki dwe sen an. Se pou sa Bondye te kreye nou, se yon bagay ki plis natirèl ki kapab pase nan lavi yon lòm!

Viv nan sentete se pa yon opsyon, se yon apèl ak yon vokasyon pou tout kretyen.

Pyè te fini pou l di ke nan “tout fason n ap viv”. Ki kote ak kilè nou dwe viv nan obeyisans pafèt ak volonte Bondye pou lavi nou ? Repons bibliik la klè: “tout sanpousan nan lavi”. Sa gen pou wè ak lavi bibliik ak lavi prive. Li anvlope motif tankou, dezi, santiman, konpòtman, sa nou di, sa nou panse ak fè.

Gen yon dimansyon nan lavi ke lòt moun kapab wè, men gen yon lòt ki tèlman entim se Bondye sèlman avèk nou ki konnen li. Obeyisans ki plis difisil pou kretyen an se sa ki gen pou wè

ak lavi prive a. Se la a nou poukont nou avèk panse nou yo, dezi nou avèk motivasyon nou yo. Men lè nou konsève sentete ak obeyisans nou nan lavi prive nou, rezilta parèt aklè lè nou nan mitan lòt moun.

Gen kèk kretyen ki eseye mennen yon lavi ki de fas epi sa kapab rive ke li reyalize fè sa pou yon tan, men takoulta mank de vi espiryèl la gen pou parèt aklè. Li pap posib pou nou ranpli ak Sentespri a pou nou sèvi nan legliz la epi nan menm tan tou viv ak tout move zak nou yo pou fè tèt nou plezi nan lavi prive a. Sa lakoz anpil pwoblèm, se pa sèlman pou moun k ap viv nan peche a, men tou li degrade temwayaj legliz la tou epi li kapab fè pitit kwayan ki mache nan legliz sa yo ale lwen Bondye.

Gwo defi ki pou nou an se viv nan sentete ak obeyisans sanpousan, devan Bondye, devan noumenm menm ak pwochen nou yo.

6. KENBE TÈT AK TANTASYON YO

Pa genyen yon piki kont tantasyon ni pa genyen yon kretyen ki ka chape poul li anba li. Satan toujou fikse batay li kont kretyen ki ranpli ak Sentespri a. Pi gwo estrateji li itilize se fè li doute de Pawòl Bondye a avèk pwogres espiryèl li. Ann gade kèk egzanp.



Reyalize aktivite N0.2 nan fèy aktivite yo

Tantasyon yo toujou bay gwo rezilta toutan, menm nan lavi moun ki t ap sèvi Bondye ak lavi yo. Tantasyon ki pi danje yo se sa yo ki atake nou nan moman nou pi fèb yo (menm Jezi Satan te tante lè li te fatige ak grangou).

Nenpòt kretyen kapab tonbe nan tantasyon nan yon okazyon, menm sa ki ranpli ak Sentespri a. Jeneralman se pap gwo peche: yon move lide, yon move desizyon, yon move pawòl paske li pèdi pasyans, yon pawòl ki gen ògèy, ak plizyè lòt ankò. Ti peche piti sa yo kapab ti parazit ki plis danjere pa mwayen yomenm lavi nou kapab rive glise epi tonbe nan labim peche ki pi fon.

Pou evite sa, li enpòtan ke lè Sentespri a avèti nou danje tantasyon an nou kouri chèche sekou Bondye pou kapab kenbe tèt ak li nan lapriyè. Si w tonbe, sa ki pi bon an se kouri mande Bondye padon menm kote a ak moun nou fè mal la tou. Menm jan jadinnye a netwaye pye rezen an, kretyen ki ranpli ak Sentespri a bezwen pou lavi li rete pwòp toutan.

Nou tout nou pase etap ki difisil nan lavi nou, kote nou plis vilnerab fas ak tantasyon.

Toutan sa posib, nou dwe evite antre nan zòn danjere sa yo, menm si sa pap toujou posib. Pa egzanp, noumenm kretyen yo kèk fwa nou travay annekse. Nou genyen responsablite laboral, nan kay la, avèk fanmi an, nan legliz la ak anpil lòt angajman ankò ki vin ajoute nan jou w yo, sa fè menm yon ti tan nou ka pa jwenn pou nou repoze. Nan reflechi, n ap wè pa egzanp fatig fizik ak mantal la ouvri wout pou tantasyon yo.



Mande elèv yo pou yo konplete aktivite N0.3. Lè yo fin fè sòm kondisyon vilnerabilite yo fas ak tantasyon an, mande yo pou yo li entèpretasyon pwen yo.

7. FIKSE OBJEKTIF KI KLÈ

Kouman yon moun kapab rive vin sen nan tout fason l ap viv ?

||| Mande pou yon elèv li Filipyen 3 :13-14 byen fò. |||

Nan lavi nou kòm kretyen si nou pa avanse, nou fè bak. Metòd la se pa sispann grandi. Pòl di konsa : “M ap kouri pou m rive nan bout kous la”.

Kimoun ki te di ke lavi kretyen an dekourajan ? Okontrè, lavi kretyen an se yon bagay ki toujou bannou defi ki tounèf, nouvo montay espirityèl pou nou monte, nouvo lanmè konesans pou nou naje. Pou entèlektyèl la, Jezikris se yon gwo sous konesans ki pap janm seche ; pou moun pratik la, Li se Bondye ki siprann nou chak jou ak ti mirak ; pou atis la, Bondye se gwo otè ki konn fè anpil mèchè ; pou womantik la, Bondye se sous lanmou... Lavi kretyen an se yon lavi kote ki toujou genyen bagay ki pi bon ak mèchè ke Bondye genyen pou nou.

Pasaj sa a aneye kijan li enpòtan pou yon moun genyen objektif nan lavi. Pou rive reyalize fòk ou gen detèminasyon. Kretyen ki rive atenn objektif la se sa ki pa fè fayit devan difikilte yo. Nou dwe konnen byen klè ke lavi ki pap janm fini an avèk pèfeksyon kretyen an vini palafwa, men kwasans la depann de noumenm ki pou pouswiv objektif matirite kote Sentespri a dirije nou an.

Objektif yo nan lavi espirityèl ede nou evite danje sa yo: rabi, lavi kretyen pachiman ak konfòmisme.

Objektif yo ede nou apwoche nou plis bò kote Bondye, konnen Kris la pi plis, depann pi plis de Li, epi vin sanble avèk Li pi plis chak jou.



Reyalize aktivite N0.4, 5 ak 6 nan fèy aktivite yo.



Definisyon tèm enpòtan yo

- **Tantasyon** : Anvi ki ankouraje moun fè sa ki mal. Li kapab soti nan pwòp move dezi entèn nou yo oswa nan sikonstans yo ki prezante nan lavi epi ki reveye dezi sa yo nan nou.
- **Objektif** : Rezilta, plan oswa rèv yon moun trase.
- **Enb** : Konpòtman moun ki pa ògeye pou sa li reyalize yo, li rekonèt echèk li yo avèk feblès epi li aji san ògèy.



Rezime prensipal ansèyman pasaj ki etidye yo:

Pèseverans kretyen an nan lavi ki ranpli ak Sentespri a depann de pwòp angajman ak obeyisans pandan l ap rete atache ak Jezi epi lwen peche. Pa genyen okenn piki kont tantasyon, kretyen ki sanntifye yo tou fè eksperyans avèk tantasyon men yo konte sou sipò Sentespri a pou yo rekonèt li. Si kwayan an fè peche li endispansab pou l kouri repanti epi pa rete nan peche a. Fòmasyon lavi Kris la nan kretyen an mande pou li genyen objektif ki klè pou kwasans espirityèl li epi disipline li pou atenn yo. Toujou genyen nouvo objektif pi devan pou moun ki ranpli ak Sentespri a franchi.



Fèy aktivite yo

AKTIVITE 1

Li 1 Pyè 1:13-16 epi reponn kesyon sa yo:

1. Ki kalite pitit Bondye vle pou nou ye ?

2. Ki kalite anvè moun ki pa fèt yon lòt fwa yo genyen ?

3. Kisa ki mennen moun nan viv nan peche pou l satisfè ak bezwen lachè a ?

4. Kimoun ki rele nou pou nou vin sen epi poukisa ?

5. Kijan l ap fè posib pou nou pèsevere nan lavi ki sen an ak kè ki san tach ? Chwazi opsyon ou wè ki bon an:

___ Sentete nan kè a toujou la menm si nou fè peche.

___ Sentete nan kè a posib sèlman atravè yon lavi ki disipline.

___ Sentete nan kè a se responsablite Bondye men se pa zafè pa nou.

___ Sentete nan kè a sèlman posib pou moun ki nan lavi ki pap janm fini an.

AKTIVITE 2

Eske lavi sentete w la ap resevwa atak tantasyon yo? Make nan lis sa lide ki vini nan tèt ou nan dènye semèn yo:

___ Kwè ke lavi sentete nan kè w la depann totalman de efò pèsònèl ou.

___ Panse ke w pibon pase lòt moun akòz de lavi sentete kè w.

___ Santi pou jan w ap mennen yon lavi ki sen, ou merite jwenn privilèj.

___ Reklame rekonesans ak konpliman pou lavi sen w ap mennen an.

___ Chèche pwòp satisfaksyon w avèk lavi sen w lan san bay Bondye glwa li.

___ Bliye si lòt moun bezwen èd pou yo rive atenn sentete kè a.

___ Frennen devlopman eksperyans sentete kè w la.

AKTIVITE 3

Oto-egzamen pou mezire kondisyon vilnerablite mwen fas ak tantasyon.¹

Nan chak moman nan lavi, nou fè fas ak plizyè kalite nivo sansiblite pou tantasyon. Oto-egzamen sa a pral ede w mezire kijan sansiblite w ye pou kounye a. Chak dis kategori sa yo genyen yon pwent ki plis negatif epi 1 ap pase pa yon etap soti nan 1 a 10 pou rive nan sa ki plis pozitif la.

Make avèk yon wonn nimewo ki idantifye nan chak kategori fason w santi w pou kounye a:

1.	Fizikman dezole/Fatige	1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Gen enèji/Fò
2.	Emosyonèlman dekouraje/Deprime	1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Ankouraje/ Motive
3.	Mantalman nwi/Atriste	1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Jwisans/Kontan
4.	Espiryèlman bouke/Vid	1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Reyalize/Plen
5.	Jewografikman lwen/tousèl	1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Pwòch/ Atache
6.	Elwaye de lòt yo/Frèt	1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Pwòch/Cho
7.	Pesimis/Tris	1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Optimis/Kontan
8.	Enkyetid pèsònèl/Mank de sekirite	1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Sèten/Konfyan
9.	Fistre ansekrè/Move dezi	1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Padone/Toleran
10.	Rankin pwofon/Ofanse	1-2-3-4-5-6-7-8-9-10	Apresye/Renmen
	Rezilta mwen pou jodi a se:		

Entèpretasyon pou pwent yo

Zòn ki bon an

- 90-100 Ou pa nan mond sa, ou deja nan syèl avèk Bondye!
- 80-89 Ou gen anpil fòs, men petèt ou dwe fè atansyon ak ògèy e awogans.
- 70-79 Ou fò, rete depann de Seyè a.
- 60-69 Ou sou chemen ki dwat la, rete nan obeyisans devan Seyè a.

¹ Adapted from Bruce Wilkinson. *Personal Health in Moments of Temptation*. Miami: Unilit, 1998, pp. 157-158.

Zòn danje a

- 50-59 Ou fèb epi emosyonèlman ou frajil. Mande lòt yo ede w lapriyè pou w jwenn fòs.
- 30-49 Ou andanje ! Veye kòw byen pase w fèb. Chèche yon zanmi w ki kretyen ki genyen menm sèks avèk ou pou li ede w.

Zòn kriz

- 20-29 Sitiyasyon an grav, li posib ke w te déjà komèt kèk peche ki byen grav. Chèche sekou nan men yon konseye kretyen epi tounen vin jwenn Bondye.
- 1-19 Èske w ap respire toujou? Èske w kapab bat kò w ? Ou bezwen fèt yon lòt fwa, paske lavi w pa lavi disip Kris.

AKTIVITE 4.

Aprè sa genyen yon lis egzànsp konpòtman kretyen an kapab swiv nan lavi li.

Gen kèk nan yo ki pozitif epi ki anfavè kwasans espirityèl ou, gen lòt ki negatif nan sans ke y ap fè w medyòk, y ap frennen kwasans ou. Evalye kijan lavi w ye pou kounye a nan chak aspè avèk tablo sa:

1=jamè, 2=kèk fwa, 3=mwatye nan tan an, 4=prèske toutan, ak 5=toujou.

Column A

- Mwen regrèt pou echèk nan lavi pase a.
- Mwen bliye erè mwen komèt yo.
- Mwen pa obsève anpil chanjman nan lavi mwen.
- M bouke ak koze kilt yo.
- Mwen pa gen zanmi ki se kretyen vre.
- Mwen bay ofrann paske fok mwen fè sa.
- Mwen pa dakò pou m ap renmen lòt moun tèlman.
- Mwen gen anpil tan poum gentan vin yon kretyen ki gen matirite.
- Mwen pa genyen tan pou m travay nan legliz la.
- Mwen kritike pastè m avèk lidè m yo.
- Si m renmen yon bagay mwen mete li.
- Moun yo dwe tolere karaktè mwen paske se konsa Bondye fè m.
- Mwen konnen twop bagay osijè de sa...
- Siksè mwen yo se gras ak kapasite yo
- Se mwen ki dirije lakay mwen

Column B

- Mwen gade demen ak esperans.
- Mwen aprann sou erè mwen yo
- Mwen eseye viv chak bagay mwen aprann.
- Mwen gen bon zanmi nan legliz la.
- Bay ofrann se yon privilèj.
- Mwen prewokipe m pou m grandi nan lanmou.
- Mwen vle vin yon kretyen ki gen matirite.
- mwen rejwi nan travay legliz la.
- Mwen di Bondye mèsi pou pastè ak lidè mwen yo.
- Mwen pran prekosyon nan fason m ap abiye.
- Mwen mande pado si mwen di oswa fè yon bagay ki mal.
- Mwen gen plis bagay pou m aprann osijè de sa...
- Se gras ak Seyè ki fè mwen fè siksè yo.
- Lakay mwen moun ki Seyè a se Jezi li rele.
- Lakay mwen, Jezi se Seyè a.

Remak: Si w gen anpil konpòtman nan kolòn A, sa yo pa anfavè kwasans ou. Si w genyen plis nan kolòn B, kontinye pou pi devan, ou montre sign kwasans ak matirite nan lavi w.

AKTIVITE 5

Kesyon sa yo pral ede w evalye kwasans espirityèl ou rive jous la a. Reponn pa Wi oswa Non.

- ___ èske w kapab di w konnen Bondye piplis pase de mwa avan?
- ___ èske prensip bibliik ke mwen te aprann yo chanje kèk bagay nan lavi mwen nan dènye semèn sa yo ?
- ___ èske mwen mete tan apa chak jou pou m li Pawòl Bondye epi medite ladan li.
- ___ èske tan mwen mete apa pou mwen priye, ni pèsònèl tankou nan kongregasyon an, se ranfòsman ak edifikasyon pou lavi mwen, pou pa fanmi ak legliz mwen ?
- ___ èske fanmi m fè remak chanjman ke Kris fè nan karaktè mwen ?
- ___ èske zanmi ak vwazinay mwen yo remake mwen se kretyen pou jan m ap viv?
- ___ èske mwen bezwen konnen ak grandi plis nan eksperyans lavi kretyen an?
- ___ èske mwen konsidere ke m konnen twòp bagay pou m ta ede lòt moun ?
- ___ èske mwen chèche direksyon Bondye pou m pran desizyon pou mwen ak fanmi mwen?
- ___ Si w marye, èske amelyore zanmitay avèk patnè w la?
- ___ èske w toujou al legliz?
- ___ èske w sèvi ak kado w yo pou w travay volontèman nan ministè nan legliz la ?
- ___ èske w toujou bay ladim pou tout sa w resevwa yo? Ofrann san gade dèyè?

AKTIVITE 6.

Ekri kèk plan pou kwasans espirityèl ou pou sis pwochen mwa yo. W ap kapab wè pati fèb ou yo nan rezilta aktivite 4 ak 5. Avan sa ou dwe priye pou w mande Sentespri a pou l moutre w nan ki pati w bezwen pi gwo devlopman.

1. Nan sa ki gen pou wè ak relasyon m avèk Bondye

2. Nan sa ki gen pou wè ak relasyon mwen avèk fanmi mwen

3. Nan sa ki gen pou wè ak relasyon mwen avèk frè m yo

4. Nan sa ki gen pou wè ak relasyon mwen avèk mond lan

LEKTI KI REKÒMANDE YO

- Galat 5:1-15
- Efezyen 5:1-33
- Efezyen 6 :10-20
- Filipyen 3
- 1 Timote 6 :11-19
- 1 Pyè 1 :13-2 :3

Liv seri Ranpli ak Lespri yo prezante doktrin ak pratik nan lavi sentete a nan yon langaj ki senp, pratik epi nan menm tan tou li konekte ak jenerasyon k ap viv nan epòk n ap viv la. Lavi nan sentete a gen pou wè ak:

- a) Chanjman natirèl ak pwogresif ki fèt nan lavi kretyen an, kòm rezilta aksyon Sentespri a nan lavi li; chanjman ki parèt klè se pa sèlman pou li, men pou lòt moun k ap viv nan antouraj li tou.
- b) Lavi ki ranpli ak lanmou Bondye kòm kondisyon endispansab pou sèvi Seyè a avèk pwochen nou yo.
- c) Transfòmasyon pwogresif ak total lavi kretyen an konfòm ak modèl Jezikris la.

Seri a prezante sou twa volim ki konplete etid debaz yo pou Nivo C nan plan antrènman disip ABCDE nan legliz Nazareyen nan Rejyon Mezoamerik la. Chak liv genyen 13 leson antrènman disip ki santre nan nesosite konsolidasyon ak kwasans moun sa yo ki fenk vin fè pati kò manm legliz lokal la.

Lè n ap obsève twa volim debaz nivo sa a, nou ankouraje w kontinye avanse vè Nivo D nan antrènman disip la pou “Devlopman Ministeryèl ou” avèk liv pwogram Lekòl Lidèchip la.

W ap jwenn yon gid ladan li k ap ede w dekouvri don ke w posede, pasyon ak vokasyon w, epi tou w ap jwenn kapasitasyon ak antrènman pou w kapab patisipe kòrèkteman nan ministè legliz la.

www.MEDFDIressources.mesoamericaregion.org/

